



# PWOGRAM REPARASYON AK RANPLASMAN LOJMAN REKONSTWI FLORID LA

## DIREKTIV POU LOJMAN ALWE YO

Dokiman sa a ofri direktiv yo dwe swiv pou lojman nan kad reyalizasyon pòsyon lojman alwe nan Pwogram Reparasyon ak Ranplasman Lojman an ki sou direksyon Depatman Opòtinite Ekonomik Eta Florid la (DEO). Y ap finanse pwogram sa a gras a atribisyon Sibvansyon Global pou Devlopman Kominotè-Rekiperasyon Aprè Katastwòf (CDBG-DR) Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini an (HUD), jan yo dekri nan Lwa Piblik 115-56 ak 115-123 yo.

## ISTWA VÈSYON AN

07/11/2018	Yo te pibliye Vèsyon Inisyale
8/20/19	Yo te pibliye Vèsyon 2.0 a <ul style="list-style-type: none"><li>Gade nan pyès jwent lan pou kontwòl chanjman</li></ul>
27/9/19	Yo t Ajoute Anèks D – Metodoloji Pwogram Pilòt

## POLITIK VÈSYON AN

Yo kontwòle istwa vèsyon yo nan tablo ki anwo a, avèk nòt konsènan chanjman ki gen nan vèsyon yo. Yo kontwòle dat chak piblikasyon tou nan tablo sa a.

Chanjman politik ki fèt anndan dokiman sa a pral lakoz yo pibliye yon nouvo nimewo vèsyon prensipal avèk dat yo pibliye l la note byen klè. Pa egzanp, si yo fè yon chanjman nan kritè elijiblite pou pwogram lan yo, sa a pral mande piblikasyon Vèsyon 1.0 a vin Vèsyon 2.0, ki se yon ogmantasyon nan nimewo vèsyon prensipal la. Chanjman politik ki fèt alavni yo pral lakoz yo fè revizyon adisyonèl epi pibliye yon nouvo nimewo vèsyon prensipal.



# Tab Dèmatyè

<b>ISTWA VÈSYON AN</b> .....	<b>i</b>
<b>POLITIK VÈSYON AN</b> .....	<b>i</b>
<b>1.0 Apèsi sou Pwogram lan</b> .....	<b>1</b>
<b>1.1 Objektif Pwogram lan</b> .....	<b>1</b>
1.1.1 Entwodiksyon .....	1
1.1.2 Objektif.....	2
1.1.3 Objektif Nasyonal la ak Aktivite Elijib ki Admisib yo .....	3
1.1.4 Definisyon yo .....	3
1.1.5 Administrasyon ak Reyalizasyon Pwogram Lojman DEO a.....	8
1.1.6 Pwogram Pilòt .....	10
<b>1.2 Limit Revni HUD Preskri yo</b> .....	<b>11</b>
<b>1.3 Egzijans Pwogram lan yo</b> .....	<b>12</b>
<b>1.4 Enskripsyon</b> .....	<b>12</b>
<b>1.5 Aplikasyon yo</b> .....	<b>13</b>
<b>1.6 Kalandriye Pwogram lan</b> .....	<b>13</b>
<b>1.7 Edikasyon sou Pwogram lan</b> .....	<b>14</b>
<b>1.8 Estrikti Elijib yo</b> .....	<b>14</b>
<b>1.9 Kalite Asistans y ap Ofri</b> .....	<b>15</b>
<b>1.10 Asistans pou Demenajman Lokatè a</b> .....	<b>17</b>
<b>1.11 Nòm Konstriksyon yo</b> .....	<b>19</b>
<b>1.12 Nòm Aksesibilite yo</b> .....	<b>19</b>
<b>1.13 Alokasyon ak Limit Asistans pou Lojman</b> .....	<b>19</b>
<b>1.14 Analiz sou Fezabilite Reparasyon an</b> .....	<b>20</b>
<b>1.15 Rezistans ak Rediksyon Dega</b> .....	<b>20</b>
<b>1.16 Rapidite Repons Aplikasyon an</b> .....	<b>21</b>
<b>1.17 Responsablite Aplikasyon yo</b> .....	<b>21</b>
<b>1.18 Plent/Apèl Rekou/Konfli Enterè</b> .....	<b>22</b>
1.18.1 Plent sou Lojman Ekitab yo .....	23
1.18.2 Konfli Enterè .....	23
<b>1.19 Politik kont Fwòd ak Politik Konfòmite yo</b> .....	<b>23</b>
<b>1.20 Fichye, Dosye ak Rapò yo</b> .....	<b>23</b>
<b>1.21 Evalyasyon Eta ak Federal yo</b> .....	<b>24</b>
<b>1.22 Egzijans Apwovizyonman yo</b> .....	<b>24</b>

---

---

<b>2.0 Egzijans Elijiblite pou Pwopriyete Inifamilyal Alwe yo .....</b>	<b>25</b>
2.1 Dega Ouragan Irma .....	25
2.2 Lokalite .....	26
2.3 Prèv Sitwayènte Amerikèn oswa Prèv Estati Rezidan Pèmanan (Kat Rizidans).....	26
2.4 Tit Pwopriyete .....	26
2.5 Itilizasyon Pwopriyete a .....	27
2.6 Taks sou Pwopriyete yo.....	27
2.7 Kalite Pwopriyete a.....	27
2.8 Aplikasyon ki Pa Elijib yo .....	27
2.9 Egzijans Sètifikasyon pou Resevwa Asistans yo .....	27
<b>3.0 Egzijans Elijiblite pou Pwopriyete Milifamilyal Alwe yo.....</b>	<b>28</b>
3.1 Dega Ouragan Irma .....	29
3.2 Lokalite .....	29
3.3 Tit Pwopriyete .....	29
3.4 Itilizasyon Pwopriyete a .....	30
3.5 Taks sou Pwopriyete yo.....	30
3.6 Kalite Pwopriyete a.....	30
3.7 Limit Revni pou Lokatè yo.....	30
3.8 Sekirite Finansyè Mèt Pwopriyete a .....	30
3.9 Pwojè a nan yon Pri Rezonab.....	30
3.10 Egzijans Lwaye yo.....	31
3.11 Aplikasyon ki Pa Elijib yo .....	31
3.12 Konfòmite ak Lwa Davis-Bacon lan.....	31
3.13 Enfrastrikti Bann Laj .....	32
3.14 Egzijans Sètifikasyon pou Resevwa Asistans yo .....	32
3.15 Egzijans Konfòmite Alontèm yo .....	32
<b>4.0 Avantaj Doub yo.....</b>	<b>33</b>
4.1 Apèsi .....	33
4.2 Sibvansyon FEMA pou Rekiperasyon Aprè Katastwòf yo .....	33
4.3 Asirans nan Pwogram Asirans Inondasyon Nasyonal (NFIP) FEMA .....	33
4.4 Ogmantasyon Depans pou Konfòmite (ICC) .....	34
4.5 Asirans Prive.....	34
4.6 Administrasyon Ti Biznis lan (SBA) .....	34
4.7 Depans Admisib pou Reparasyon yo.....	35
4.8 Fwòd Kontrakyèl .....	35
4.9 Ranbousman Prè Ipotekè Fòse .....	35

---

---

4.10 Frè Legal yo.....	35
4.11 Deklarasyon Taks yo.....	36
4.12 Kalkil Montan Dekalaj DOB a.....	36
4.13 Sibstitisyon .....	36
5.0 Enspeksyon ak Revizyon Anviwònmantal .....	37
5.1 Apèsi .....	37
5.2 Enspeksyon Inisyal ak Verifikasyon Dega.....	37
5.3 Atik Elijib ak Atik ki Pa Elijib yo .....	37
5.4 Revizyon Anviwònmantal .....	38
6.0 Detèminasyon Prim lan .....	38
7.0 Avan Konstriksyon .....	39
7.1 Finansman Diferans DOB .....	39
7.2 Idantifikasyon Danje Penti a Baz Plon yo ak Amyant.....	40
7.3 Elaborasyon Pri pou Pwojè Reparasyon yo .....	40
7.4 Ranplasman Inite Lojman Mobil/Fabrike yo (MHU).....	40
7.5 Detèminasyon Rekonstriksyon yo ak Chwa Plan an .....	41
7.6 Verifikasyon Travay yo bay kontraktè a ak Akò Konstriksyon an.....	42
7.7 Dokiman yo pou Egzekisyon Kontra a .....	42
7.8 Avi pou Pouswiv .....	42
7.9 Egzijans yo pou Kontraktè a .....	43
8.0 Konstriksyon .....	43
8.1 Apèsi .....	43
8.2 Nòm Konstriksyon Kay Rezistan yo .....	44
8.3 Deranjman Penti ki a Baz Plon ak Rediksyon Dega.....	44
8.4 Enspeksyon Pwogrè Reparasyon ak Rekonstriksyon yo .....	46
8.5 Enfòmasyon sou Enspeksyon ak Garanti pou Finisman Sibstansyèl .....	46
8.6 Enspeksyon yo Refè yo .....	47
8.7 Odonans Chanjman yo .....	47
8.8 Metòd Peman/Fakti .....	47
8.9 Responsablite Aplikan an Pandan Konstriksyon an .....	47
9.0 Apre Konstriksyon .....	48
9.1 Konfòmite pou Abòdabilite.....	48
9.2 Revizyon pou Fèmti.....	48
9.3 Sibstitisyon .....	49
9.4 Rekiperasyon .....	50

---

---

<b>Appendix A: Plan Piblisite Favorab .....</b>	<b>A-1</b>
<b>Appendix B: Pwosesis Apèl Rekou/Plent.....</b>	<b>B-1</b>
<b>Appendix C: Lis Verifikasyon Evalyasyon Dega .....</b>	<b>C-1</b>
<b>Appendix D: Metodoloji Aplikasyon Pilòt la.....</b>	<b>D-2</b>
<b>Kalandriye Aplikasyon Pilòt la .....</b>	<b>D-3</b>
<b>Rezilta Aplikasyon Pilòt la .....</b>	<b>D-3</b>

# 1.0 Apèsi sou Pwogram lan

---

## 1.1 Objektif Pwogram lan

### 1.1.1 Entwodiksyon

Biwo Rekiperasyon Aprè Katastwòf (ODR) Depatman Opòtinite Ekonomik Florid la (DEO) se administratè yon pwogram Sibvansyon Global pou Devlopman Kominotè–Rekiperasyon Aprè Katastwòf (CDBG-DR) ke Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini an (HUD ap finanse dapre Lwa Piblik 115-56 ak 115-123 yo. DEO se ajans ki responsab pou administre fon pou rekiperasyon aprè katastwòf yo atribiye pou aktivite lojman, devlopman ekonomik, ak enfrastrikti yo. DEO ap administre Pwogram Reparasyon ak Ranplasman Lojman an (HRRP) dirèkteman.

Pwogram HRRP DEO a pral ofri asistans lojman pou sila yo Ouragan Irma te afekte an septanm 2017. Sa a pral gen ladan mèt pwopriete inifamilyal yo ap viv ladan yo, mèt pwopriete alwe yo ak Otorite Lojman Piblik yo (PHA). Entansyon pwogram lan se pou reponn a rès bezwen lojman ki poko satisfè yo. DEO te devlope Direktiv pou Lojman Alwe sa pou pwogram HRRP a baze sou enfòmasyon yo te kolekte pandan analiz ki te fèt sou bezwen ki poko satisfè yo ak deskripsyon pwojè ki te fèt apre yo ke yo te kreye nan *Plan Daksyon pou Retablisman Apre Katastwòf 2018 Eta Florid la (Plan Daksyon)*.

DEO te atribiye \$273 329 800 nan finansman CDBG-DR pou pwogram HRRP a okòmansman. Baze sou done yo te jwenn pandan pwosesis elaborasyon plan daksyon an, DEO te prevwa gen 6 000 pwopriete ke t ap amenaje, rekonstwi oswa ranplase. Apresa, HUD te apwouve modifikasyon sibstansyèl ki te fèt nan *Plan Daksyon an*, sa ki te ogmante alokasyon HRRP a vin \$346 186 147 kote yo te prevwa 7 150 kay yo pral amenaje, rekonstwi oswa ranplase.

DEO te tabli de objektif pou pwogram HRRP a. Premyèman, piske yo rekonèt ke alokasyon \$346 milyon y ap bay pou reparasyon lojman p ap satisfè tout bezwen yo, DEO pral priorize asistans lan pou popilasyon ki arisk ak vilnerab yo. Dezyèmman, pou ogmante rezistans ak pwoteje lavi moun, DEO ap egzije pou yo reyalize metòd konstriksyon ki mete aksan sou kalite, lonjevite, efikasite enèji, dirabilite ak rezistans kont mwazisi.

HRRP se yon pwogram reparasyon oswa ranplasman lojman santralize nan objektif pou ede fanmi ki gen Revni Fèb ak Modere (LMI) ke Ouragan Irma te afekte yo. Pwogram lan pral jere ak konplete pwosesis konstriksyon pou repare, ranplase oswa rekonstwi kay ki te sibi domaj yo pou aplikan ki elijib yo. Gras a asistans anplwaye yo ak vandè yo, eta a pral travay ak yon gwoup kontraktè kalifye y ap deziyen pou repare, ranplase oswa rekonstwi pwopriete alwe ki te sibi domaj yo. Aplikan yo p ap chwazi pwòp kontraktè yo epi yo p ap konkli kontra dirèkteman ak kontraktè konstriksyon an. Yo p ap bay mèt pwopriete a okenn peman dirèkteman. Y ap egzije aplikan yo konkli akò yo ak eta a k ap tabli kondisyon ak modalite pwogram lan.

**Pòsyon Alwe nan kad pwogram HRRP a, ke yo defini nan dokiman sa a, ap disponib pou mèt pwopriete inifamilyal yo ak Otorite Lojman Piblik yo (PHA). Sa vle di ke estrikti inifamilyal ak estrikti miltifamilyal yo ka elijib nan kad pòsyon Alwe pwogram lan.**

Si nenpòt inite lojman yo ede nan kad pwogram sa a gen lokatè k ap viv ladan aktyèlman la, lokatè yo pral gen chans pou yo demenaje retounen nan inite a (yo) ke yo te amenaje oswa rekonstwi avèk fon CDBG-DR yo. Demenajman lokatè sa yo pral lakoz yo aplike Lwa sou Demenajman Inifòm lan (URA) ak tout egzijans, restriksyon ak/oswa egzansyon ki asosye yo dekri nan Avi Rejis Federal (yo), gid federal ki preskri yo ak URA menm.

Egzijans federal yo ki tabli pou prestasyon pwogram HRRP a konplèks epi y ap mande pou yo itilize yon pwosesis ki gen plizyè etap (gade nan Imaj 1 ak 2 anba la) pou yo ka konfòm ak tout règleman ak egzijans yo ki lye ak sous finansman an.

Pwosesis la gen ladan egzijans dokimantasyon ak verifikasyon inisyal ki lakoz yo bay pwopriyete alwe ki elijib yo avantaj yo. Rezilta faz dokimantasyon inisyal la se siyen yon kontra ak akò prim lan.



Imaj 1: Etap yo pou Aplikasyon Inisyal la ak Dokimantasyon

Faz konstriksyon ak konfòmite a, jan yo montre nan Imaj 2 a, se lè yo bay mèt kay la asistans lan pou reparasyon, ranplasman oswa rekonstriksyon an pa mwayen aktivite konstriksyon dirèk pwogram lan fè yo epi rezilta se yo inite lojman nan pri abòdab ki prè pou mache a. Apre yo fin fè verifikasyon revni lokatè a ak finisman peryòd abòdabilite pou inite alwe inifamilyal yo, ki se yon minimòm ennan, y ap fèmen sibvansyon an epi y ap asime ke mèt pwopriyete a te rete konfòm pandan tout dire peryòd abòdabilite a.

Imaj 2: Konstriksyon ak Konfòmite



Pwojè amenajman oswa rekonstriksyon kay miltifamilyal alwaye ki gen senk inite oswa plis yo pral egzije pou yo rete abòdab pandan 15 zan ominimòm, jan imaj 3 montre a:



Imaj 3: Konstriksyon ak Konfòmite pou Kay Miltifamilyal

### 1.1.2 Objektif

Objektif pwogram pou kay alwe a se pou ede repare, ranplase oswa rekonstwi kay ki la deja yo ak ogmante kantite pak lokatif ki abòdab nan kominote Ouragan Irma te afekte yo. Sa a se yon pwogram konstriksyon ki pral ofri asistans nan kad konstriksyon pou mèt pwopriyete ki kalifye yo. Pwogram lan pral ofri sèvis jesyon konstriksyon ak asirans kalite pandan tout dire aktivite konstriksyon yo. Pwogram lan pral revize ak verifye fakti kontraktè yo epi vèsè peman bay kontraktè yo. Pwogram lan pral peye tout fon yo, onon mèt pwopriyete a, bay yon kontraktè konstriksyon y ap bay travay la nan entèval konstriksyon y ap detèmine alavans. Yo p ap bay mèt pwopriyete a okenn peman dirèkteman.



Objektif prensipal pwogram HRRP a genyen pou pwopriyete alwe yo se pou bay fon yo pou finanse reparasyon, ranplasman oswa rekonstriksyon inite lojman nan pri abòdab nan zòn Ouragan Irma te afekte yo. Yo tabli objektif ki annapre yo pou reyalizasyon ak administrasyon pwogram pou kay alwe yo:

1. Bay opsyon lojman alwe sekirite, rezistan nan zòn Florid Ouragan Irma te afekte yo.
2. Asire ke bezwen lojman pou fwaye ki gen revni fèb ak modere (LMI) yo satisfè.

Tout inite alwe HRRP ede yo dwe gen restriksyon pandan tout dire peryòd abòdabilite ki tabli a. Peryòd Abòdabilite pou inite lokatif ki se pwopriyete inifamilyal yo pral 1 an ominimòm. Pwojè amenajman oswa rekonstriksyon nan kay miltifamilyal alwaye ki gen senk inite oswa plis yo pral egzije pou yo rete abòdab pandan 15 zan ominimòm. Objektif peryòd abòdabilite yo se pou pèmèt pwopriyete alwe yo rete nan pri abòdab pou moun LMI yo. Lwaye yo, ominimòm, dwe konfòm ak Patenarya Envestisman nan Kay Alwe Chè yo (HOME). Lwaye yo pa dwe plis pase 30% revni masyèl pou yon fwaye k ap touche 80% oswa mwens pase Revni Medyan Zòn (AMI) lan.

### 1.1.3 Objektif Nasyonal la ak Aktivite Elijib ki Admisib yo

Objektif Nasyonal yo apwouve pou HRRP a se pou benefisye fwaye ki gen revni fèb ak modere (LMI) yo. Avi Rejis Federal ki reji I la, [Vol. 83, No. 28, 9 fevriye 2018](#) and [Vol. 83, No. 157, 14 out 2018](#) (FR-6066-N-01 ak 6109-N-01) egzije pou 70% nan fon pwogram lan satisfè Objektif Nasyonal LMI an epi pou yo depanse 80% nan tout fon yo nan kominote HUD deziyen kòm kominote ki plis Afekte ak plis an Detrès yo (MID), jan yo idantifye nan Avi Rejis Federal (yo). Aktivite ki elijib nan kad pòsyon pou kay alwe nan pwogram HRRP a gen ladan:

1. Reparasyon, rekonstriksyon oswa ranplasman inite lojman Ouragan Irma a te andomaje yo, pou gen ladan:
  - a) Mezi Rediksyon Dega endividyèl yo pou redui enpak tanpèt yo alavni; ak
  - b) Elvasyon.
2. Finisman travay nan kay yo te pasyèlman repare yo.
3. Asistans pou Demenajman Tanporè al yon Lòt Kote baze sou bezwen endividyèl chak lokatè ak patisipasyon yo nan Pwogram Reparasyon ak Ranplasman Lojman an. Y ap ofri Asistans pou Demenajman Tanporè al yon Lòt Kote konfòmeman ak Politik Asistans pou Demenajman Inifòm ak Politik sou Acha Pwopriyete Imobilye yo pou Pwogram Gouvènman Federal la Finanse yo, 42 U.S.C. 4601 et seq., règleman yo nan 49 CFR 24, 70 FR 589, gid HUD ak egzansyon asosye yo nan Avi Rejis Federal Aplikab yo pou rekiperasyon aprè Ouragan Irma.

### 1.1.4 Definisyon yo

**Plèn inondab nan ka inondasyon santanal (100 tan):** Zòn jewografik FEMA defini kòm yon zòn ki gen yon pousan chans pou yon evènman inondasyon inonde l pandan nenpòt ane.

**Peryòd Abòdabilite:** Pou garanti envestisman CDBG-DR ap fè nan pwopriyete alwe yo kreye lojman abòdab, HRRP ap enpoze egzijans presi pou lwaye ak pou kantite moun ki nan kay yo pandan tout dire peryòd konfòmite a, sa yo konn rele peryòd abòdabilite a. Pandan peryòd abòdabilite a, yo dwe rezève sou tout inite lwaye pwogram HRRP a ede finanse yo pou moun ki gen Revni Fèb ak Modere (LMI) yo. Lwaye yo, ominimòm, dwe konfòm ak Patenarya Envestisman nan Kay Alwe Chè yo (HOME). Lwaye yo pa dwe plis pase 30% revni masyèl pou yon fwaye k ap touche 80% oswa mwens pase Revni Medyan Zòn (AMI) lan. Peryòd abòdabilite pou inite lokatif ki se pwopriyete inifamilyal yo amenaje oswa rekonstwi ki gen kat inite oswa mwens yo pral 1 an ominimòm. Lojman miltifamilyal alwe ki gen senk inite oswa plis yo pral gen restriksyon an pou 15 zan.

**Revni Medyan Zòn lan (AMI):** Revni medyan (pwen mitan) fwaye pou yon zòn yo ajiste pou kantite moun ki gen nan fwaye a jan Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini an (HUD) pibliye ak mete ajou chak ane. Yon fwa yo detèmine revni fwaye a, y ap konpare l ak limit revni HUD preskri pou kantite moun ki gen nan fwaye sa a.

**Aplikasyon:** Nenpòt moun ki depoze yon aplikasyon pou Pwogram Reparasyon ak Ranplasman Lojman Rekonstwi Florid la.

**Baz Elvasyon Kont Inondasyon (BFE):** Jan Ajans Federal pou Jesyon Ijans lan (FEMA) detèmine Baz Elvasyon kont Inondasyon an, yo itilize relasyon ki genyen ant BFE a ak elvasyon yon estrikti pou detèmine prim asirans inondasyon yo. Rejis Federal la tabli egzijans elvasyon minimòm pou kay yo ke finansman CDBG-DR a pral ede yo ak kiyès pami yo ki mande pou yo fè elvasyon ladan yo. HUD te detèmine ke yo dwe fè elvasyon an, nan fason kote etaj ki pi ba, ki gen ladan sou-sòl la, omwen de (2) pye pi wo pase BFE a pou estrikti yo konsevwa prezizeman pou itilizasyon rezidansyèl epi ki sitiye nan plèn inondab nan ka inondasyon santanal (100 tan) ki resevwa asistans pou nouvo konstriksyon, fè reparasyon gwo dega oswa fè gwo amelyorasyon yo.

**CDBG-DR:** Sibvansyon Global pou Devlopman Kominotè-Rekiperasyon Aprè Katastwòf.

**Sipèfisi Kolektif Anba Twati:** Sipèfisi total ki anba twati kolektif la se espas klimatize, prensipalman anndan, ak pou kay ki gen yon sèl etaj yo, ki egal a anprent kay la. Tèm lan sinonim tou ak sipèfisi elijib. Anplis de sa, yo pa konsidere espas deyò yo, tankou galri ak pakin detache yo kòm sipèfisi elijib.

**Estimasyon Reparasyon yo Konplete yo (CRE):** Yo itilize CRE a pou verifye dega Ouragan Irma te lakoz nan pwopriyete a epi detèmine kantite reparasyon ki te fin fèt deja yo. Yo ka itilize estimasyon an pou verifye si yo itilize fon yo resevwa nan men asirans lan oswa lòt pwogram asistans pou rekiperasyon aprè katastwòf kòm sadwa pou reparasyon an epi yo ka itilize l pou redui Avantaj Doub yo (DOB), sizanka pa ta gen resi.

**Evalyasyon Dega a:** Yon evalyasyon dega se premye opòtinite pou Pwogram lan fè yon enspeksyon nan estrikti ki te sibi domaj pandan pasaj Ouragan Irma, se lè sa anplwaye pwogram lan yo dokimante nan fason ofisyèl tout dega ki te repare nan moman an ak dega ki rete pou yo repare yo nan yon lojisye estimasyon k ap pèmèt pri mache mansyèl ak taks lokal sou lavant k ap aplike pou meteryo ak mendèv ki elijib nan kad Pwogram lan nan yon fòm rapò koyeran. Evalyasyon Dega pral gen ladan yon reprezantasyon grafik estrikti a ki byen detaye ansanm ak foto deyò ak anndan.

**Demolisyon:** Netwayaj ak eliminasyon kay yo kraze yo ak amelyorasyon yo kòm sadwa.

**Andikap:** Nan kad pwogram lan, “andikap” annakò ak lwa federal la dapre Lwa sou Sekirite Sosyal la, jan yo modifiye l, 42 U.S.C. §423(d), Lwa an Favè Ameriken ki gen Andikap 1990 la, jan yo modifiye l, 42 U.S.C. §12102(1) -(3), epi li annakò ak règleman HUD preskri nan 24 CFR §§5.403 ak 891.505.

**Avantaj Doub yo:** Ap gen yon Avantaj Doub si Pwogram Reparasyon ak Ranplasman Lojman Rekonstwi Florid la bay yon pwopriyete kay asistans pou menm objektif (sa vle di reparasyon, ranplasman oswa rekonstriksyon) ak nenpòt lòt asistans finansyèl oswa nenpòt menm asistans an nati yo te bay pwopriyete kay sa avan pou reparasyon, ranplasman oswa rekonstriksyon kay li a. Lwa sou Sekou ak Asistans Ijans Aprè Katastwòf Robert T. Stafford (Lwa Stafford) la entèdi pwogram Rekonstwi Florid la bay Avantaj Doub sa yo, epi kidonk, yo dwe retire lòt sous finansman sa a yo nan nenpòt prim potansyèl yo ka akòde.

**Elvasyon:** Yo dwe fè elvasyon an, nan fason kote etaj ki pi ba, ki gen ladan sou-sòl la, omwen de (2) pye pi wo pase 1% elvasyon plèn inondab anyèl la pou tout estrikti, yo defini nan 44 CFR 59.1, ke yo konsevwa prezizeman pou itilizasyon rezidansyèl epi ki sitiye nan plèn inondab ki gen 1% chans inondasyon anyèl (santanal oswa 100 tan) ki resevwa asistans pou nouvo konstriksyon, fè reparasyon gwo dega oswa fè gwo amelyorasyon yo, jan yo defini nan 24 CFR 55.2(b) (10) a. Yo dwe elve oswa mete mezi pwoteksyon kont

inondasyon nan estrikti rezidansyèl yo ki pa gen inite abitasyon epi ki pa gen rezidan ki nan nivo de pye pi wo pase 1% plèn inondab anyèl la annakò ak estanda mezi pwoteksyon kont inondasyon FEMA ki nan 44 CFR 60.3(c)(3)(ii) a oswa estanda ki tabli apre l la, jiska omwen de pye pi wo pase 1% plèn inondab anyèl la. Y ap fè elvasyon yo pa mwayen konstriksyon pilye ak poto. Li p ap elijib pou ranpli (ak debri/materyo) pou ka atenn wotè elvasyon apwopriye a.

**Revizyon Anviwònmanal:** Tout pwojè kalifye yo dwe sibi yon pwosesis revizyon anviwònmanal. Pwosesis la ap asire ke aktivite yo konfòm ak Lwa Nasyonal sou Politik Anviwònmanal la (NEPA) ak lòt lwa eta ak federal ki aplikab yo.

**Fanmi:** Yon fwaye ki gen ladan de oswa plis moun ki gen lyen familyal. Tèm "fanmi" an gen ladan tou youn oswa plis moun ki elijib k ap viv ak yon lòt moun oswa plizyè moun ke yo detèmine ki enpòtan pou pran swen yo ak pou byennèt yo.

**Rejis Federal:** Se revi ofisyèl gouvènman Federal Etazini an ki gen ladan règ an vigè, règ yo pwopoze, ak avi piblik ajans gouvènman federal yo. Yo pibliye l chak jou, eksepte nan jou ferye federal yo. Yo pibliye yon Avi Rejis Federal (FRN) pou chak katastwòf CDBG-DR finanse. FRN lan dekri règ ki aplike pou chak atribisyon finansman pou katastwòf.

**Zòn FEMA Deziyen kòm Zòn ki Gen Risk Elve:** Zòn FEMA deziyen kòm zòn vilnerab fas a dega akòz gwo van ak/oswa mare tanpèt ak zòn ki sitiye nan zòn inondab nan ka inondasyon santenal (100 tan) yo. Yo pral idantifye pwopriyete ki sitiye nan zòn sa yo pandan pwosesis revizyon anviwònmanal la.

**Zòn ki gen Danje Inondasyon:** Zòn FEMA deziyen kòm zòn ki gen risk inondasyon elve.

**Asirans Inondasyon:** Lwa sou Pwoteksyon kont Katastwòf Inondasyon 1973 la (42 U.S.C. 4012a) egzijè pou tout pwojè k ap resevwa asistans federal epi ki sitiyte nan yon zòn FEMA idantifye kòm yon zòn ki anndan Zòn ki gen Danje Inondasyon Espesyal yo (SFHA) dwe gen asirans inondasyon anba Pwogram Asirans Inondasyon Nasyonal la (NFIP). Pou yo kapab achte asirans inondasyon, kominote a dwe patisipe nan NFIP. Si kominote a p ap patisipe nan NFIP, yo p ap ka itilize asistans federal nan zòn sa yo.

**Plèn Inondab:** FEMA deziyen plèn inondab yo kòm zòn jewografik ki sijè a divès nivo risk inondasyon. Chak zòn reflekte gravite oswa tip inondasyon potansyèl nan zòn lan.

- **Plèn inondab nan ka inondasyon santenal (100 tan):** Zòn jewografik FEMA defini kòm yon zòn ki gen yon pousan chans pou yon evènman inondasyon inonde l pandan nenpòt ane.

**Nòm Bilding Ekolojik yo:** Tout amenajman ki satisfè definisyon amelyorasyon sibstansyèl, rekonstriksyon oswa nouvo konstriksyon yo dwe satisfè nòm yo rekonèt nan endistri a yo ki te atenn sètifikasyon dapre omwen youn nan pwogram ki annapre yo: (1) ENERGY STAR (Kay oswa Bilding Miltifamilyal a Plizyè Etaj Sètifye), (2) EPA Indoor Air Plus (Energy Star se yon kondisyon preyalab), (3) LEED (Nouvo Konstriksyon, Kay yo, Bilding Wotè Mayèn yo, Operasyon ak Antretyen Bilding ki la Deja yo, oswa Devlopman Katye), oswa Estanda Bilding Ekolojik Nasyonal (4) ICC-700 an.

**Fwaye:** Yo defini yon fwaye kòm tout moun k ap viv nan menm kay, kèlkeswa lyen familyal yo oswa sa youn ye pou lòt. Moun k ap viv nan kay la yo ka yon sèl fanmi, de oswa plis fanmi k ap viv ansanm, oswa nenpòt lòt gwoup moun ki gen lyen familyal oswa ki pa gen lyen familyal k ap viv ansanm. Pou aktivite lojman yo, tès pou satisfè objektif Revni Fèb ak Modere a ap baze sou fwaye LMI yo.

**Nòm Kalite Lojman yo (HQS):** HQS tabli kèk nòm minimòm pou bilding yo. Sa gen ladan nouvo pwopriyete inifamilyal yo ak kay miltifamilyal you jan yo dekri nan [24 CFR 982.401](#). HRRP itilize nòm sa yo kòm direktiv pou yo idantifye ensifizans debaz onivo kalite lavi ke yo bezwen korije pandan pwosesis konstriksyon an lè gen lòt dega tanpèt yo idantifye ki te asosye ak siklòn Irma. HRRP p ap fè yon enspeksyon HQS sètifye.

**HUD:** Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini an.

**Ogmantasyon Depans pou Konfòmite (ICC):** Yo ka egzije estrikti ke yon inondasyon te andomaje pou yo satisfè kèk egzijans konstriksyon pou redui risk pou yo sibi dega inondasyon alavni avan yo ka repare oswa rekonstwi estrikti a. Pou ede peye pou depans sa yo, Pwogram Asirans Inondasyon Nasyonal la (NFIP) mete garanti Ogmantasyon Depans pou Konfòmite a pou tout nouvo Politik Asirans Inondasyon Estanda oswa sila yo renouvle yo. ICC ap yon Avantaj Doub si mèt estrikti a mande ranbousman oswa asistans anplis pou fè elvasyon, demolisyon, pwoteksyon kont inondasyon oswa demenajman—youn nan kat opsyon ki disponib nan kad ICC a—epi li te deja resevwa avantaj ICC a anba NFIP.

**Mezi pou Rediksyon Dega yo:** Aktivite yo konsevwa pou redui dega yo ak/oswa redui risk pi lwen pase jan kondisyon inite lojman te ye avan katastwòf la lè aktivite sa a ale byen pi lwen pase konstriksyon federal, eta oswa lokal la oswa egzijans kòd yo. Annakò ak enstriksyon HUD, reparasyon inite lojman an ak peman asirans inondasyon an pa Mezi pou Rediksyon Dega Endividyèl. Egzanp Mezi pou Rediksyon Dega Endividyèl yo gen ladan: elvasyon pi wo pase nivo baz elvasyon kont inondasyon an, oswa yo te ajoute volè kont tanpèt yo, fenèt ki gen pwoteksyon kont katastwòf, elatriye, depi li pa obligatwa pou amelyorasyon sa yo konfòm ak egzijans kòd yo epi yo pa te egziste nan inite lojman jiskavan dega katastwòf la. Toutfwa, mezi pou rediksyon dega yo pa elijib kòm yon aktivite pou kont yo. Yo dwe enkòpore yo nan kad yon pwojè ki nan yon lòt fason ap abòde reparasyon elijib ki nesèsè akòz dega Ouragan Irma.

**Objektif Nasyonal pou Fwaye ki gen Revni Fèb ak Modere yo (LMI):** Aktivite ki ofri avantaj pou fwaye ki gen yon revni anyèl nè total ki pa plis pase 80% Revni Medyan Zòn lan (AMI), lè yo ajiste l selon kantite moun ki gen nan fanmi an. Y ap detèmine ak verifye elijiblite revni an annakò ak Direktiv HUD preskri yo. Y ap itilize limit revni ki pi resan HUD pibliye chak ane yo, pou yo verifye elijiblite revni chak fwaye k ap aplike pou asistans nan moman y ap resevwa asistans lan.

1. **Trè Fèb:** Fwaye ki gen revni anyèl jiska 30% revni medyan zòn lan pou yon fanmi, jan HUD detèmine a, lè yo ajiste l selon kantite moun ki gen nan fanmi an.
2. **Fèb:** Fwaye ki gen revni anyèl ant 31% ak 50% revni medyan zòn lan pou yon fanmi, jan HUD detèmine a, lè yo ajiste l selon kantite moun ki gen nan fanmi an.
3. **Modere:** Fwaye ki gen revni anyèl ant 51% ak 80% revni medyan zòn lan pou yon fanmi, jan HUD detèmine a, lè yo ajiste l selon kantite moun ki gen nan fanmi an.

**Inite Lojman Mobil/Fabriki (MHU):** Yon estrikti, transpòtab ki rapati an yon seksyon oswa plizyè ki, nan mòd vwayaj se yon kò ki mezire 8 pye oswa plis nan lajè oswa 40 pye oswa plis nan longè, oswa lè yo monte l sou sit la, li mezire omwen 320 pye kare, epi yo konstwi l sou yon bòdi sipò pèmanan epi yo konsevwa pou yo itilize l avèk oswa san yon fondasyon pèmanan lè yo konekte l ak sèvis piblik obligatwa yo, ki gen ladan plonbri, chofaj, klimatizè, ak sistèm elektrik ki gen anndan l yo. Pafwa yo konn rele sa a tou kay mobil. Yo konstwi yon MHU baze sou karakteristik teknik ki preskri nan Lwa sou Nòm Konstriksyon ak Sekirite Kay Fabriki 1974 la, 42 U.S.C. 70 § 5401 et seq. MHU yo afiche yon etikèt sètifikasyon wouj ki sou bò deyò chak seksyon transpòtab. Yo konstwi kay fabrike yo nan yon anviwònman kontwòle nan yon izin fabrikasyon epi yo transpòte yo yon seksyon oswa plizyè alafwa sou yon bòdi sipò pèmanan.

**Lojman Modilè:** Yon kay yo konstwi an seksyon nan yon izin pou satisfè kòd konstriksyon federal, eta oswa lokal yo. Yon fwa yo fè asanblaj la, inite modilè a vin fikse nan fason pèmanan sou yon sit. Pwogram lan pral trete kay modilè yo kòm konstriksyon tradisyonèl, sou sit oswa bati.

**Zòn ki plis Afekte ak plis an Detrès yo (MID):** Zòn HUD oswa eta a defini kòm zòn ki plis afekte ak plis an detrès pa mwayen pi bon sous done ki disponib yo pou kalkile kantite dega katastwòf la te lakoz. Zòn HUD idantifye kòm zòn ki plis afekte ak plis an detrès yo (MID) gen ladan konte Brevard, Broward, Clay, Collier, Duval, Hillsborough, Lee, Miami-Dade, Monroe, Orange, Osceola, Palm Beach, Polk, St. Lucie, Volusia; kòd postal 32084, 32091, 32136, 32145, 32771, 33440, 33523, 33825, 33870, 33935, 34266. Zòn MID eta a idantifye yo gen ladan tou konte sa yo ki te resevwa Asistans Endividyèl (IA) ansanm ak Asistans Piblik (PA) atravè Ajans Federal pou Jesyon Ijans lan (FEMA).

Miltifamilyal: Estrikti rezidansyèl ki gen senk inite oswa plis oswa estrikti rezidansyèl pou plizyè fanmi ki sitiye nan anplasman youn akote lòt.

**NFIP:** Pwogram Asirans Inondasyon Nasyon.

**Pa Apwopriye pou Reyabilitasyon:** DEO defini lojman ki “pa apwopriye pou reyabilitasyon” kòm youn nan de definisyon ki annapre yo:

1. Pwopriete rezidansyèl ki te sibi plizyè pèt repetitif yo dapre Pwogram Asirans Inondasyon Nasyon (NFIP) FEMA a.
2. Yo p ap jije kay yo konsidere ki nan move kondisyon epi ki pa satisfè nòm reparasyon lojman pwogram retablisman an yo ak/oswa egzijans kòd federal, eta, oswa lokal yo kòm kay ki apwopriye pou reyabilitasyon, jan pwogram lan te detèmine epi konfòmman ak direktiv pwogram lan yo. Yon estrikti pa apwopriye pou reyabilitasyon si pri reparasyon an ki pa rezonab dapre nòm pwogram lan.

**Asirans pou Aksidan Pwopriete:** Asirans ki kouvri reparasyon estriktirèl k ap fèt nan yon kay akòz dega van, dife, grèl, lapli ewolyèn, tònad, ouragan, oswa lòt katastwòf natirèl, ki pa inondasyon.

**Rekonstriksyon:** Demolisyon, anlèvman ak eliminasyon yon inite lojman ki la deja ak ranplasman inite sa a sou menm anplasman an, epi nan menm anprent lan, avèk yon nouvo inite ki konfòm ak Kòd Rezidansyèl Entènasyonal yo (IRC), jan Kòd Florid la egzije a. Kantite inite ki sou anplasman gendwa pa ogmante epi sipèfisi an pye kare total orijinal la, estrikti rezidans prensipal yo pral rekonstwi a gendwa pa twò depase; tout fwa a, kantite chanm ki gen nan inite a ka ogmante oswa redui.

**Estimasyon Pòte Travay Rekonstriksyon an (RSWE):** Evalyatè Dega a pral elabore yon RSWE nan Xactimate®, lè yo te demoli, kondane oswa detèmine li pa sekirite pou antre nan yon pwopriete nan moman Evalyasyon Dega a. Si pwopriete a pa la ankò, Evalyatè Dega a pral fè yon entèvyou ak Aplikan an pou l konfime mezi espas vivab la an pye kare, ak lòt karakteristik jeneral pwopriete a yo tankou fondasyon an, deyò a, anndan ak sistèm yo.

**Moun ki Enskri:** Nenpòt moun ki enskri nan pwogram lan.

**Enskripsyon:** Premye etap yon mèt pwopriete dwe pran pou yo chache jwenn avantaj yo nan kad pwogram lan. Enskripsyon an pral lakoz priyòrizasyon yon moun ki enskri pou aplikasyon si l satisfè egzijans elijiblite debaz yo. Sa a diferan epi separe de aplikasyon an.

**Reyabilitasyon:** Reparasyon oswa restorasyon inite lojman nan zòn katastwòf te afekte yo pou fè yo vin konfòm ak kòd ak nòm konstriksyon aplikab yo.

**Ranplasman:** Demolisyon, anlèvman ak ranplasman yon MHU ki te sibi domaj pou mete yon nouvo MHU plizoumwen nan menm anprent lan oswa nan yon nouvo lokalite, si inite orijinal ki te sibi domaj la te sou tè yo te lwe epi mèt MHU a bezwen demenaje ale nan yon nouvo pwopriete. Demenajman yon nouvo MHU pral mande yo fè plis analiz anviwònman ankò.

**Rapò Validasyon Rezidansyèl (RVR):** Ekip Kontwòl Kalite a pral elabore yon RVR nan Xactimate® pou tout pwopriete yo nan yon efò pou yo detèmine fezabilite reyabilitasyon an konparezon ak rekonstriksyon. RVR la pral bay detay sou pri ranplasman an ki gen ladan tout pèmi, frè, frè administratif, benefis yo, ak taks sou lavant ki aplikab yo. Montan depans ranplasman an reprezante depans yo estime an mwayèn pou rekonstwi yon estrikti apre yon pèt total, epi li gen ladan bagay tankou mendèv ak materyo yo pou satisfè kòd konstriksyon ki anvigè yo, ak benefis kontraktè jeneral la, ak frè administratif pou lokalite a. Depans aktyèl rekonstriksyon pou bilding lan ka diferan de depans yo estime ranplasman ap koute a akòz chanjman ki ka genyen nan kondisyon ekonomik yo, disponiblite kontraktè a, ak atribi espesifik kontraktè konstriksyon yo. Depans ranplasman Xactimate® te estime a pa gen ladan depans pou atik tankou ekskavasyon, valè tèren an, estrikti detache yo, oswa demolisyon pwopriete Ouragan Irma te andomaje a.

**Aktivite Lokatif:** Reparasyon yon lojman alwe nan pri abòdab ki kreye estrikti kote omwen 51% nan inite yo gen moun LMI k ap viv ladan yo. Restriksyon sou revni ak lwaye yo aplike pou inite alwe yo finanse ak fon CDBG-DR yo.

**Estimasyon Pòte Travay la (SWE):** Yo itilize yon SWE pou verifye dega Ouragan Irma te lakoz nan pwopriyete a epi detèmine pòt travay yo estime ki nesese pou konplete reparasyon y ap fè nan pwopriyete a epi fè pwopriyete vin a konfòm ak nòm pwogram lan yo.

**Dezyèm Kay:** Pwopriyete ki sèvi kòm yon dezyèm kay nan moman katastwòf la, oswa apre katastwòf la, pa elijib pou asistans reparasyon oswa ensitasyon lojman yo. Yo defini yon dezyèm kay kòm yon kay ki pa rezidans prensipal mèt li, yon lokatè oswa nenpòt moun ki t ap viv ladan nan moman tanpèt la te frape a oswa nan moman yo depoze aplikasyon pou asistans lan. HUD te tabli yon egzijans altènativ pou dezyèm kay yo ki ka pèmèt yo resevwa asistans nan deseri sikonstans limite an kowòdinasyon ak HUD.

**Bilan Travay:** Pòte Travay ke you akòde yon kontraktè pa mwayen yon pwosesis òf konpetitif ki gen ladan reparasyon yo idantifye nan SWE a.

**Kay Konvansyonèl:** Yon kay ke yo te konstwi sou plas kote yo te itilize materyèl ak metòd konstriksyon tradisyonèl yo.

**Sibstitisyon legal:** Sibstitisyon se yon doktrin legal ki pèmèt yon moun asime dwa yon lòt moun. Nan kontèks sibvansyon pou rekiperasyon aprè katastwòf yo, yon mèt pwopriyete dwe konkli yon akò sibstitisyon legal kote ajans k ap bay finansman an (DEO) pral vin gen dwa pou yo kolekte nenpòt peman pou rekiperasyon aprè katastwòf oswa peman asirans ke mèt pwopriyete a resevwa pou dega Ouragan Irma te lakoz yo apre mèt pwopriyete a te konkli yon akò sibvansyon pou yo resevwa avantaj HRRP yo.

**Finisman Sibstansyèl:** Finisman Bilan Travay yo te akòde kontraktè a.

**Dega Sibstansyèl:** Baze sou dispozisyon ki konsène inondasyon nan Kòd Konstriksyon Florid la, se dega ki gen nenpòt orijin ke yon estrikti te sibi kote depans pou yo restore estrikti a pou vin nan kondisyon I te ye avan dega a pral egal oswa plis pase 50 pousan valè estrikti a koute sou mache a avan I te sibi domaj la. Se jiridiksyon lokal la sèlman k ap fè detèminasyon an. Pwogram lan pral respekte detèminasyon sa yo.

**Amelyorasyon Sibstansyèl:** Jan yo defini nan 24 CFR 55.2(b) (10) epi jan sa aplikab nan kad pwogram HRRP a, amelyorasyon sibstansyèl vle di nenpòt reparasyon, rekonstriksyon, modènizasyon oswa amelyorasyon y ap fè nan yon estrikti kote, depans pou travay yo egal oswa plis pase 50% valè estrikti a koute sou mache a swa avan amelyorasyon oswa reparasyon an te kòmanse oswa si estrikti a te andomaje, epi y ap restore I, valè I te koute avan I te sibi domaj la. Se jiridiksyon lokal la sèlman k ap fè detèminasyon amelyorasyon sibstansyèl la. Pwogram lan pral respekte detèminasyon sa yo.

### 1.1.5 Administrasyon ak Reyalizasyon Pwogram Lojman DEO a

DEO ap antreprann plizyè inisyativ lojman ki anba egid mak Rekonstwi Florid la. DEO pral administre tout pwogram yo annakò ak akò sibvansyon ki genyen ant DEO ak HUD la. Yo prezante tablo ki anba la pou ede piblik la konprann chak lòt pwogram lan yo ki pral soutni rekiperasyon Florid apre enpak Ouragan Irma a yo.

Non Pwogram	Non Aktivite	Reyalizasyon
Pwogram Reparasyon ak Ranplasman Lojman an	Pwopriyete Inifamilyal Mèt Kay la ap Viv Ladan ak Kay Mobil (MHU)	Dirèk
	Ti Lojman Alwe	Dirèk
	Miltifamilyal	Dirèk
	Asistans pou Lojman Tanporè	Dirèk
Nouvo Konstriksyon Lwaye Abòdab pou Mendèv	Mobilizasyon Fon CDBG-DR yo ak Lòt Sous Finansman yo	Sou-benefisyè
	Finansman pou Devlopman Ti Lojman Alwe	Sou-benefisyè
	Pwogram Acha Teren pou Lwaye Abòdab pou Mendèv la	Sou-benefisyè
Pwogram Reyachte Kay Volontè a	Pwogram Reyachte Kay Volontè a	Sou-benefisyè

Kolòn Non Pwogram lan deziyen non pwogram lan, jan li koresponn ak aktivite yo dekri nan Plan Daksyon an. Kolòn Non Aktivite a deziyen nenpòt sou-kategori ki anndan pwogram lan. Kolòn Reyalizasyon an idantifye si se DEO oswa yon sou-benefisyè ki pral dirèkteman reyalize pwogram lan ak aktivite a.

Chak pwogram pral gen pwòp direktiv pou reyalizasyon pa l. Pa egzanp, dokiman sa a titre, "Direktiv yo pou Lojman Inifamilyal Mèt yo ap Viv Ladan yo" epi li gen ladan direktiv politik pou reyalizasyon pwogram reparasyon ak ranplasman lojman inifamilyal yo, ki gen ladan kay yo konstwi sou plas nan fason tradisyonèl yo, kay fabrike ak inite lojman mobil yo.

Anndan DEO, founisè sèvis sou kontra yo soutni pwogram yo administre dirèkteman yo, sa ki ogmante kapasite rekritman anplwaye DEO ak sèvis pwofesyonèl ki pa tipikman anndan kad plan rekritman anplwaye DEO. Founisè sèvis sou kontra yo ofri tou asistans teknik ki gen rapò ak konsepsyon pwogram lan ak règ ak egzijans federal yo. Tablo ki anba la dekri wòl ak responsablite yo pou aktivite travay espesifik nan kad Pwogram Reparasyon ak Ranplasman Lojman Rekonstwi Florid la.

Travay	Responsablite
Sistèm Enskripsyon	IEM
Aktivite Enskripsyon yo	IEM
Sistèm Aplikasyon	DEO
Asistans Teknik pou Politik ak Pwosedi	IEM
Apwobasyon/Finalizasyon Politik ak Pwosedi	DEO
Jesyon Ka	IEM
Finisman Aplikasyon	IEM
Elaborasyon Evalyasyon Dega	IEM
Elaborasyon Revizyon Anviwònmanal	IEM
Apwobasyon Revizyon Anviwònmanal	DEO
Revizyon Inisyèl DOB/VOB	IEM
1 <sup>ye</sup> Nivo Asirans/Kontwòl Kalite (QA/QC) Dosye onivo travay la	IEM
2 <sup>yèm</sup> Nivo Asirans/Kontwòl Kalite (QA/QC) Dosye pou Rekòmandasyon Elijiblite	IEM (ekip separe)
Dènye Asirans/Kontwòl Kalite (QA/QC) Revizyon Detèminasyon Elijiblite Dosye	DEO
Avi pou Inelijiblite	DEO
Apèl Rekou yo	DEO
Oktwa Lèt Detèminasyon Avantaj la	IEM
Kalkil Prim lan	DEO
Oktwa Lèt Avi Prim lan	DEO
Pwodiksyon Pakè Fèmti Akò Sibvansyon an	DEO
Pwograme ak Konkli Akò Sibvansyon yo	IEM
Kolekte Peman Diferans DOB yo epi Depoze yo nan Kont DEO	IEM
Mentni Kont Peman Diferans DOB yo ak Prelevman Finansye	DEO
Devlopman Pakè Of Konstriksyon an, Oktwa ak Seleksyon Of	DEO

Oktwa Avi pou Pouswiv	DEO
Oktwa Avi pou Konstwi	DEO
Enspeksyon Pwogrè Konstriksyon yo	IEM
Dènye Enspeksyon Konstriksyon yo	IEM
Revizyon Demann Peman pou Konstriksyon	DEO
Peman pou Konstriksyon	DEO
Revizyon Inisyat Fèmti	IEM
Asirans/Kontwòl Kalite (QA/QC) Revizyon Inisyat Fèmti	IEM (ekip separe)
Dènye Asirans/Kontwòl Kalite Fèmti ak Apwobasyon	DEO

### 1.1.6 Pwogram Pilòt

Nan yon efò pou ekilibre responsablite konkiransyèl pou ekonomize lajan federal yo epi ofri rezilta lojman byen rapid, DEO te antreprann yon inisyativ pilòt pou egzamine ekonomi tan ak depans adisyonèl potansyèl yo ki ka rive akòz yon lòt modèl tretman an menm tan, olye de yon modèl tretman lineyè.

Aplikasyon Pilòt la se yon modèl pou idantifye yon kòwòt aplikan nan chak zòn ki te afekte ke yo ka obsève delibèman pa mwayen pwosesis konplè HRRP a pou yo idantifye ak rezoud pwoblèm yo avan pifò aplikan yo antre nan pwosesis konplè a. Obsèvan etwat kòwòt pilòt la vize teste premye konsepsyon pwosesis la epi pwodui desizyon enfòmè pou amelyore efikasite pandan rès popilasyon aplikan an antre nan dewoulman travay la.

Aplikasyon Pilòt la vize teste tou yon lòt metodoloji travay an menm tan ke yo konnen ki ka akselere tretman aplikan an, men ki ka gen depans adisyonèl. Y ap trete kòwòt pilòt la an menm tan pou aplikasyon, elijiblite, evalyasyon dega ak revizyon anviwònmantral la avan etap fezabilite, avantaj doub ak atribisyon sibvansyon yo. Y ap otorize pwosesis tretman anmenmtan pou travay sa yo kòm pri reyalizasyon aktivite pou gwoup pilòt la.

Pwosesis siveyans doub sa a k ap lakoz yo idantifye aplikasyon yo swa kòm eleman Aplikasyon Pilòt oswa aplikasyon ki pa pilòt pral kontribiye nan kapasite DEO pou l teste pwogram lan nan tan reyèl. Kòwòt pilòt yo idantifye a p ap gen okenn efè sou pwogrè lòt aplikan yo pandan pwosesis la. Y ap ka abòde ak rezoud nenpòt pwoblèm ke DEO jwenn pou yo asire tretman pifò aplikasyon yo, aplikasyon ki gen difikilte mwayèn ak sila ki pi konplike yo byen fèt.

Y ap trete aplikan ki pa nan gwoup pilòt la yo pandan dosye Aplikasyon Pilòt yo ap avanse nan sistèm lan anmenmtan tou. Toutfw, aplikan ki pa nan gwoup pilòt la yo pral swiv pakou pwosesis lineyè a ki mande pou yo fin ranpli aplikasyon an avan premye revizyon elijiblite a, otorizasyon revizyon elijiblite a avan evalyasyon dega yo, otorizasyon evalyasyon dega yo avan revizyon anviwònmantral la, otorizasyon revizyon anviwònmantral la avan fezabilite, avantaj doub ak atribisyon sibvansyon an.

Pwogram pilòt la vize kalibre avantaj yo epi idantifye pwoblèm ki asosye ak yon lòt metòd tretman an menm tan. Li pral sipòte yon analiz sou si se modèl lineyè a ki pi konsèvatè a, lòt modèl y ap eseye an menm tan, oswa yon melanj ant de pwosesis yo ki pral ofri pi bon rezilta pou Depatman Opòtinite Ekonomik lan (DEO) ak sitwayen nou yo Irma te afekte yo.

#### 1.1.6.1 Pwosesis Seleksyon pou Inisyativ Pilòt la

Nan premye faz envitasyon aplikan an, yo te chwazi yon gwoup aplikan owaza pami gwoup envitasyon 1ye Priorite a baze sou karakteristik pwopriyete yo te idantifye nan **Seksyon 1.6 Kalandriye Priorite**. DEO te trete aplikasyon sa yo nan yon fason kote yo te fini aplikasyon an, premye faz elijiblite a, evalyasyon dega yo ak revizyon anviwònmantral yo an menm tan. Rès popilasyon 1ye Priorite a te kontinye pwosesis nòmal la swivan modèl lineyè a, ki te egzije pou yo konplete chak etap avan kòmansman pwochen etap la. Sa te pèmèt DEO mentni konfòmite ak kalandriye priorizasyon yo te tabli a, jan yo preskri nan Plan Daksyon an, pandan y ap teste opsyon altènativ ki ka lakoz yo redui kantite tan global tretman dosye yo dire.



Soti 4 janvye rive 11 janvye 2019, anplwaye pwogram lan yo te analize enfòmasyon moun ki enskri yo ak aplikan yo pou idantifye yon premye gwoup pou kòwòt pilòt la. Te gen 5 888 moun ki te enskri pou lye Faz la, yo te kòmanse 1 745 aplikasyon epi yo te fin ranpli 599 aplikasyon ki disponib pou yo chwazi yo nan kòwòt pilòt la. Objektif inisyal la te pou idantifye 10-20 ka nan chak kominote MID orijinal HUD deziyen epi ofinal yo te chwazi 220. Nan dat 11 janvye 2019, DEO te agrandi kritè kòwòt pilòt la yo pou teste kapasite pou motive aplikan yo ki te kòmanse, men ki poko fin ranpli aplikasyon yo epi ki gen ladan aplikan yo ki nan Konte Monroe, ki se yon plèn inondab yo deziyen. Nan moman sa a te gen 5 989 enskripsyon lye Faz, yo te kòmanse 1904 aplikasyon epi yo te fin ranpli 770 aplikasyon. Yo te ajoute 200 aplikan anplis ki te satisfè kritè sa a nan kòwòt la pou teste si pwosesis aplikasyon, elijiblite, evalyasyon dega ak revizyon anviwònmanal la fèt an menm tan, sa t ap akselere finisman pwosesis aplikasyon an ak pwosesis elijiblite a.

Sèl kritè depistaj yo te itilize pou kòwòt pilòt la se sila yo dekri yo. Yo pa te itilize okenn lòt karakteristik pwopriyete a oswa aplikan an pou depistaj nan kad seleksyon pilòt la. Yo te chwazi ID moun ki enskri/aplikan yo owaza depi yo te satisfè kritè yo dekri anwo yo, sa ki te mentni entegrite egzijans priyorizasyon ki dekri nan Plan Daksyon an.

Kondisyon ak sipozisyon tabli yo ki fondamantal pou tès premye kòwòt la:

- Yo envite sèlman moun ki te enskri nan lye Faz la pou yo aplike.
- Moun ki enskri ki motive yo pral ranpli aplikasyon yo bonè
- VOAD yo idantifye onivo lokal yo pral ede aplikan yo akselere finisman yo

Kritè pou depistaj Kòwòt la:

- Yo dwe soti nan 10 konte oswa 4 Kòd Postal orijinal yo (Monroe, Miami-Dade, Duval, Lee, Polk, Collier, Brevard Broward, Orange ak Volusia counties; kòd postal 32068, 34266, 32136, ak 32091 (Tier 1 ERR konplè)
- Avantaj asirans \$0, FEMA \$1-15000, SBA \$0, NFIP \$0
- Yo pa dwe sitiye nan plèn inondab
- Kay yo te konstwi apre 1978
- Pa gen Lèt Dega Sibstansyèl/Pa gen lèt kondanasyon (ajoute nan seksyon dega aplikasyon an)
- Pwogram reparasyon an

Finisman sibstansyèl revizyon anviwònmanal aplikasyon gwoup pilòt la ak soumision dokiman revizyon an bay Depatman Opòtinite Ekonomik lan ap defini delè pwojè Aplikasyon Pilòt la. Li te kòmanse 14 janvye 2019 epi li te fini 5 avril 2019. Pou yon revizyon konplè sou Pwogram Pilòt la, tanpri gade nan Anèks la

## 1.2 Limit Revni HUD Preskri yo

Kontrèman ak pòsyon lojman inifamilyal mèt yo ap viv ladan yo nan pwogram HRRP a, pwogram pou kay alwe nan kad HRRP a pa egzije pou mèt pwopriyete a gen yon revni fwaye ki 120% oswa mwens pase Revni Medyan Zòn lan (AMI). Olye de sa, pwogram pou kay alwe a kalifye mèt pwopriyete ki lwe kay yo baze sou estati LMI lokatè aktyèl yo ak lokatè alavni yo.

Aplikan k ap resevwa fon CDBG-DR yo pou repare, rekonstwi oswa ranplase pwopriyete ki te sibi domaj yo nan kad pwogram pou kay alwe a dwe aktyèlman lwe oswa dakò pou yo lwe inite lokatif yo bay fwaye ki gen Revni Fèb ak Modere (80% Revni Medyan Zòn lan oswa mwens) ak lwaye ki gen restriksyon. Lwaye yo dwe, ominimòm, konfòm ak Patenarya Envestisman nan Kay Alwe Chè yo (HOME). Peryòd Abòdabilite pou inite lokatif ki se pwopriyete inifamilyal ak inite lokatif ki se kay miltifamilyal ki gen kat inite oswa mwens yo pral 1 an ominimòm. Lojman miltifamilyal alwe ki gen senk inite oswa plis yo pral gen yon peryòd abòdabilite 15 zan.

## 1.3 Egzijans Pwogram lan yo

1. Tout aktivite lojman ki nan kad pwogram HRRP a pral satisfè Objektif Nasyonal yo egzije dapre lwa ki otorize l nan pwogram CDBG a k ap benefisye moun ki gen Revni Fèb ak Modere (LMI) yo, kote omwen 70% nan fon yo pral benefisye popilasyon sa yo jan yo preskri nan [Lwa sou Lojman ak Devlopman Kominotè \(HCDA\), Seksyon 104 \(b\)\(3\)](#).
2. Yo trete mèt pwopriyete k ap aplike pou asistans apre katastwòf yo selon priyorite yo baze sou kritè priyorizasyon ki nan direktiv ki nan Seksyon 1.6 la.
3. Pwopriyete a dwe satisfè sèten nòm elijiblite pou yo ka kalifye pou asistans. Yo dekri nòm elijiblite sa yo nan Pati 2 dokiman sa a.
4. Pou aktivite k ap resevwa asistans yo, yo dwe demontre ke dega ki fèt nan estrikti a dirèkteman lye ak Ouragan Irma. Yo note detay dega sa yo nan Pati 2 dokiman sa a.
5. Lwaye yo pa dwe plis pase 30% revni mansyèl pou yon fwaye k ap touche 80% oswa mwens pase Revni Medyan Zòn (AMI) lan epi yo dwe konfòm ak Patenarya Envestisman nan Kay Alwe Chè yo (HOME).
6. Pwopriyete a dwe pase yon revizyon anviwònmantral gouvènman federal la egzije. Yo p ap ka antreprann okenn konstriksyon jiskaske yo konplete revizyon anviwònmantral la.
7. Yo dwe fè yon enspeksyon pou evalyasyon dega/Estimasyon Pòte Travay (SWE) ni anndan ni deyò estrikti a pou obsève ak anrejistre dega yo. Yo dwe ranpli evalyasyon dega avèk ase detay pou yo jwenn estimasyon òf ak depans yo. W ap jwenn lis verifikasyon evalyasyon dega nan dokiman sa a kòm Anèks C. Sa a mande pou yon enspektè gen aksè total a pwopriyete a pou yo reyalize pwosesis dokimantasyon an. Depans pwojè a yo dwe rezonab epi tipik sou mache aktyèl la pou pwojè ki gen prèske menm pòte yo.
8. Pwojè a dwe konfòm a tout egzijans federal, eta ak lokal ki aplikab yo.

## 1.4 Enskripsyon

Enskripsyon an se premye eta yon moun ka pran pou chache jwenn avantaj nan kad pwogram HRRP a. Enskripsyon pral ouvri pandan yon peryòd admisyon k ap dire 90 jou ominimòm. Sonje ke enskripsyon an pa yon aplikasyon. Kèlkeswa kantite pwopriyete alwe yon mèt pwopriyete swete enskri, dwe sèlman genyen yon enskripsyon pou chak mèt pwopriyete. Pwosesis enskripsyon an pral pèmèt yon mèt pwopriyete enskri plizyè pwopriyete alwe ki te sibi domaj nan kont enskripsyon mèt pwopriyete a. Y ap fèmen enskripsyon doub yo pou ka genyen sèlman yon enskripsyon pou chak mèt pwopriyete ki rete aktif.

Yo te antreprann premye peryòd sansibilizasyon pou enskripsyon an soti nan dat 24 septanm 2018 rive 23 desanm 2018. Pwogram lan te pwolonje peryòd enskripsyon an rive dat 29 mas 2019, ominimòm. Yo pral antreprann aktivite sansibilizasyon adisyonèl nan senk konte ak 8 Kòd postal anplis yo te ajoute nan zòn MID HUD deziyen yo nan kad [Avi Rejis Federal Vol. 83, No. 157, 14 Out 2018 la](#).

Yon Plan Kominikasyon Estratejik pral deziyen kòman yo pral sible popilasyon yo pou sansibilizasyon ak enskripsyon. Si delè 90 jou a pa ase pou yo jwenn volim enskripsyon ki nesèsè pou satisfè kantite aplikasyon priyorize ki obligatwa pou yo agrandi fon yo, DEO ka pwolonje peryòd sansibilizasyon an pou yon peryòd adisyonèl. Y ap anonse nenpòt pwolonjman yo fè nan peryòd sansibilizasyon ak peryòd admisyon an apre 90 jou a sou sitwèb pwogram Rekonstwi Florid la nan [www.rebuildflorida.gov](http://www.rebuildflorida.gov) epi jan yo dekri nan yon revizyon yo te fè nan Plan Kominikasyon Estratejik la.

Enskripsyon an egzije pou soumèt enfòmasyon debaz sou moun k ap enskri a ak sou pwopriyete oswa plizyè pwopriyete li genyen ki te sibi domaj la. Pou pwopriyete alwe yo, sa a gen ladan tou enfòmasyon sou fwaye lokatè yo. Pwosesis enskripsyon an pèmèt DEO pou yo evalye popilasyon ki potansyèlman elijib la epi kòmanse pwosesis priyorizasyon an. Yon fwa yo genyen ase moun ki enskri ke yo te priyorize, DEO pral kòmanse envite moun ki enskri yo bay plis enfòmasyon pou pwogram lan pa mwayen yon pwosesis aplikasyon. Y ap envite moun ki enskri yo priyorize yo aplike avan moun ki enskri yo pa priyorize.

Tout moun ki enterese ki swete chache asistans pa mwayen HRRP dwe enskri avan. Yon moun ka enskri nan pwogram lan nan fason ki annapre yo

1. Kontakte Sant Dapèl Pwogram Rekonstwi Florid la nan 1-844-833-1010;
2. Al sou sit entènèt [www.RebuildFlorida.gov](http://www.RebuildFlorida.gov);
3. Vizite yon sant asistans pou lojman; oswa
4. Patisipe nan yon evènman sansibilizasyon, lè sa disponib, nan kominote lokal ou a.

Y ap fè piblisite pou lokalite ak lè sant asistans pou lojman yo ouvri yo pa mwayen materyèl sansibilizasyon yo epi y ap poste yo sou sitwèb Rekonstwi Florid la. Sansibilizasyon ak admisyon pral ouvri pandan yon peryòd enskripsyon k ap dire 90 jou. Y ap fè piblisite evènman sansibilizasyon yo sou sitwèb Rekonstwi Florid la epi y ap anonse yo atravè afilye ak patnè nan medya lokal yo. Y ap fè piblisite pou fèmte peryòd enskripsyon an sou sitwèb pwogram lan, ominimòm.

## 1.5 Aplikasyon yo

1. Y ap konsidere sèlman fòmilè aplikasyon ofisyèl pwogram HRRP Rekonstwi Florid la yo ranpli ak soumèt okonplè, ki gen ladan soumisyon tout dokiman sipò yo, kòm yon aplikasyon pou avantaj pwogram lan yo.
2. Nenpòt moun ki te soumèt yon aplikasyon avan pou asistans aprè kastastwòf pa mwayen yon òganizasyon san bi likratif, ajans federal, eta oswa lokal la pral bezwen soumèt yon aplikasyon separe preziman pou pwogram HRRP Rekonstwi Florid la.
3. Soumisyon yon fòmilè kòmantè piblik oswa lòt dokiman ekri pou dega pandan rankont oswan odyans piblik yo pa reprezante yon aplikasyon pou pwogram HRRP Rekonstwi Florid la.
4. Anplwaye pwogram lan pral sètifye kalifikasyon pou asistans lan avan yo pran angajman nenpòt fon pou yon aktivite oswa yon benefisyè.
5. Yo pa garanti okenn moun ki enskri oswa aplikan yo asistans, men y ap atribiye fon yo baze sou kantite fon ki disponib ak kalifikasyon yo pou yo resevwa avantaj yo.

Y ap bay nenpòt moun ki fè yon ransèyman sou pwogram lan asistans pou yo enskri pou pwogram lan pandan peryòd enskripsyon an ouvri a. Y ap envite moun ki enskri yo aplike sou yon baz priyorite jan yo dekri nan Seksyon 1.6 la. Y ap sèlman aksepte aplikasyon yo nan men moun ki enskri ke yo te envite aplike. Nan moman sa a, pa gen okenn dat limit pou aplikasyon an; toutfw, Pwogram lan pral tabli dat limit pou aplikasyon an alavni. Y ap pibliye dat limit sa yo sou [Paj Wèb Rekonstwi Florid la](#) ak nan materyèl kominikasyon pwogram lan yo ki vize aplikan yo envite ki poko ranpli yon aplikasyon. Y ap revize direktiv sa yo pou gen ladan nenpòt dat limit alavni.

Yon aplikan ka mande pou l retire tèt li volontèman nan pwogram lan a nenpòt ki moman avan konstriksyon an kòmanse. Si yon aplikan ta mande pou l retire tèt li apre yo te deja fin investi fon yo nan pwopriyete ki te sibi domaj la, aplikan an pral responsab pou yo ranbouse tout fon pwogram lan yo pa mwayen pwosesis rekiperasyon an.

## 1.6 Kalandriye Priyorite

Piske nou rekonèt ke li pwobab pou \$346 milyon yo atribiye pou pwopriyete mèt yo ap viv ladan yo ak pwopriyete alwe yo pa reponn a tout bezwen yo, y ap priyoreze popilasyon ki arisk ak vilnerab yo ki gen plis bezwen yo. Ominimòm, 70% fond pwogram lan yo dwe satisfè yon objektif nasyonal Revni Fèb ak Modere.

Mèt pwopriyete alwe ki lwe pwopriyete yo bay lokatè ki gen revni ki pi wo pase 120% AMI an p ap elijib pou pwogram lan. Y ap priyoreze ak trete aplikasyon mèt kay ki aktyèlman lwe oswa ki pral lwe bay rezidan ki gen youn nan karakteristik ki annapre yo oswa plis, ke pwogram lan deziyen kòm faktè frajilite yo, nan lòd yo ranpli aplikasyon an.

- Fwaye ki gen granmoun aje ki nan laj 62 zan oswa plis.
- Fwaye ki gen timoun ki gen mwens ke 18 tan.
- Fwaye ki gen egzijans bezwen espesyal yo oswa aranjman espesyal yo (andikap).
- Moun ki te demenaje soti Pòtoriko ak Zile Vyèj Ameriken yo epi ki te reyenstale yo nan Florid yon fason pèmanan.

Twa faz priyorite yo se:

- 1ye Faz: Aplikan an nan yon zòn HUD deziyen kòm Zòn ki plis Afekte ak plis an Detrès (MID), li gen Revni Fèb ak Modere (LMI), epi li gen youn nan faktè frajilite yo oswa plis;
- 2yèm Faz: Aplikan an nan yon zòn HUD oswa Eta a deziyen kòm zòn MID epi li LMI; epi
- 3yèm Faz: Aplikan an nan yon zòn HUD oswa Eta a deziyen kòm zòn MID epi li gen yon revni fwaye ki ant 80 pousan ak 120 pousan AMI a.

A mezi akò sibvansyon yo ap apwoche obligasyon konplè pou fon pwogram lan yo, DEO pral analize rès kondwit aplikan elijib la epi li ka chwazi pou li reyatribiye fon yo soti nan yon pwogram al nan yon lòt oswa mete rès aplikasyon yo annatant jiskaske yo fin trete aplikasyon aplikasyon ki gen priyorite yo nèt. A mezi pwodiksyon admisyon aplikasyon pwogram lan yo sou kontwòl, DEO ka chwazi pou yo ajiste pousantaj finansman an oswa reyatribiye finansman anplis soti nan lòt pwogram ki gen mwens patisipasyon yo pou maksimize asistans pou aplikasyon priyorite elijib k ap chache asistans HRRP yo.

## 1.7 Edikasyon sou Pwogram lan

Y ap ofri tout aplikasyon yo edikasyon sou pwogram lan pou eksplike yo detay pwogram lan, pwosesis aplikasyon an, kritè kalifikasyon ak priyorizasyon yo, enpak yo lè yo aksepte yon prim, egzijans pou konfòmite apre finisman aktivite yo, ak obligasyon alontèm y ap kontinye genyen akòz yo resevwa finansman sa a. Y ap bay edikasyon sou pwogram lan pa mwayen entèraksyon fas a fas ant mèt pwopriyete a ak manm anplwaye pwogram lan.

## 1.8 Estrikti Elijib yo

1. Kay tradisyonèl yo konstwi sou plas yo ki gen ladan youn a kat inite, kay miltifamilyal ki gen ladan senk inite oswa plis, ak Nite Lojman Mobil/Fabrike yo (MHU).
2. Estrikti atache yo elijib si yo anba menm twati yon sèl estrikti ki te sibi domaj epi yo atache nan estrikti a nan fason pèmanan.
3. Kay mobil oswa kay fabrike yo ka kalifye pou reparasyon nan kad pwogram sa a. Toutfwa, pou yo ka rantab, kay mobil yo pral repare yo pa dwe gen plis pase 5 an depi yo konstwi nan moman asistans lan epi depans reparasyon ki nesèsè yo pa dwe depase \$15 000 (depans konstriksyon dirèk ak endirèk).

Nenpòt kay mobil/fabrike ki gen plis pase 5 an oswa depans yo prevwa pou repare li a plis pase \$15 000 pral mande pou yo ranplase kay mobil/fabrike a ak yon lòt kay mobil/fabrike. Si yo repare li, kay mobil la dwe satisfè nòm pwogram lan yo apre yo fini repare li. Kay mobil ranplasan an pral satisfè Estanda Bilding Ekolojik aplikab yo. Pwogram lan pral respekte egzijans zonaj ak kòd lokal yo.

- a) Y ap konsidere pou reparasyon oswa ranplasman yon estrikti kote nenpòt pòsyon nan kay la gen yon MHU, kèlkeswa anplè adisyon oswa modifikasyon yo selon chak ka patikilye.
- b) Yo dwe ranplase MHU yo ak yon lòt MHU sèlman kote restriksyon ki gen sou itilizasyon tèren an yo pa entèdi ranplasman MHU a.

4. Kay kopwopriyete yo (kondo), kay an ranje, diplèks, triplèks ak kadriplèks yo ak lòt inite ki pataje yon mi ansanm (kote gen kat inite lojman ototal oswa mwens) ka kalite estrikti ki elijib. Toutfwa, ka gen restriksyon anplis an rapò a espas kominotè yo nan estrikti sa yo. Anplis de sa, yo k ap repare estrikti ki pataje mi/espas ansanm yo si depans pou reparasyon an yo rezonab. HRRP p ap rekonstwi kalite estrikti sa yo.
5. Konplèks apatman Otorite Lojman Piblik yo ka elijib pou reparasyon. HRRP p ap rekonstwi kalite estrikti sa yo.
6. Y ap konsidere kay yo itilize alafwa nan objektif rezidansyèl ak komèsyal yo pou elijiblite selon chak ka patikilye; toutfwa, si yo apwouve estrikti a, reparasyon yo ka limite a pòsyon rezidansyèl la sèlman.

Estrikti ki pa elijib yo:

1. Pakin yo, remiz yo ak detachman, ki pa kole ak kay prensipal la, pa elijib pou reparasyon. Amelyorasyon yo dwe fèt kote ki fizikman kole ak kay la epi kote sa a dwe kole nan fason pèmanan.
2. Veyikil lwazi yo ak karavàn kan yo itilize kòm rezidans yo pa elijib pou pwogram lan.
3. Kay flotant (ki nan bato) yo itilize kòm rezidans yo pa elijib pou pwogram lan.
4. Dezyèm kay yo ka elijib nan kad pwogram kay alwe a sèlman si yo transfòme dezyèm kay la vin yon lojman alwe nan pri abòdab k ap sijè a egzijans peryòd abòdabilite a. Y ap evalye eksepsyon limite ki genyen yo selon chak ka patikilye epi HUD pral bezwen apwouve yo.
5. Pwopriyete alwe sezonye akoutèm yo pa elijib pou asistans.
6. Inite lojman ki sitiye kote yo pa otorize bay asistans federal yo dapre règleman federal yo, ki gen ladan kanal derivasyon yo, oswa zòn lib anndan pis aterisaj nan yon ayewopò sivil oswa militè pa elijib.

## 1.9 Kalite Asistans y ap Ofri

Yo ka ofri aplikan yo reparasyon baze sou kantite dega ki genyen nan inite lojman an. Ranplasman Inite Lojman Mobil/Fabrike yo (MHU) pral limite a sitiyaasyon kote pèmi zonaj/konstriksyon lokal yo, oswa egzijans federal yo, tankou règleman anviwònmantral yo, pral pèmèt yo ranplase estrikti orijinal, ke ouragan te andomaje a avèk yon lòt estrikti parèy li. Estrikti ki pataje mi ak espas yo, tankou kay kopwopriyete yo (kond) ak konplèks apatman miltifamilyal yo, ka sèlman elijib pou asistans reparasyon.

Piske nou konprann ke li ka nesèsè pou lokatè yo kite inite alwe yo pandan peryòd reparasyon an, DEO pral ofri asistans pou demenajman jan Lwa sou Demenajman Inifòm lan (URA) preskri. Gade nan politik Asistans pou Demenajman Lokatè a nan Seksyon 1.10 la.

Pwogram sa a pa peye pou ranplasman materyèl ak enstalasyon ki egzakteman menm jan. Pwogram lan pral ofri enstalasyon estanda, debaz pou rann kay alwe a desan, sekirite ak sanite epi y ap evalye tout amelyorasyon yo pou konfòmite ak Estanda Kalite Lojman Seksyon 8 ki Anvigè a (HQS), ak kòd konstriksyon lokal yo. Yo ka ranplase aparèy elektwonenaje estanda ki p ap fonksyone nan moman enspeksyon an tankou frijidè, recho ak/oswa fou yo. Lòk atik deliks yo, ki gen ladan men pa sèlman, kontwa an granit (oswa lòt materyèl wo gam yo) aparèy elektwonenaje wo gam yo, aparèy pou ouvri pòt pakin, sistèm sekirite, pisin, barikad ak antèn parabolik yo pa elijib nan kad pwogram HRRP a. Machin a lave ak sèch-lenj yo pa elijib pou ranplasman.

Pami egzanp depans reparasyon admisib, elijib yo gen ladan, men pa sèlman:

- Reparasyon estrikti a (pa egzanp, twati, fondasyon, elektrik, plonbri, ak fenèt yo).
- Anlèvman debri limite ki nesèsè pou jwenn aksè a kay la oswa a espas y ap repare a.

- Eliminasyon Mwazisi (limon)
- Mendèv, materyèl, ak ekipman alwe pou repare rezidans ki te sibi domaj la nan fason pèmanan oswa tanporè (enstalasyon kapèt, amwa, aparèy elektwomenaje, revètman planche, limyè, pòt, mi, ak plafon yo).
- Depans demolisyon yo.
- Enstalasyon pi, fose septik, elektrisite, chofaj ak klimatizè ak plonbri.
- Mete pwopriyete a nivo.
- Lokasyon Ekipman Eliminasyon ak Anlèvman (pèl mekanik ak bèn pou fatra).
- Lòt frè oswa depans ki asosye ak reparasyon, estabilizasyon, oswa rekonstriksyon pwopriyete a.
- Anlèvman pye bwa/touf bwa si pye bwa/touf bwa a bloke aksè a kay la oswa li prezante yon danje pou sekirite.
- Egzanp ki pi presi ki annapre la yo se aktivite admisib:
  - Bach yo.
  - Materyo Konstriksyon yo.
  - Revètman
  - Egou/Septik.
  - Penti.
  - Koup-fwa.
  - Chofaj dlo.

Kote yo endike ranplasman yon MHU oswa yon kay modilè, y ap ofri opsyon plan nivo estanda yo. Si yo akòde ranplasman yon kay, yo dwe demoli MHU oswa kay modilè orijinal la epi retire l sou sit la avan yo mete ranplasman estrikti sa a. Y ap detèmine gwosè inite ranplasan an gras a enfòmasyon ki gen rapò ak gwosè estrikti ki te sibi domaj la.

Paramèt amelyorasyon adisyonèl yo gen ladan:

1. Mezi ak amelyorasyon pou rann enèji vin nan pri abòdab k ap satisfè zonaj ak kòd lokal la, nòm pou lojman Desan, Sekirite ak Sanite a (DSS) oswa Nòm Kalite Lojman (HQS) obligatwa yo, espesyalman amelyorasyon ki ajoute rezistans amelyore tankou elvasyon konpozan elektrik prensipal yo, ansèklaj twati ak lòt atik yo elijib.
2. Tès sou penti a baz plon, rediksyon dega oswa estabilizasyon, jan sa nesese. Si yo pral ranplase oswa rekonstwi yon kay, tès pou penti a baz plon an p ap aplike. Ranplasman/rekonstriksyon pwopriyete a pral otomatikman lakoz yo retire nenpòt danje potansyèl li te genyen avan.
3. Tès sou amyant, rediksyon dega oswa enkapsilasyon, jan sa nesese.
4. Tès ak eliminasyon mwazisi, jan sa nesese.
5. Egzijans konfòmite a Seksyon 106 Istwa Achitkti Divizyon Resous Istorik Florid la preskri a, jan sa nesese.
6. Karakteristik aksesibilite pou bezwen espesyal yo dokimante yo. Yo ka analize inite alwe ki gen moun ki gen bezwen espesyal oswa granmoun aje (laj 62 zan oswa plis) k ap viv ladan yo selon bezwen fizik moun sa yo. Amelyorasyon tankou agrandisman papòt, ranp, fè antre ak papòt vin anivo ak instalasyon bawo pou apiye nan espas twalèt yo, si sa apwopriye. Yo dwe konsidere

adaptasyon pou moun ki pa tande byen ak pa wè byen yo. Yo dwe dokimante tout egzijans bezwen espesyal yo avan apwobasyon.

- Mèt pwopriyete alwe yo ki pran angajman pou yo sèvi popilasyon lokatè ki andikap yo ka kalifye pou enstalasyon karakteristik aksesibilite yo nan pwopriyete alwe ki te sibi domaj yo.
  - Y ap dokimante mèt pwopriyete ki prevwa lwe bay ganmoun aje oswa moun/fwaye ki gen andikap yo pa mwayen yon fòmilè entansyon pou sible lokatè granmoun aje oswa lokatè ki gen andikap ki sou mache a.
7. Aparèy elektwomentaje estanda yo, ki limite a frijidè ak recho/fou, si yo p ap fonksyone nan moman enspeksyon an. Byenke aparèy elektwomentaje ranplasan yo ap estanda, yo p ap kalite deliks yo, y ap sètifye EnergyStar®, si l disponib.
  8. Atik vantilasyon ak efikasite enèji yo tankou vantilatè nan plafon, rido til nan fenèt ak pòt yo, si yo pa genyen yo oswa si yo p ap fonksyone nan moman enspeksyon an.
  9. Avi Rejis Federal aplikab [Vol. 83, No. 28, 9 fevriye 2018](#) la reji wotè elvasyon ki pi wo pase BFE a, kote l egzije pou elvasyon anba premye etaj fini an dwe omwen de pye pi wo pase baz elvasyon kont inondasyon an.
  10. Yo dwe enspekte tout eleman elektrik yo ki gen ladan sèvis, kontè, kab, ak akseswa ekleraj yo menm si yo pa presize travay elektrik. Yo dwe ranplase eleman ki poze danje yo. Tout kab, entèripte, ak anpoul ekspoze ki nan espas abitab yo dwe anndan konpatiman yo.
  11. Tout kay yo dwe genyen detektè lafimen ak monoksid kabòn enstale annakò ak egzijans kòd la yo.
  12. Yo ka konte pri siplemantè asosye yo tankou egzijans konstriksyon ekolojik ak rediksyon dega yo, asirans, chanjman aksesibilite yo, reparasyon oswa ranplasman sistèm dlo, egou ak bezwen koneksyon sèvis piblik yo.

## 1.10 Asistans pou Demenajman Lokatè a

Y ap bay reyabilitasyon lojman an priorite, olye demolisyon an, kote sa feزاب, pou evite demenajman. Y ap bay tout lokatè yo avi obligatwa dapre Lwa sou Demenajman Inifòm lan (URA) epi nan entèval tan lwa presize a. Yo dwe ofri tout lokatè ki pral demenaje akòz pwogram HRRP a, ominimòm, asistans konsiltativ nan zafè demenajman jan yo dekri nan 49 CFR Part 24.205, ki gen ladan asistans pou depoze reklamasyon ak apèl rekou yo.

Si HRRP detèmine ke li nesèsè pou lokatè yo demenaje tanporèman nan yon bilding y ap repare, ranplase oswa rekonstwi, lokatè a elijib pou:

1. Referans a yon lojman tanporè desan, sekirite ak sanite;
2. Depans rezonab pou demenajman y ap bezwen peye ak lajan nan pòch yo;
3. Nenpòt ogmantasyon nan depans lojman pandan tan moun lan pa nan bilding lan, ki gen ladan nenpòt ogmantasyon lwaye ak sèvis piblik;
4. Dekoneksyon ak rekoneksyon sèvis piblik yo, jan sa nesèsè; ak
5. Dwa premye refi pou yo demenaje tounen nan inite lokatè a t ap viv avan an (lokatè a bezwen di li p ap tounen avan yo bay lòt moun inite a).

Yo p ap mande lokatè yo demenaje nan okenn ka pou yon peryòd ki plis pase 12 mwa. Si tan lokatè a pa nan inite a depase yon ane, yo pral kontakte lokatè yo epi ofri yo chwa pou yo rete tann pi lontan oswa y ap trete yo kòm yon moun ki demenaje nan fason pèmanan epi nan konsa, y ap ofri garanti ak asistans konplè kòm yon lokatè ki demenaje nan fason pèmanan selon nòm URA yo.

HRRP pral revize tout reklamasyon asistans pou demenajman yo byen rapid. Y ap avize moun k ap fè reklamasyon an san pèdi tan pou nenpòt dokimantasyon ki nesèsè pou sipòte reklamasyon yo an. Yo dwe kòmanse bay peman reklamasyon yo nan yon delè 30 jou apre yo resevwa dokimantasyon pou sipòte reklamasyon yo.

Si yon moun demontre li bezwen yon peman pou demenajman alavans swa pou evite oswa pou redui difikilte, y ap bay moun lan pòsyon nan peman yo bezwen an, sijè a pwoteksyon kòmsadwa, pou asire yo akonpli objektif peman an.

An jeneral, sitwayen ak moun ki gen estati imigran kalifye yo elijib pou avantaj yo dapre URA epi rezidan ki pa legal (ki pa gen papyè) yo pa gen dwa pou yo resevwa avantaj sa yo. Nan ka kote gen yon rezidan legal oswa plis nan yon fwaye, y ap ka bay avantaj yo sèlman nan yon fason pwopòsyonèl nan kèk ka, epi sèlman si yo detèmine ke demenajman an pral lakoz difikilte ekstrèm si yo pa ta bay asistans lan (49 CFR 24.208). Toutfwa, yo dwe ofri nenpòt lokatè ki te demenaje, kèlkeswa estati imigrasyon li, dwa premye refi pou l retounen nan inite alwe yo repare a nan pri lwaye ki abòdab, jan direktiv sa yo preskri a.

Yo pa dwe refize okenn moun elijiblite pou avantaj URA yo kote li te ka gen dwa resevwa yo nan lòt fason sèlman paske moun lan pa ka satisfè egzijans okipasyon règleman URA yo preskri yo pou yon rezon ki odela kontwòl moun lan, ki gen ladan:

1. Yon katastwòf, yon ijans, oswa yon menas imedyà pou sante oswa byennèt piblik, jan Prezidan, Ajans Federal k ap finanse pwojè a, oswa Ajans ki mande fè demenajman te detèmine; ak
2. Yon lòt rezon tankou, yon reta nan konstriksyon kay ranplasan an, fonksyon militè, oswa etènè lopital, jan pwogram HRRP a detèmine.

Gen yon entèdiksyon kont HRRP pou yo pa bay okenn moun peman dapre règleman URA yo ki pral double yon lòt peman ke moun lan resevwa dapre lwa Federal, Eta a oswa lokal la. Li pa obligatwa pou HRRP fè rechèch apwofondi sou lòt peman sa yo; li sèlman obligatwa pou yo evite fè yon doub baze sou konsepsyon HRRP nan moman y ap kalkile peman.

Chak aplikan an dwe bay enfòmasyon sou moun k ap viv sou pwopriyete yo a nan moman an, si genyen, nan aplikasyon yo a. Aplikan yo dwe bay enfòmasyon sou tout moun ki t ap viv nan kay ki lwe a nan dat katastwòf la.

Mèt kay yo pa dwe mete lokatè aktyèl yo deyò oswa fòse yo soti nan yon lòt fason pou yo ka aplike pou pwogram sa a. Lè yo fè sa l ap:

- a. Fè mèt kay la pa elijib pou yo resevwa avantaj yo nan men pwogram lan;
- b. L ap lakoz sanksyon legal; epi
- c. L ap lakoz lokatè a bezwen asistans demenajman pèmanan, ke mèt kay la ap responsab pou l peye. L ap obligatwa pou mèt kay la ranbouse pwogram lan pou tout depans demenajman (tanporè oswa pèmanan) ki asosye ak demenajman lokatè yo si pwogram lan te oblije jere depans sa yo. Depans sa yo ka gen ladan depans lojman, depans demenajman ak depans lajan nan pòch nesèsè anplis yo pou lokatè yo te demenaje yo oswa lòt depans peman pou asistans lojman URA egzije yo.

Yo pa ka lwe pwopriyete yo apre dat aplikasyon pou asistans lan ak avan konstriksyon an fini kote y ap remèt yon Sètifika Okipasyon (COO).

***Si nan nenpòt ki moman, yo fòse lokatè yo demenaje, y ap swiv politik demenajman an.***

Lokatè yo te fè demenaje nan dat 10 septanm 2017 la akòz enpak dirèk Ouragan Irma ka elijib pou asistans pou demenajman dapre URA. Pwogram lan pral fè tout sa ki rezonabman nesèsè pou yo lokalize lokatè yo te fè demenaje yo epi yo ofri asistans nesèsè yo.

HRRP pral elabore politik ak pwosedi siplemantè ki byen detaye pou reji reyalizasyon egzijans URA yo.



## 1.11 Nòm Konstriksyon yo

HRRP pral reyalize metòd konstriksyon k ap mete aksan sou bon jan kalite, lonjevite, efikasite enèji, dirabilite, ak rezistas a mwazisi (limon), jan yo preskri nan [Rejis Federla, Vol. 83, No., 28, 9 fevriye 2018 la](#). Yo pral konsevwa tout reparasyon, rekonstriksyon ak nouvo konstriksyon yo nan fason pou enkòpore prensip dirabilite yo, ki gen ladan efikasite dlo ak enèji, rezistans ak rediksyon dega kont enpak katastwòf yo alavni. HRRP pral reyalize ak kontwòle rezilta konstriksyon yo pou asire sekirite rezidan yo ak kalite lojman yo pwogram lan te ede yo. Tout inite yo repare yo dwe satisfè nòm pwogram lan yo. Sa gen ladan nòm minimòm ki annapre yo:

1. Y ap baze nòm konstriksyon yo sou Kòd Konstriksyon Florid la (FBC) epi yo dwe satisfè oswa depase egzijans aplikab yo.
2. Konstriksyon yo pral konfòm a Nòm Konstriksyon Ekolojik Florid la pou tout nouvo konstriksyon bilding rezidansyèl ak pou tout ranplasman bilding rezidansyèl ki te sibi domaj sibstansyèl yo (sa vle di, kote pri reparasyon yo depase 50 % pri ranplasman an) jan jiridiksyon lokal la detèmine.
3. Pou pwojè reparasyon yo, eta a pral swiv Lis Verifikasyon Reyamenajman Bilding Ekolojik HUD la nan mezi li fezab ak aplikab pou travay reparasyon y ap atreprann yo. Sa pral gen ladan itilizasyon pwodui ki rezistan a mwazisi lè y ap ranplase sifas tankou mi plak yo. Lè yo ranplase pwodui ansyen oswa demode yo nan kad travay reparasyon yo, yo egzije reparasyon an itilize pwodui ki gen etikèt ENERGY STAR, etikèt WaterSense, oswa pwodui ak aparèy elektwonenaje Pwogram Jesyon Enèji Federal la deziyen (FEMP), oswa lòt pwodui ekivalan, lè sa posib. W ap jwenn Lis Verifikasyon Reyamenajman Bilding Ekolojik HUD la disponib sou <https://www.hudexchange.info/resource/3684/guidance-on-the-cpd-green-building-checklist/>.
4. Inite lojman yo ede avèk fon CDBG-DR yo dwe satisfè tout kòd lokal ak eta ki aplikab yo, nòm reparasyon yo, òdonans yo, ak òdonans zonaj yo nan moman finisman pwojè a. Yo dwe korije tout defisyans yo idantifye nan dènye enspeksyon an avan yo vèse dènye peman.

## 1.12 Nòm Aksesibilite yo

Pwopriyete yo lwe oswa yo pral lwe bay lokatè ki gen andikap fizik yo oswa lokatè ki gen yon manm nan fwaye l ki andikape ka gen dwa pou yo resevwa konsiderasyon konstriksyon anplis tankou douch ki adapte pou chèz woulant, kontwa rabese, lavado sou pye, bawo pou apiye nan twalèt yo, papòt ki pi laj, twalèt aksesib ak lòt karakteristik ki favorab a aksesibilite ki pral ede moun nan pran swen bezwen fonksyonèl li yo. Pwogram lan pral evalye elijibilite pou karakteristik sa yo selon chak ka patikilye. Mèt pwopriyete yo ka siyale bezwen sa yo pandan enspeksyon evalyasyon dega a lè yo pale ak enspekte pwogram lan deziyen an.

## 1.13 Alokasyon ak Limit Asistans pou Lojman

Yo te rezève \$346 186 147 ototal pou pwogram HRRP a. Yo ka ogmante oswa redui alokasyon sa a baze sou demann ki gen pou pwogram la, avèk yon modifikasyon y ap fè nan *Plan Daksyon an*, epi HUD pral bezwen apwouve l tou. Yo mete limit asistans pou chak pwopriyete a \$150 000,00 mwens nenpòt Avantaj Doub. Tout depans pou konstriksyon yo (depans dirèk oswa endirèk yo), mezi rediksyon dega yo, depans pou elvasyon, amelyorasyon sit la, ak kondisyon nòm konstriksyon yo (bèn pou fatra, twalèt sou sit la, oktwa pèmi, diferans yo) konte nan limit lan. Yo ap konsidere eksepsyon yo selon chak ka patikilye. Pwopriyete alwe ki gen senk init oswa plis yo pral pase yon analiz fezabilite adisyonèl pou detèmine si pri pwojè a ap koute a rezonab.

Pwojè yo ka pa reyisi al nan faz finisman pou divès kalite rezon, ki gen ladan men pa sèlman, mèt pwopriyete a retire tèt li nan pwogram lan ak mèt pwopriyete a refize aksepte avantaj yo. Si yon pwopriyete te pase revizyon anviwònmanal ak tès pou danje a, men apres a li pa reyisi atenn faz konstriksyon an, depans sa yo (ansanm ak nenpòt lòt depans yo te fè pou akonpli pwojè a) pral rete depans pou akonpli pwojè a yo.

## 1.14 Analiz sou Fezabilite Reparasyon an

Antanke yon benefisyè fon federal, DEO responsab pou yo asire ke aktivite yo nan yon pri rezonab epi yo nesèsè. Kidok, yo pral analize chak pwopriyete yo evalue nan kad HRRP a pou fezabilite. Yo pral prepare bidjè preliminè a, ke yo re Estimasyon Pòte Travay la (SWE), pou endike pri potansyèl demolisyon, elvasyon, ak reparasyon oswa ranplasman ka koute, jan sa apwopriye. SWE a pral gen ladan depans pou tout rediksyon dega ak egzijans aksesibilite anplis yo.

Yo pral rekonstwi oswa ranplase pwopriyete yo estime pri pou reparasyon ak/oswa elvasyon ki satisfè oswa depase 75% rekonstriksyon oswa ranplasman yon lojman konparab, jan pwogram lan detèmine a. Yo p ap repare yo. Pwopriyete yo estime pri pou reparasyon ak/oswa elvasyon ki satisfè oswa depase yon rekonstriksyon oswa ranplasman lojman konparab pral limite a rekonstriksyon oswa ranplasman kòm yon opsyon pri ki pi rezonab. Sityasyon kote y ap egzije ranplasman, rekonstriksyon ak/oswa elvasyon yo gen ladan:

1. Yo ka ranplase oswa rekonstwi kay ke yo te deja demoli yo.
2. Yo ka ranplase oswa rekonstwi kay jiridiksyon lokal yo kondane yo (etikèt wouj yo).
3. Yo ka ranplase oswa rekonstwi kay ki poze danje estriktirèl oswa ki gen lòt kondisyon ki poze danje oswa ki rann li enposib pou anplwaye yo enspekte anndan yo.
4. Jan yo preskri nan *Plan Daksyon an*, reparasyon yon Inite Lojman Mobil/Fabrike (MHU) ki gen plis pase 5 an ak/oswa ki gen kantite reparasyon akòz dega Ouragan Irma te lakoz ki vo plis pase \$15 000 pa fezab epi ranplasman yo jistifye.
5. Si yon jiridiksyon lokal te rann yon detèminasyon dega sibstansyèl pou yon estrikti rezidansyèl dal li sou tè ki sitiye anndan yon plèn inondab santenal (100 tan), yo pral rekonstwi ak elve estrikti a. Reparasyon pa yon opsyon. Yo pral evalue yon pilve ak poto pou reparasyon ak elvasyon an selon chak ka patikilye.
6. Si jiridiksyon lokal la te rann yon detèminasyon amelyorasyon sibstansyèl pou yon estrikti rezidansyèl ki sitiye anndan yon plèn inondab nan ka inondasyon santenal (100 tan), yo dwe elve estrikti a.
7. Y ap ranplase inite kay mobil ki pral mande pou fè elvasyon ki pi wo pase wotè enstalasyon estanda a avèk yon inite lojman modilè y ap elve nan estanda pwogram lan.

## 1.15 Rezistans ak Rediksyon Dega

Annakò ak objektif HUD yo, jan yo defini nan [Avi Rejis Federal Vol. 83, No., 28, 9 fevriye](#), 2018 la, pwogram lan te tabli yon Estanda Konstriksyon Kay Rezistan pou amelyore rezistans pwopriyete yo fas a katastwòf dorijin ewolyèn yo alavni. Estanda sa a gen ladan mezi rezistans ak rediksyon dega ke yo prevwa k ap ofri materyo konstriksyon amelyore pou eleman espesifik lojman yo ki gen ladan twati, fenèt yo ak pòt yo. Y ap aplike Estanda Konstriksyon Kay Rezistan an pou tout kay ke yo te verifye reparasyon akòz Ouragan Irma yo rete yon bezwen ki poko satisfè epi pwogram lan pral repare yo. Opsyon rezistans ak rediksyon dega yo p ap disponib kòm yon avantaj konstriksyon apa pou kont li, san pa gen lòt dega Ouragan Irma te lakoz. Gade nan Seksyon 8.2 a pou plis detay sou Nòm Konstriksyon Kay Rezistan an.

Mezi rezistans ak rediksyon dega yo prale byen pi lwen pase bezwen reparasyon lojman ki pa satisfè yo pou yo ka satisfè nòm rezistans lojman HUD ak DEO yo. DEO te chwazi mezi rezistans pou rediksyon dega sa yo pou ofri rezidan Florid yo yon lojman ki pi djanm fas a katastwòf yo alavni. Nan konsa, mezi sa yo p ap konte nan kalkil fezabilite pou detèmine si yo dwe repare yon kay oswa rekonstwi l.

Tès pou tabli si pri aplikasyon an rezonab la ap detèmine fezabilite a, jan yo dekri nan *Plan Daksyon pou Retablisman Apre Katastwòf 2018 Eta Florid la* ak jan yo dekri nan Seksyon 1.14 nan manyèl sa a. Tès pou tabli si pri a rezonab la pral konpare pri debaz reparasyon yo (san konte okenn mezi rezistans amelyore) nan valè pwogram lan estime kay la ap koute a.

## 1.16 Rapidite Repons Aplikasyon an

Pandan pwosesis aplikasyon an, li obligatwa pou mèt pwopriyete alwe a reponn nan yon delè apwopriye lè Pwogram lan mande yo enfòmasyon/materyèl pou yo ka akonpli pwosesis elijiblite a. Yo pa dwe neglijè reponn okenn demann pou enfòmasyon anplis odela yon delè 30 jou travay. Si mèt pwopriyete alwe a bezwen plis tan an, yon eksplikasyon, oswa èd, yo ka mande èd nan lespas delè 30 jou yo atribiye a. Si mèt pwopriyete alwe a pa rive bay enfòmasyon/materyèl yo mande yo oswa li pa rive mande plis tan oswa èd, y ap konsidere aplikasyon yo a annatant jiskaske yo bay enfòmasyon an.

Si yon mèt pwopriyete alwe a pa reponn ditou, y ap fèmen aplikasyon an. Yo defini "Pa reponn ditou" kòm lè yo pa reponn oswa yo pa retounen twa apèl nan telefòn youn apre lòt, epi yo pa rive reponn deman ekri yo nan limit tan pwogram lan bay la. Yo ka konteste fèmti yon aplikasyon akòz yo pa reponn ditou yon fwa. Si rezilta yon kontestasyon reyisi lakoz yo reyaktifè yon aplikasyon, yo p ap ka konteste fèmti ki fèt annapre paske yo pa reponn ditou.

## 1.17 Responsablite Aplikasyon yo

Aplikasyon ki resevwa asistans nan kad pwogram HRRP yo gen responsablite ki annapre yo:

1. HRRP p ap responsab pou byen aplikasyon an genyen ki pèdi oswa andomaje pandan konstriksyon an. Aplikasyon an dwe sekirize oswa demenaje tout byen pèsonèl yo jiskaske yo fin fè travay konstriksyon an.
2. Aplikasyon an dwe fè aranjman pou kontraktè konstriksyon yo k ap bay sèvis konstriksyon yo jwenn aksè a pwopriyete a. Si yo pa bay yon Kontraktè Konstriksyon k ap fè efò bòn fwa pou l fè reparasyon nesèsè yo aksè rezonab epi atan, yo ka sispann bay prim lan.
3. Pandan konstriksyon an, aplikasyon an pa dwe entèfere nan zòn reparasyon yo epi yo dwe fè efò rezonab pou yo pa vini nan zòn konstriksyon an.
4. Apre yo fini, pwopriyete a dwe satisfè Estanda Kalite Lojman yo (oswa estanda ki anvigè yo) egzijans kòd konstriksyon lokal Florid yo, epi nan avantaj moun ki gen Revni Fèb ak Modere (LMI) k ap touche 80% AMI an oswa mwens jan HUD defini ak jan yo dekri nan Lwa sou Lojman ak Devlopman Kominotè 1974 la (HCDA) Tit I, 105(a).
5. Lwaye pou inite ki gen fwaye LMI k ap viv ladan yo nan yon to ki abòdab. Inite ki gen fwaye LMI k ap viv ladan yo dwe konfòm, ominimòm, ak limit lwaye Chè lwa HOME lan ke HUD pibliye nan kad pwogram Patenarya Envestisman HOME lan pandan dire peryòd abòdabilite a. Yo kalkile konfòmite ak limit lwaye yo nan menm fason ak pwogram HUD yo.
6. Yo dwe itilize pwopriyete a pou lojman alwe pandan tout ane a epi yo pa dwe itilize l kòm yon dezyèm kay oswa kòm pwopriyete alwe sezonye.
7. Yo dwe lwe pwopriyete alwe ki vid nan moman aplikasyon an bay fwaye LMI yo nan yon delè 60 jou apre pwojè a fini.
8. Yo dwe bay pwogram lan enfòmasyon sou revni lokatè a pou yo revize ak apwouve avan yo konkli kontra lwaye a ak/oswa avan dat yo rantre nan kay la. Mèt kay la pral mande ak apwouve pwòp baz lokatè yo epi DEO p ap fè okenn jijman sou si lokatè yo se bon chwa ekseptè y ap verifye ke revni yo satisfè egzijans pwogram lan.
9. Pwopriyete a dwe rete kòm yon pwopriyete alwe LMI apre finisman pwojè a pou inite inifimilyal alwe ak inite miltifimilyal alwe yo reyabilite oswa rekonstwi yo pou yon peryòd 1 an ominimòm si li gen 4 inite oswa mwens, ak yon peryòd 15 zan ominimòm si li gen 5 inite oswa plis.

10. Mèt pwopriyete yo dwe mentni kouvèti asirans abitasyon (ki pa mwens pase montan kontra a) ak asirans inondasyon (si sa aplikab). Lalwa federal egzije moun k ap viv oswa ki se mèt yon pwopriyete ki chita nan yon plèn inondab gen asirans sou pwopriyete a pou toutan. L ap obligatwa pou gen yon akò sibvansyon, restriksyon tit pwopriyete, kontra oswa lòt mwayen aplikasyon sou pwopriyete a pou asire yo mentni asirans inondasyon sou pwopriyete sa pou toutan.
  - a) Si yo pa reyisi mentni asirans inondasyon an, lè yo egzije a, sa pral lakoz aplikan an ak pwopriyete a pa elijib pou asistans federal pou rekiperasyon apre katastwòf alavni.
  - b) HRRP pral peye pou asirans inondasyon pandan ennan si mèt pwopriyete a pa gen asirans inondasyon nan moman an epi li pa te resevwa asistans federal avan sa a. Mèt pwopriyete a responsab pou yo jwenn, peye ak mentni tout prim asirans inondasyon yo apre premye ane a.
  - c) Si pwopriyete a sitiye nan yon plèn inondab santenal (100 tan), li ap obligatwa pou aplikan an mentni asirans inondasyon aktiv pou toutan epi ou dwe avize nouvo pwopriyete yo de egzijans asirans inondasyon yo.
11. Mèt pwopriyete yo dwe ajou sou tout taks sou pwopriyete a yo.
12. Mèt pwopriyete yo dwe satisfè tout egzijans yo dakò sou yo ki nan dokiman legal pwogram lan egzekite yo.
13. Yo dwe mete non tout mèt pwopriyete yo nan aplikasyon pwogram lan. Dosye reyabilitasyon yo pral sèlman egzije pou yon mèt pwopriyete siyen fòmilè pwogram lan yo epi konkli akò sibvansyon an. Dosye rekonstriksyon ak ranplasman yo pral egzije pou yon mèt pwopriyete siyen fòmilè pwogram lan yo ak akò sibvansyon an; toufwa, li obligatwa pou tout moun ki gen yon enterè pwopriyete nan pwopriyete ki te sibi domaj la bay konsantman l pou yo demoli estrikti ki te sibi domaj la avan egzekisyon akò sibvansyon an. HRRP pa responsab pou okenn dispit ki rive ant mèt pwopriyete yo.
14. Yo dwe retire tout debri, veyikil ak bilding abandone ki poze danje pou sekirite ak/oswa pwoteksyon jan jiridiksyon lokal la oswa moun ki kalifye pou fè detèminasyon sa a detèmine avan konstriksyon an kòmanse. Mèt pwopriyete a pral retire byen pèsònèl degrade yo. Mèt pwopriyete a gen 30 jou apati dat yo siyen kontra pou yo retire tout debri ak byen degrade sa yo sou sit konstriksyon an. Si yo pa reyisi retire byen sa yo, sa ka lakoz yo redui montan avantaj total yo t ap resevwa pou konte pou depans pou pwogram lan retire yo epi si rediksyon sa a lakoz yon nouvo detèminasyon fezabilite ke pwojè a pa fezab ankò, y ap detèmine ke aplikan an pa elijib ankò epi y ap fèmen aplikasyon an.

## 1.18 Plent/Apèl Rekou/Konfli Enterè

Y ap ofri aplikan yo ak lokatè yo yon pwosedi pou yo pote plent ak fè apèl rekou. Yo ka depoze plent konsènan nenpòt ak tout enkyetid yo ka genyen an rapò ak pwosedi HRRP swiv yo ak sévis yo bay yo. Yo ka depoze apèl rekou yo sèlman apre pwogram lan fin pran yon desizyon defavorab konsènan elijiblite oswa fèmti yon aplikasyon oswa refi yon asistans demenajman pou yon lokatè ak sèlman nan paramèt pwosedi Apèl yo tabli yo. Okenn moun pa ka konteste politik pwogram lan.

Yon apèl rekou ke yon aplikan oswa yon lokatè pral gen ladan yon pwosedi doleyans ekri enfòmèl ak fòmèl, ki ka gen ladan, menm pa sèlman, odyans enfòmèl, revizyon tyès pati oswa revizyon administrativ. HRRP pral bay yon desizyon konsènan revizyon eksepsyon yo ak apèl rekou fòmèl yo. Yo pral plis eksplike apèl rekou yo, doleyans yo, ak eksepsyon yo nan Pwosedi Plent, Apèl Rekou al Eksepsyon yo. Gade nan Anèks B Pwosesis Rekonsiderasyon/Apèl Rekou/Plent lan.

### 1.18.1 Plent sou Lojman Ekitab yo

DEO sètifye ke y ap jere ak administre HRRP konfòmeman ak tit [VI Lwa sou Dwa Sivil 1964 la](#) (42 U.S.C. 2000d) ak [Lwa sou Lojman Ekitab la](#) (42 U.S.C. 3601-3619), epi fè respekte règleman yo, epi li pral pwomouvwa lojman ekitab nan fason favorab.

Y ap refere moun ki akize ke gen yon vyolasyon lwa sou lojman ekitab yo bay kontak lokal ak pwosesis DEO a pou yo depoze yon plent. DEO pral kenbe yon lis ak dosye ki gen tout demann, akizasyon, plent ak referans ki gen rapò ak lojman ekitab yo. Anplis de sa, DEO pral rapòte non-konfòmite yo sispèk yo bay HUD. Kontak pou Plent sou Lojman Ekitab yo se:

[FairHousing@deo.myflorida.com](mailto:FairHousing@deo.myflorida.com)  
(850) 717-8426

### 1.18.2 Konfli Enterè

Yo entèdi tout fonksyonè ak anplwaye eta yo, anplwaye DEO yo ak konsiltan ki egzèse fonksyon ki gen rapò ak aktivite CDBG-DR finansye yo oswa ki nan yon pozisyon pou yo patisipe nan yon pwosesis pou pran desizyon oswa jwenn enfòmasyon entèn konsènan aktivite yo, resevwa nenpòt avantaj nan aktivite a swa pou tèt yo oswa pou moun ki gen lyen famiyal oswa lyen biznis avèk yo, pandan dire aktivite a.

Pou objektif seksyon sa a, yo defini “fanmi” pou gen ladan paran yo (sa gen ladan bèlmè ak bòpè), granparan, frè ak sè (ki gen ladan bèlsè ak bòfrè) ak timoun yon fonksyonè ki konsène nan kad règleman sou konfli enterè CDBG yo ki nan [24 CFR Seksyon 570.489\(h\)](#).

Yo ka fè yon eksepsyon nan dispozisyon sou konfli enterè a si yo ta detèmine ke DEO te reponn piblikman a tout enkyetid konfli enterè potansyèl la pwodui yo kòm sadwa epi lè yo fè yon eksepsyon, sa ap sèvi pou plis pwomouvwa objektif [Tit I nan Lwa sou Lojman ak Devlopman Kominotè 1974 la](#) ak administrasyon pwogram lan nan yo fason efikas ak pwodiktif. Okenn pati konsène p ap antre nan yon konfli enterè pazavan yo akòde yo demann pou yo fè eksepsyon an.

## 1.19 Politik kont Fwòd ak Politik Konfòmite yo

Lwa 1978 Biwo Enspektè Jeneral la egzije pou gen politik pou anpeche gaspiyaj, fwòd, ak abi. DEO te tabli pwosedi pou yo verifiye si enfòmasyon aplikan, vandè ak sou-benefisyè yo bay la kòrèk. HRRP Rekonstwi Florid la pral mennen ankèt sou tout akizasyon konsènan elijiblite ak vèsman fon yo oswa nenpòt lòt akizasyon fwòd oswa non konfòmite.

Y ap pran tout ka fwòd yo sispèk oserye epi y ap rapòte plent yo bay Biwo Enspektè Jeneral DEO a nan [OIG@deo.myflorida.com](mailto:OIG@deo.myflorida.com). Si DEO a detèmine ke li apwopriye, li pral kowòdone ankèt li a ak ajans yo tankou Biwo Enspektè Jeneral Florid la, Biwo Pwokirè Jeneral Florid la, oswa Depatman Règlemantasyon Biznis ak Pwofesyonèl Florid la.

Yo pral transmèt plent konsènan fwòd, gaspiyaj oswa abi fon gouvènman yo gen prèv yo Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini an (HUD, Liy Asistans pou Fwòd Biwo Enspektè Jeneral (OIG) (telefòn: 1-800-347-3735 oswa imèl: [hotline@hudoig.gov](mailto:hotline@hudoig.gov)).

## 1.20 Fichye, Dosye ak Rapò yo

Annakò ak [24 CFR 570.490](#), li obligatwa pou DEO kenbe tout dokimantasyon pwogram lan ak sila ki gen rapò ak pwojè a tankou dosye finansye, dokiman sipò, ak dosye estatistik yo. Yo dwe kenbe dosye yo pou yon peryòd ki pa mwens pase senk (5) an apre ane fizik sibvansyon an te fèmen oswa twa (3) zan apre sibvansyon an fèmen nan HUD, kèlkwswa sa ki pi long lan.

Ominimòm, li obligatwa pou yo tabli kalite dosye ki annapre yo pou chak sou-benefisyè:

- Dosye ki bay deskripsyon konplè pou chak aktivite;
- Dosye k ap verifye ke aktivite a satisfè objektif nasyonal yo;
- Dosye ki lye ak demontre elijiblite aktivite yo;
- Dosye ki nesèsè pou dokimante aktivite ki gen rapò ak byen imobilye a;
- Dosye k ap dokimante konfòmite ak egzijans lojman ekitab ak opòtinite egal yo;
- Dosye finansye ak Rapò DEO egzije yo;
- Rapò sou pèfòmans DEO egzije yo; ak
- Dosye k ap sipòte nenpòt egzijans presi sibvansyon an preskri.

## 1.21 Evalyasyon Eta ak Federal yo

Aktivite evalyasyon yo se eleman woutin nan kad aktivite CDBG-DR yo epi ajans eta yo ak/oswa ajans federal yo ka fè yo pou rezon finansye, operasyonèl, oswa pwogramatik.

Eta Florid gen yon Evalyatè Jeneral (AG) ki aji kòm yon evalyatè ekstèn endepandan. AG a fè evalyasyon kont yo ak dosye ajans eta a yo pou detèmine si resous finansye yo byen kontabilize; fonksyonè piblik yo respekte lwa, règ, règleman ak lòt egzijans legal ki aplikab yo; kontwòl entèn efikas an plas kòm sadwa pou operasyon antite yo; epi yo byen pwoteje resous yo. Eta a gen dwa pou l fè verifikasyon, epi tout aspè HRRP a sijè a revizyon ak verifikasyon.

Anplis de sa, Biwo Enspektè Jeneral DEO a (OIG) gen de zòn fonksyonèl separe—yon zòn ki fè verifikasyon pou ajoute valè ak pou amelyore fonksyonman yon ajans epi lòt zòn lan pou fè ankèt sou reklamasyon gaspiyaj, fwòd ak abi, ki ka rive tou nan pwogram CDBG-DR yo.

Onivo federal, OIG HUD la fè rechèch preliminè (yon sondaj) ak/oswa verifikasyon pwogram pou rekiperasyon apre katastwòf yo, ke yo tipikman fè yon fwa pwogram yo ankou epi yon benefisyè te depanse fon yo. Grasa a verifikasyon OIG HUD la yo ak efò evalyasyon ak ankèt li yo, OIG a travay pou rann sèten ke yo te depanse fon pou asistans apre katastwòf yo kan Kongrè a preskri.

## 1.22 Egzijans Apwovizyonman yo

DEO dwe respekte pwosesis Apwovizyonman kòd gouvènman federal ak eta preskri yo jan yo aplikab pou pwogram lan. Yo te tabli nòm ak Direktiv yo pou acha materyèl, ekipman, sèvis konstriksyon, jeni, achitekti, konsiltasyon, ak lòt sèvis pwofesyonèl yo nan Direktiv pou Acha ak Kontra DEO yo ke yo te elabore annakò ak egzijans eta ak federal yo. Pwosesis apwovizyonman gen ladan desizyon pou yo achte ansanm ak desizyon pou yo konplete tranzaksyon acha a. Gouvènman federal la te tabli yon seri règ apwovizyonman nan 2 CFR Part 200.317-326 ki aplike pou pwojè CDBG-DR yo. Règ sa yo an plas pou asire yo depanse lajan federal yo nan fason ekitab epi ankouraje konpetisyon transparan pou pi bon nivo sèvis ak pri. Si ta gen yon konfli ant règleman apwovizyonman federal yo ak règleman lokal yo, y ap swiv règleman ki pi estrik pami yo de a.

DEO pral tabli nòm ki konfòm pou konstriksyon yo. Pou asire konpetisyon konplè ak ouvè, y ap kalifye kontakè konstriksyon yo pa mwayen yon pwosesis demann òf konpetitif annakò ak Chapit 287 Lwa Florid yo epi yo pral swiv 24 CFR 570.487(g) ominimòm. Kontraktè yo pral konfòm a seksyon 3 nan Lwa sou Lojman ak Devlopman Iben 1968 la (12. U.S.C. 1700lu) epi fè respekte règleman yo ki nan 24 CFR pati 153. Kontraktè yo chwazi sou kontwòl DEO yo pral asire ke moun ki gen revni fèb ak revni trè fèb yo; kote y ap espesyalman dirije opòtinite anvè rezidan ak biznis lokal ki satisfè egzijans kalifikasyon pou pwojè a.

Kontraktè yo pral fè tout efò posib pou yo rekrute, sible, ak dirije opòtinite anvè rezidan ak biznis Seksyon 3 yo ansanm ak enfòmè rezidan seksyon 3 yo de opòtinite fòmasyon ki disponib yo. DEO pral bay Kontraktè yo resous itil pou maksimize efò sa yo, ki gen ladan men pa sèlman, yon Rejis Biznis Seksyon 3, ak egzanp opòtinite fòmasyon ak travay ki disponib yo. W ap jwenn egzijans ak eksplikasyon sou egzijans acha yo nan <http://www.floridajobs.org/docs/default-source/office-of-disaster-recovery/hurricane-irma/irma-comprehensive-policies-and-procedures-draft-5-3-2019.pdf?sfvrsn=2>

## 2.0 Egzijans Elijblite pou Pwopriyete Inifamilyal Alwe yo

Egzijans ki annapre yo se egzijans minimòm, ke yon aplikan dwe satisfè pou l ka elijib pou asistans. Elijblite pa garanti asistans, paske pral gen yon estrateji priyòrizasyon obligatwa (annakò ak egzijans pwogram lan yo) epi yo prevwa pral gen plis aplikan ki elijib pase fon ki disponib pou yo ba yo. Egzijans minimòm yo se egzijans ki pral swa pèmèt yon aplikan kontinye vanse nan pwogram lan oswa lakoz yo diskalifye. Kritè minimòm yo ki dekri an plis detay anba la pou pwogram HRRP Rekonstwi Florid la se:

1. Dega akòz tanpèt ki te frape an septanm 2017 la avèk rès dega ki poko repara;
2. Lokalite pwopriyete ki te sibi domaj la anndan zòn HUD oswa eta a idantifye kòm Zòn ki plis Afekte ak plis an Detrès (MID) oswa yon zòn Prezidan an te deklare katastwòf pou li akòz Ouragan Irma;
3. Omwen yon moun nan aplikasyon an ki gen enterè pwopriyete an pati oswa annantye sou pwopriyete a dwe kapab demontre li se Sitwayen Ameriken oswa li gen Rezidans Pèmanan;
4. Prèv tit pwopriyete nan moman dega katastwòf la te frape a epi mentni tit pwoprite a;
5. Aplikan ajou nan tout obligasyon prè yo pou pwopriyete a;
6. Y ap itilize estrikti ki te sibi domaj la kòm yon pwopriyete alwe alontèm epi pa tankou yon dezyèm kay oswa yon pwopriyete alwe sezonye. Osinon, y ap transfòme estrikti a vin yon pwopriyete alwe alontèm;
7. Taks sou pwopriyete yo ajou; epi
8. Revni pou lokatè aktyèl ak alavni yo se oswa yo pral Revni Fèb ak Modere (LMI).

## 2.1 Dega Ouragan Irma

Kay la dwe te sibi domaj ke oswa akòz Ouragan Irma an septanm 2017 epi dega yo de poko repara apati dat aplikasyon an. Y ap abòde dega ki gen nan kay la ki pa rive akòz Ouragan Irma sèlman nan estrikti ki deja genyen dega tanpèt ki gen rapò ak Irma a.

Opsyon Prèv Dega yo gen ladan:

1. Lèt atribisyon FEMA, SBA, Asirans yo ap prèv reyèl ke Irma te lakoz dega ki nan kay la.
2. Nan ka kote dokiman yo refere anwo a yo pa disponib, yon rapò enspeksyon (ki gen ladan foto dega yo ak yon evalyasyon dega ekri) nan kad yon evalyasyon dega ke HRRP te fè ki sètifye ke dega yo te rive akòz ouragan ap akseptab.
3. Nan ka kote lèt atribisyon FEMA, SBA oswa Asirans yo pa disponib, epi rapò enspeksyon an pa abouti a prèv ki te lakoz dega yo, HRRP ka itilize prèv alatènativ, tankou rapò medya onivo katye yo oswa dokimantasyon dega yo ke òganizasyon repons/sekou aprè katastwòf yo te fè selon chak ka patikilye.
4. Si FEMA te refize bay mèt yon pwopriyete asistans, ka toujou gen asistans disponib pa mwayen pwogram CDBG-DR a depi yo ka lye dega yo a Ouragan Irma. DEO entèdi pou yo itilize refi FEMA pou bay asistans kòm sèl baz pou refize bay asistans CDBG-DR.

## 2.2 Lokalite

Daprè Rejis Federal [Vol. 83, No. 28, 9 fevriye 2018](#) ak [Vol. 83, No. 157, 14 out 2018](#), pwopriyete ki te sibi domaj la dwe nan zòn HUD oswa Eta a deziyen kòm zòn MID yo ki se konte: Alachua, Baker, Bradford, Brevard, Broward, Charlotte, Citrus, Clay, Collier, Columbia, DeSoto, Dixie, Duval, Flagler, Gilchrist, Glades, Hardee, Hamilton, Hendry, Hernando, Highlands, Hillsborough, Indian River, Lafayette, Lake Lee, Levy, Manatee, Marion, Martin, Miami-Dade, Monroe, Nassau, Okeechobee, Orange, Osceola, Palm Beach, Pasco, Pinellas, Polk, Putnam, Sarasota, Seminole, St. Johns, St. Lucie, Sumter, Suwannee, Union, Volusia ak KÒD postal 32068, 32084, 32091, 32136, 32145, 32771, 33440, 33523, 33825, 33870, 33935, 34266. Pou Inite Lojman Mobil/Fabrike (MHU) yo, MHU ki te sibi domaj la dwe te sitiye nan youn nan zòn sa yo nan moman tanpèt la te frape a. Osinon, pwopriyete a te ka sitiye nan yon zòn yo pa deziyen MID ki te resevwa deklarasyon katastwòf prezidansyèl an repons a Ouragan Irma.

## 2.3 Prèw Sitwayènte Amerikèn oswa Prèw Estati Rezidan Pèmanan (Kat Rizidans)

Pwogram lan pral respekte Lwa sou Responsablite Pèsonèl ak Rekonsilyasyon Opòtinite Travay 1996 la ("PRWORA") lè y ap detèmine elijiblite pou asistans. Sitwayen Amerikèn oswa Rezidan Pèmanan (Kat Rizidans) yo elijib pou yo resevwa avantaj yo nan kad Pwogram sa a. Omwen yon moun nan aplikasyon an ki gen enterè pwopriyete an pati oswa annantye sou pwopriyete a dwe kapab demontre li se Sitwayen Amerikèn oswa Rezidan Pèmanan pou garanti elijiblite pou Pwogram lan.

Dokiman nesèsè pou verifye prèw Sitwayènte Amerikèn oswa Estati Rezidan Pèmanan (Kat Rizidans) pral gen ladan, men pa sèlman, dokiman ki annapre yo:

- Si aplikan an, ki gen non l sou dokiman tit pwopriyete a, gen yon Lisans Chofè REAL ID ki valid oswa Kat Idantite ki konfòm ak REAL ID, pwogram lan pral konsidere validasyon sa a konplè.
- Nan ka kote yon Lisans Chofè oswa Kat Idantite ki konfòm ak REAL ID pa disponib, y ap konsidere aplikan ki te konfime asistans ak lèt FEMA IA oswa done SBA pou asistans pou pwopriyete a kòm aplikan ki verifye gras a metòd sa a paske ni FEMA, ni SBA valide rezidans legal nan kad pwosesis aplikasyon yo an.
- Aplikan ki pa gen yon Lisans Chofè ki konfòm ak REAL ID, Kat Idantite ki konfòm ak REAL ID, asistans FEMA IA oswa SBA, dwe soumèt dokiman ki annapre yo:
  - Kat Rezidans;
  - Ak de Nesans Amerikèn (yo verifye ak yon ID Gouvènman Bay ki Gen Foto); oswa
  - Paspò Amerikèn oswa Sètifika Natiralizasyon.

## 2.4 Tit Pwopriyete

Aplikan an dwe se pwopriyete aktyèl pwopriyete ki te sibi domaj la pou l ka elijib pou pwogram lan. Aplikan ki an defayans oswa ki nan pwosedi sezi pou yon pwopriyete alwe pa ka kontinye.

Aplikan yo ki gen privilèj yo ak jijman yo dwe ki poko peye dwe peye privilèj ak jijman yo pou yo ka patisipe nan pwogram lan. Aplikan yo pral gen yon delè 6 mwa apati dat aplikasyon an pou yo peye privilèj ak jijman sa o.

Yo pral verifye tit pwopriyete a pa mwayen dosye taks, rezilta rechèch sou tit pwopriyete a oswa ak fòmalis garanti aplikan an bay. Pwogram lan ka konsidere lòt dokiman kòm prèw selon chak ka patikilye.

Antite legal yo, tankou SARL yo, kòporasyon yo oswa biznis yo, lè yo gen tit pwopriyete pou pwopriyete ki te sibi domaj la nan moman Ouragan Irma te frape a, sa ap yon fòm pwopriyete elijib. Toutfwa, aplikan an dwe demontre ke antite a te apwouve yon rezolisyon pou yo aplike pou pwogram lan.



## 2.5 Itilizasyon Pwopriyete a

Aplikasyon an dwe pwouve yo itilize pwopriyete a nan moman an kòm yon pwopriyete alwe epi yo ap kontinye itilize l konsa pou pwopriyete alwe alontèm, pa pou rezon vakans oswa pwopriyete alwe sezonye. Osinon, aplikasyon an dwe sètifye ke yo ap itilize pwopriyete a kòm pwopriyete alwe alontèm lè yo fin repare, ranplase oswa rekonstwi l. L ap obligatwa pou genye yon akò sibvansyon, restriksyon tit pwopriyete, kontra oswa lòt mwayen aplikasyon yo ap mete sou pwopriyete a paske aplikasyon an resevwa asistans nan pwogram HRRP a. HRRP pral siveye piblisite yo fè pou inite alwe a pou verifye si yo respekte nòm Lojman Ekitab yo. Yo ap evalye lis lwaye yo chak ane pou kondisyon peryòd abòdab aplikab la, apre yo fin fè restriksyon an, pou yo verifye ke yo lwe pwopriyete a bay moun/fwaye LMI yo epi to lwaye yo konfòm ak egzijans pwogram lan yo.

## 2.6 Taks sou Pwopriyete yo

Tout aplikasyon yo dwe ajou pou tout taks sou pwopriyete yo. HRRP pral fè aplikasyon an bay dokiman yo ap jwenn nan Biwo Evalyatè Taks lokal yo a oswa yo ka jwenn enfòmasyon sa yo sou entènèt nan yon Biwo Pèseptè Taks lokal.

## 2.7 Kalite Pwopriyete a

Estrikti inifamilyal ak estrikti miltifamilyal yo ka elijib. Yo defini estrikti inifamilyal yo kòm estrikti rezidansyèl ki gen kat inite oswa mwens, epi estrikti miltifamilyal yo gen senk inite oswa plis. Sa gen ladan diplèks, triplèks, kadriplèks ke se pa mèt yo k ap viv ladan yo.

## 2.8 Aplikasyon ki Pa Elijib yo

Kalite tit pwopriyete ki annapre yo pa elijib pou asistans nan kad pwogram sa a:

1. Mèt pwopriyete ki pèdi tit pwopriyete kay yo akòz pwosedi sezi yo pa elijib pou asistans.
2. Moun ak pwopriyete yo jwenn ki pa respekte règleman FEMA yo oswa ki pa reyisi konfòm ak egzijans Lwa sou Refòm Asirans Inondasyon Nasyonal la yo pa elijib pou asistans. Nonkonfòmite nan kontèks sa a vle di yon pwopriyete kote mèt li pa te reyisi jwenn ak mentni asirans inondasyon apre li te resevwa finansman federal pou yon katastwòf ki te rive avan.

## 2.9 Egzijans Sètifikasyon pou Resevwa Asistans yo

Tout aplikasyon (yo) dwe dakò ak kondisyon ki annapre yo pou yo ka resevwa asistans:

1. Siyen yon otorizasyon pou yo ka pataje enfòmasyon aplikasyon (yo) bay yo ak ajans federal ak eta a yo ak sèten tyès pati pou yo ka verifye enfòmasyon yo bay pwogram lan. Li obligatwa pou aplikasyon an ak ko-aplikasyon an siyen otorizasyon an (amwenske youn nan mèt pwopriyete elijib yo te bay pwokirasyon pou lòt la reprezante l), nan ka sa a mèt pwopriyete ki elijib la pa bezwen siyen otorizasyon an).
2. Dakò pou yo verifye estati tit pwopriyete yo, kantite dega ki gen rapò ak katastwòf la ki gen nan kay la ak asistans yo te resevwa avan nan men tout lòt sous.
3. Dakò pou yo bay pwogram lan enfòmasyon sou revni lokatè a pou yo revize ak apwouve avan yo konkli kontra lwaye a ak/oswa avan dat yo rantre nan kay la.
4. Dakò pou yo sispann tout aktivite restriksyon nan moman yo aplike pou HRRP a.
5. Mentni asirans inondasyon sou pwopriyete a pou toutan si li sitiye nan yon plèn inondasyon nan ka inondasyon santanal (100 tan).

6. Jire devan lalwa sou tout pèn ak temwayaj ke tout enfòmasyon yo bay pwogram lan yo kòrèk ak konplè.
7. Admèt ke yo dwe rekipere nenpòt avantaj yo te peye yo anplis.
8. Tout aplikan (yo) dwe siyen yon seri dokiman pou yo ka resevwa asistans. Yo eksplike dokiman sa yo byen klè nan seksyon ki vin annapre yo ak nan dokiman legal yo egzekite nan moman y ap siyen kontra oswa nan moman lavant lan. Sa a gen ladan dokiman yo revize ki nesèsè pou rekonèt chanjman apre lavant lan konkli.
9. Yo dwe rezève sou tout inite lwaye pwogram HRRP a ede finansè yo pou moun ki gen Revni Fèb ak Modere (LMI) yo pandan peryòd abòdabilite a. Lwaye yo, ominimòm, dwe konfòm ak Patenarya Envestisman nan Kay Alwe Chè yo (HOME). Lwaye yo pa dwe plis pase 30% revni mansyèl pou yo fwaye k ap touche 80% oswa mwens pase Revni Medyan Zòn (AMI) lan.

Tanpri gade nan seksyon sou Egzijans Elijibilite Pwopriyete Miltifamilyal Alwe yo ki sitiye nan Pati 3 pou w wè egzijans elijiblite ki espesifik pou lojman miltifamilyal nan kad pwogram HRRP a.

## **3.0 Egzijans Elijiblite pou Pwopriyete Miltifamilyal Alwe yo**

Yo konsidere pwopriyete alwe ki gen senk inite oswa plis yo kòm pwojè miltifamilyal. Y ap asiyen pwojè miltifamilyal yo bay Manadjè Pwojè Miltifamilyal Pwogram Reparasyon ak Ranplasman Lojman an (HRRP) (DEO) olye yo pase pa pwosesis jesyon ka estanda a. Y ap ranpli aplikasyon pou pwojè miltifamilyal yo pa mwayen yon pwosesis manyèl epi an kowòdinasyon ant Manadjè Pwojè Miltifamilyal la ak mèt pwopriyete a.

Egzijans ki nan lis anba la yo se egzijans minimòm, ke yon aplikan ki gen senk inite oswa plis dwe satisfè pou l ka elijib pou asistans. Elijiblite pa garanti asistans paske pral gen yon estrateji priyòrizasyon obligatwa (annakò ak egzijans pwogram lan yo) epi yo prevwa pral gen plis aplikan ki elijib pase fon ki disponib pou yo ba yo. Egzijans minimòm yo se egzijans ki pral swa pèmèt yon aplikan kontinye vanse nan pwogram lan oswa lakoz yo diskalifye. Kritè minimòm yo pou pwogram HRRP Rekonstwi Florid la repati nan fason ki annapre la:

1. Dega akòz tanpèt ki te frape an septanm 2017 la avèk rès dega ki poko repare;
2. Lokalite pwopriyete ki te sibi domaj la anndan zòn HUD oswa eta a idantifye kòm Zòn ki plis Afekte ak plis an Detrès (MID) oswa yon zòn Prezidan an te deklare katastwòf pou li akòz Ouragan Irma;
3. Prè tit pwopriyete nan moman dega katastwòf la te frape a epi kontinye mentni tit pwopriete;
4. Aplikan dwe ajou nan tout obligasyon prè yo pou pwopriyete a;
5. Y ap itilize estrikti ki te sibi domaj la kòm yon pwopriyete alwe alontèm (ennan oswa plis) epi pa tankou yon dezyèm kay oswa yon pwopriyete alwe sezonye. Osinon, y ap transfòme estrikti a vin yon pwopriyete alwe alontèm;
6. Taks sou pwopriyete yo ajou;
7. Pwopriyete a dwe yon estrikti rezidansyèl ki gen 5 inite oswa plis oswa plizyè estrikti rezidansyèl ki sitiye nan anplasman youn akote lòt. Tout inite yo dwe gen menm mèt (yo). Yo dwe itilize tout inite yo pou lwaye alontèm;
8. Pwojè a egzije pou omwen yon inite nan de gen fwaye ki gen Revni Fèb ak Modere (LMI) k ap viv ladan (sa vle di nan nivo oswa pi ba pase 80% AMI a). Si estrikti a gen plis pase de inite, omwen 51% ladan l dwe gen fwaye LMI k ap viv ladan. Yo ka finansè pwojè revni miks yo, men sèlman nan mezi mèt yo vle aplike objektif nasyonal la nan tout inite yo finansè;

9. Mèt pwopriyete a ka pwouve sekirite finansyè epi yo te deja garanti tout fon anplis ki nesèsè pou yo fini pwojè a avan HRRP te pran angajman pou l finanse yo; epi
10. Pwojè a nan yon pri rezonab.

## 3.1 Dega Ouragan Irma

P wopriyete a dwe te sibi domaj ke oswa akòz Ouragan Irma an septanm 2017 epi dega yo de poko repare apati dat aplikasyon an. HRRP pral verifye pa mwayen enspeksyon ke pwopriyete a te sibi domaj gras a yon pwosesis verifikasyon dega.

Yo ka pwouve dega yo pa mwayen:

1. Lèt atribisyon FEMA, SBA, Asirans yo ap prèyèy ki montre ke Ouragan Irma te lakoz dega ki nan kay la.
2. Nan ka kote dokiman yo refere anwo a yo pa disponib, yon rapò enspeksyon (ki gen ladan foto dega yo ak yon evalyasyon dega ekri) nan kad yon evalyasyon dega ke HRRP te fè ki sètifye ke dega yo te rive akòz Ouragan Irma ap akseptab.
3. Si lèt atribisyon FEMA, SBA oswa asirans yo pa disponib epi rapò enspeksyon an pa abouti a prèyèy ki te lakoz dega yo, HRRP ka bay prèyèy alatènativ, tankou rapò medya onivo katye yo oswa dokimantasyon dega yo ke òganizasyon repons/sekou aprè katastwòf yo te fè selon chak ka patikilye.

## 3.2 Lokalite

Pwopriyete ki te sibi domaj la dwe nan zòn HUD oswa Eta a deziyen kòm zòn ki plis Afekte ak plis an Detrès (MID) yo ki se konte: Alachua, Baker, Bradford, Brevard, Broward, Charlotte, Citrus, Clay, Collier, Columbia, DeSoto, Dixie, Duval, Flagler, Gilchrist, Glades, Hardee, Hamilton, Hendry, Hernando, Highlands, Hillsborough, Indian River, Lafayette, Lake Lee, Levy, Manatee, Marion, Martin, Miami-Dade, Monroe, Nassau, Okeechobee, Orange, Osceola, Palm Beach, Pasco, Pinellas, Polk, Putnam, Sarasota, Seminole, St. Johns, St. Lucie, Sumter, Suwannee, Union, Volusia ak KÒD postal 32068, 32084, 32091, 32136, 32145, 32771, 33440, 33523, 33825, 33870, 33935, 34266.

## 3.3 Tit Pwopriyetè

Aplikasyon an dwe te mèt pwopriyete a nan moman Ouragan Irma te frape a epi li dwe rete pwopriyetè aktyèl pwopriyete ki te sibi domaj la pou l ka elijib pou pwogram HRRP a. Aplikasyon ki an defayans oswa ki nan pwosedi sezi pou yon pwopriyete alwe pa ka kontinye.

Aplikasyon yo ki gen privilèj yo ak jijman yo dwe ki poko peye dwe peye privilèj ak jijman yo pou yo ka patisipe nan pwogram lan. Aplikasyon yo pral gen yon delè sis mwa apati dat aplikasyon an pou yo peye privilèj ak jijman sa o.

Yo pral verifye tit pwopriyetè a pa mwayen dosye taks, rezilta rechèch sou tit pwopriyetè a oswa yon ak fòmalis garanti aplikasyon an bay. Pwogram lan ka konsidere lòt dokiman kòm prèyèy selon chak ka patikilye.

Si yo pa reyisi mentni tit pwopriyetè pandan tout dire peryòd sibvansyon an, ki gen ladan peryòd konfòmite 15 zan, sa pral lakoz yo rekiperè fon CDBG-DR yo te envesti nan yon pwopriyete oswa plizyè pwopriyete.

### 3.4 Itilizasyon Pwopriyete a

Aplikasyon an dwe pwouve yo itilize pwopriyete a nan moman an kòm yon pwopriyete alwe epi yo ap kontinye itilize l konsa pou pwopriyete alwe alontèm, pa pou rezon vakans oswa pwopriyete alwe sezonye. Osinon, aplikasyon an dwe sètifye ke yo ap itilize pwopriyete a kòm pwopriyete alwe alontèm lè yo fin repare, ranplase oswa rekonstwi l. Yo ap fè respekte abòdabilite ansanm ak nenpòt lòt restriksyon, kontra elatriye pa mwayen yon akò sibvansyon reglemantè ki pral rete anvigè pou yon peryòd 15 zan. Akò Sibvansyon an pral lye tou nenpòt lòt mèlè pwopriyete a vin genyen alavni, ki gen ladan pretè ki ka vin gen yon pwojè pa mwayen pwosedi sezi. HRRP pral siveye piblisite yo fè pou inite alwe a (yo) pou verifye si yo respekte nòm Lojman Ekitab yo. Yo ap evalye lis lwaye yo chak ane pou kondisyon peryòd abòdab aplikab la (ki se 15 zan ominimòm), apre yo fin fè konstriksyon an, pou yo verifye ke yo lwe pwopriyete a bay moun/fwaye LMI yo epi to lwaye yo satisfè egzijans pwogram lan yo, si sa aplikab.

### 3.5 Taks sou Pwopriyete yo

Tout aplikasyon yo dwe ajou pou tout taks sou pwopriyete yo. HRRP egzije aplikasyon an bay dokiman yo ap jwenn nan Biwo Evalyatè Taks lokal yo a oswa jwenn enfòmasyon sa yo sou entènèt nan yon Biwo Pèseptè Taks lokal.

### 3.6 Kalite Pwopriyete a

Estrikti rezidansyèl ki gen 5 inite oswa plis oswa plizyè estrikti rezidansyèl ki sitiye nan anplasman youn akote lòt yo ka elijb. Yo tout dwe gen menm mèlè (yo). Kondisyon lwaye yo dwe lwaye alontèm (ennan oswa plis), yo dwe rete nan pri abòdab pandan peryòd 15 zan ominimòm pou fwaye LMI yo epi yo pa ka itilize pwopriyete a kòm pwopriyete alwe tanporè oswa pou vakans.

### 3.7 Limit Revni pou Lokatè yo

Ominimòm, 51% nan inite yo dwe gen fwaye ki gen Revni Fèb ak Modere (LMI) k ap viv ladan yo epi yo pral rezève yo pou fwaye LMI k ap touche 80% Revni Medyan Zòn lan (AMI) oswa mwens pandan 15 zan pou yo ka kalifye pou asistans.

### 3.8 Sekirite Finansyèl Mèt Pwopriyete a

HRRP pral fè yon revizyon finansyèl pou pwopriyete a pou yo verifye ke mèlè pwopriyete a gen sekirite finansyèl epi li ajou nan tout obligasyon yo. Objektif revizyon sa a se pou asire ke pwojè a pral rete kòm lojman alwe ki nan pri abòdab pandan peryòd konfòmite obligatwa a. Revizyon sa a prevwa tabli tou prèlè ke mèlè pwopriyete a te deja garanti tout fon anplis ki nesèsè pou yo fini pwojè a avan HRRP pran angajman pou l finansye yo.

L ap obligatwa pou mèlè pwopriyete a bay deklarasyon finansyèl li gen deja yo ki gen ladan bilan finansye ki egal a sis mwa youn apre lòt ototal. Si pwojè miltifamilyal la se yon Otorite Lojman Piblik (PHA) ki mèlè li epi k ap jere l, HRRP pral konfime ke PHA a pa nan lis 'PHA ki an difikilte yo' HUD pibliye a.

### 3.9 Pwojè a nan yon Pri Rezonab

HRRP pral evalye tout pwojè a nèt pou wè si pri a rezonab pou yo ka detèmine si l nesèsè pou yo amenaje oswa rekonstwi pwopriyete a. Mèt pwopriyete a ka bezwen bay dokimantasyon anplis tankou fè konnen devlopman ki planifye alavni, ansanm ak pri yo prevwa pwojè a ap koute, rapò enjeniri yo ak lòt dokiman ki nesèsè pou fè detèminasyon sa a. Se sèlman pwojè yo ka demontre ki nan yon pri rezonab yo k ap ka kontinye vanse. Yo mete limit asistans pou chak inite a \$150 000 mwens nenpòt Avantaj Doub. Tout depans

konstriksyon, mezi rediksyon dega yo, amelyorasyon sit la ak kondisyon nòm konstriksyon yo (bèn pou fatra, twalèt sou plas, oktwa pèmi, diferans yo) konte nan limit lan.

Pwojè yo detèmine ki nan pri rezonab pou yo repare yo pral mande rekonstriksyon. Si rekonstriksyon se sèl opsyon, yo pral refere mèt pwopriyete a lòt pwogram ki disponib yo paske HRRP p ap kapab rekonstwi pwojè miltifamilyal ki gen plizyè inite ki pataje espas kominotè ak mi yo. Mèt pwopriyete a responsab pou yo siveye peryòd aplikasyon yo pou nenpòt lòt pwogram ki ta ka finanse rekonstriksyon oswa konstriksyon yon nouvo lojman miltifamilyal.

Kay mobil/fabrike yo pral repare yo pa dwe gen plis pase senkan depi yo konstwi nan moman asistans lan epi depans reparasyon ki nesèsè yo pa dwe depase \$15 000 (depans konstriksyon dirèk ak endirèk), mwens nenpòt Avantaj Doub. Tout depans konstriksyon (depans dirèk ak endirèk) yo konte ladan. Nenpòt kay mobil/fabrike ke yo detèmine ki pa nan pri ki rezonab pral elijib pou yo ranplase l ak yon lòt kay mobil/fabrike. Nouvo inite ranplasan an dwe satisfè Estanda Bilding Ekolojik aplikab yo.

### 3.10 Egzijans Lwaye yo

Nan kad Patenarya Envestisman nan Kay Alwe Chè yo (HOME), chak inite yo ede finanse dwe respekte limit yo konsevwa pou ede rann lwaye yo vin nan pri abòdab pou fwaye ki gen revni fèb ak modere yo pandan tout dire peryòd abòdabilite a. Kidonk, pou pwopriyete ki gen senk inite oswa yo plis yo te ede yo, omwen 51% nan inite yo dwe gen lwaye ki pa pli pase:

- 30% revni ajiste lemwa lokatè a; oswa
- 30% revni anyèl yon fwaye ki gen revni ki egal a 50% revni medyan zòn lan; oswa
- Si yon pwojè genyen sibvansyon federal oswa eta pou pwopriyete alwe ki baze sou pwojè a epi lokatè a pa peye plis pase 30% revni ajiste li nan lwaye, lwaye maksimòm lan ka lwaye yo otorize nan kad pwogram sibvansyon pou pwopriyete alwe ki baze sou pwojè a.

Yo dwe bay lokatè yo yon avi ekri ki gen delè omwen 30 jou avan ogmantasyon lwaye a antre anvigè, epi nan okenn sikonstans ogmantasyon sa a pa ka antre anvigè jiskaske kontra lwaye lokatè a ekspire.

### 3.11 Aplikasyon ki Pa Elijib yo

Kalite tit pwopriyete ki annapre yo pa elijib pou asistans nan kad pwogram sa a:

1. Mèt pwopriyete ki pèdi tit pwopriyete yo akoz pwosedi sezi yo pa elijib pou asistans.
2. Moun ak pwopriyete yo jwenn ki pa respekte règleman FEMA yo oswa ki pa reyisi konfòm ak egzijans Lwa sou Refòm Asirans Inondasyon Nasyonal la yo pa elijib pou asistans. Nonkonfòmite nan kontèks sa a vle di yon pwopriyete kote mèt li pa te reyisi jwenn ak mentni asirans inondasyon apre li te resevwa finansman federal pou yon katastwòf ki te rive avan;
3. Mèt pwopriyete yo ki an defayans, men poko ale nan pwosedi sezi, pa elijib pou asistans;
4. Mèt pwopriyete ki pa ka demontre yo gen sekirite finansyè pou pwojè a pa elijib;
5. Mèt pwopriyete ki pa gen finansman garanti pou fini pwojè a, anplis de sa sibvansyon HRRP a pral kouvri a, pa elijib; epi
6. Mèt pwopriyete ki pa satisfè okenn lòt kritè elijiblite yo.

### 3.12 Konfòmite ak Lwa Davis-Bacon lan

Y ap siveye tout pwopriyete ki gen uit inite oswa plis pou verifye konfòmite yo ak [Lwa Davis-Bacon lan, 40 U.S.C. 3141](#) et seq., egzijans ki gen rapò ak aktivite konstriksyon yo.

### 3.13 Enfrastrikti Bann Laj

Y ap evalye tout pwopriyete alwe miltifamilyal yo pou fezabilite enstalasyon enfrastrikti bann laj lè pwojè a lakoz rekonstriksyon oswa fè amelyorasyon sibstansyèl nan pwopriyete a. Se jiridiksyon lokal la k ap detèmine amelyorasyon sibstansyèl la.

### 3.14 Egzijans Sètifikasyon pou Resevwa Asistans yo

Tout aplikan yo dwe dakò ak kondisyon ki annapre yo pou yo ka resevwa asistans:

- Siyen yon otorizasyon pou yo ka pataje enfòmasyon aplikan (yo) bay yo ak ajans federal ak eta a yo ak sèten tyès pati pou yo ka verifye enfòmasyon yo bay pwogram lan. Li obligatwa pou aplikan an ak ko-aplikan an siyen otorizasyon an, amwenske youn nan mèt pwopriyete elijib yo te bay pwokirasyon pou lòt la reprezante l, nan ka sa a, mèt pwopriyete ki elijib la pa bezwen siyen otorizasyon an;
- Dakò pou yo verifye estati tit pwopriyete yo, kantite dega ki gen rapò ak katastwòf la ki gen nan kay la ak asistans yo te resevwa avan nan men tout lòt sous;
- Dakò pou yo bay pwogram lan enfòmasyon sou revni, ras ak etnisite lokatè a pou yo revize ak apwouve an rapò ak egzijans rapò yo ak Lwa sou Lojman Ekitab la avan yo konkli kontra lwaye a ak/oswa avan dat yo rantre nan kay la;
- Dakò pou yo sispann tout aktivite konstriksyon nan moman y aplike pou HRRP a;
- Reyalize yon plan piblisite favorab pou asire ke pratik maketin lan respekte Nòm Lojman Ekitab yo;
- Mentni lis lwaye ki gen detay byen presi;
- Mentni asirans tout risk;
- Mentni asirans inondasyon sou pwopriyete a pou toutan si li sitiye anndan yon plèn inondab nan ka inondasyon santanal (100 tan);
- Jire devan lalwa sou tout pèn ak temwayaj ke tout enfòmasyon yo bay HRRP yo kòrèk ak konplè;
- Rekonèt ke yo ka rekipere nenpòt peman avantaj anplis annakò ak pwosedi Avantaj Doub yo ak [Lwa sou Sekou ak Asistans Ijans Aprè Katastwòf Robert T. Stafford la, PL 100-707](#), ke yo te siyen vin lwa nan dat 23 Novanm 1988; ki te modifye [Lwa sou Sekou Aprè Katastwòf 1974 la, PL 93-288](#); ak
- Tout aplikan (yo) dwe siyen plizyè dokiman pou yo ka resevwa asistans. Yo eksplike dokiman sa yo byen klè nan seksyon ki vin annapre yo ak nan dokiman legal yo egzekite nan moman y ap siyen kontra oswa nan moman lavant lan. Sa a gen ladan dokiman yo revize ki nesèsè pou rekonèt chanjman apre lavant lan konkli.

### 3.15 Egzijans Konfòmite Alontèm yo

Tout aplikan yo dwe bay enfòmasyon ki annapre yo chak ane, pandan 15 zan:

- Revni Lokatè;
- Lis lwaye yo (ki gen detay byen presi);
- Materyèl pou pwouve pratik maketin favorab;
- Prèv yo gen asirans tout risk;
- Prèv yo gen asirans inondasyon si pwopriyete a sitiye anndan yon plèn inondab nan ka inondasyon santanal (100 tan); ak
- Prèv pratik lwaye yo respekte egzijans Lojman Ekitab yo.

## 4.0 Avantaj Doub yo

### 4.1 Apèsi

Aplikasyon ki elijib yo te ka resevwa asistans deja nan men lòt sous pou reparasyon dega tanpèt la te fè nan pwopriyete yo a. Daprè egzijans [Lwa sou Sekou ak Asistans Ijans Aprè Katastwòf Robert T. Stafford la](#) (42 U.S.C. 5121, et seq.), jan HUD, DEO, ak sou-benefisyè yo entèprete ak aplike yo a, HRRP dwe konsidere kèk èd mèt pwopriyete yo te resevwa lè y ap detèmine kantite asistans ya ka ba yo. HRRP pral swiv [Direktiv HUD preskri pou Avantaj Dou yo](#). Sous ki annapre yo se sous asistans finansman yo te bay pou dega estriktirèl ak pèt ke yo konsidere kòm Avantaj Doub (DOB) epi daprè lalwa federal, yo **dwe** retire montan finansman sa yo nan asistans pwogram HRRP Rekonstwi Florid la ap bay la:

1. Asistans Endividyèl FEMA pou Estrikti a (IA);
2. Pwogram Asirans Inondasyon Nasyonal la (NFIP);
3. Asirans prive;
4. Ogmantasyon Depans pou Konfòmite (ICC);
5. Administrasyon Ti Biznis (SBA)\*; ak,
6. Nenpòt lòt sous finansman ki disponib pou aplikan an pou menm objektif ak sibvansyon CDBG-DR a ki ka double asistans lan.

Fon yo resevwa nan men nenpòt sous ki gen ladan asirans inondasyon, FEMA ak asirans kont danje ke yo te itilize pou kouvri depans reparasyon k ap fèt nan pwopriyete a pral redui kantite asistans apre katastwòf yo ka resevwa si prèv depans yo pou reparasyon pwopriyete a omwen egal a montan asistans sous la te bay la. Yo dwe bay dokiman ki montre depans ak kalite reparasyon yo te fè a.

Yo dwe remèt DEO nenpòt fon anplis ke yo te peye aplikan yo pou menm objektif ak asistans pou lojman pwogram HRRP a apre Eta a te fin fè reparasyon, reyabilitasyon oswa ranplasman inite lojman aplikan an.

Atansyon: Nenpòt moun ki konnen yo fè fo reklamasyon oswa fo deklarasyon bay HUD gendwa sijè a sanksyon sivil oswa kriminel daprè 18 U.S.C 287, 1001 ak 31 U.S.C. 3729.

\*Yo ka revize enklizyon SBA nan DOB a alavni.

### 4.2 Sibvansyon FEMA pou Rekiperasyon Aprè Katastwòf yo

HRRP pral detèmine ak verifye Sibvansyon FEMA pou Rekiperasyon Aprè Katastwòf yo atravè baz done FEMA. Si HRRP pa kapab verifye montan sibvansyon FEMA te bay la pa mwayen baz done FEMA, HRRP pral itilize montan peman aplikan an te bay nan moman aplikasyon an.

Si yon aplikan ka bay dokiman ki montre ke montan sibvansyon FEMA yo jwenn nan baz done FEMA a gen ladan montan lajan ki pa gen rapò ak pèt estriktirèl yo, HRRP pral itilize dokiman aplikan an bay yo pou ajiste montan peman sibvansyon FEMA te bay la. Dokiman aplikan an bay yo dwe soti nan men FEMA epi y ap mete l nan dosye aplikan an.

### 4.3 Asirans nan Pwogram Asirans Inondasyon Nasyonal (NFIP) FEMA

Yo ka retire nenpòt peman pou pèt ki te rive nan lojman pandan Ouragan Irma nan kad politik asirans NFIP yo nan montan aplikan elijib pou l resevwa. Yo p ap retire peman pou kontni oswa lòt depans yo nan prim lan, paske sa yo pa peman doub pou pèt estriktirèl. HRRP pral verifye peman yo lè yo revize enfòmasyon reklamasyon FEMA a oswa lè yo bay FEMA yon demann pou verifikasyon. Si yon aplikan ka bay dokiman ki montre ke lajan asirans lan peye yo jwenn nan baz done FEMA a gen ladan atik ki pa gen rapò ak pèt estriktirèl yo, HRRP pral itilize dokiman aplikan an bay yo, ki dwe soti nan men konpayi asirans ki te fè peman yo epi y ap mete l nan dosye aplikan an.

## 4.4 Ogmantasyon Depans pou Konfòmite (ICC)

Yo ka egzije estrikti ke yon inondasyon te andomaje pou yo satisfè kèk egzijans konstriksyon pou redui risk pou yo sibi dega inondasyon alavni avan yo ka repare oswa rekonstwi estrikti a. Pou ede peye pou depans sa yo, [Pwogram Asirans Inondasyon Nasyonal la \(NFIP\)](#) mete garanti Ogmantasyon Depans pou Konfòmite a pou tout nouvo Politik Asirans Inondasyon Estanda oswa sila yo renouvle yo. ICC ap yon avantaj doub si mèst estrikti a mande ranbousman oswa asistans anplis pou fè elvasyon, demolisyon, pwoteksyon kont inondasyon oswa demenajman—youn nan kat opsyon ki disponib nan kad ICC a—epi li te deja resevwa avantaj ICC a anba NFIP. Pwogram lan pral detèmine DOB konsènan fon ICC yo pou aktivite elvasyon ak/oswa demolisyon yo. Si HRRP pa kapab detèmine montan/oswa objektif lajan ICC yo te peye yo pa mwayen dokiman aplikan an bay yo, y ap konsidere dokimantasyon sa yo selon chak ka patikilye.

## 4.5 Asirans Prive

Y ap konsidere tout montan dedomajman asirans prive yo pou pèt ki genyen nan lojman yo kòm avantaj doub epi yo ka lakoz yo redui montan asistans apre katastwòf moun ka resevwa. Lajan asirans yo peye yo souvan repati an divès kategori ki ka kouvri depans pou kontni oswa estrikti kay la. Se sèlman lajan yo peye pou reparasyon, ranplasman, oswa rediksyon dega nan estrikti a k ap konte nan kalkil DOB a. Lajan asirans lan te peye pou kontni yo p ap konte nan kalkil DOB a.

HRRP detèmine ak verifye kantite lajan asirans lan peye lè yo kontakte konpayi asirans lan epi yo verifye lajan yo peye yo. Si HRRP pa kapab verifye kantite lajan asirans prive a te peye nan men konpayi asirans lan, HRRP pral itilize peman reklamasyon aplikan an bay la. Si yon aplikan ka bay dokiman ki montre ke lajan asirans lan peye yo jwenn nan men konpayi asirans lan gen ladan atik yo pa konte nan evalyasyon kay la oswa yo pa te peye pou kouvri pèt estriktirèl yo, HRRP pral itilize dokiman aplikan an bay yo, pou ajiste peman asirans prive a nan kalkil DOB a.

Eliminasyon mwazisi (limon) pa konte nan evalyasyon kay la pou pèt estriktirèl pandan pwosedi ajisteman reklamasyon asirans yo. Kidonk, yo pa retire peman asirans lan peye pou kouvri eliminasyon mwazisi yo nan prim asistans finansman aplikan an ap resevwa. Dokiman aplikan an bay yo dwe soti nan men konpayi asirans ki te fè peman yo oswa yon òdonans yon pwosè administratif oswa tribinal ki nan jiriksyon konpetan te emèt.

## 4.6 Administrasyon Ti Biznis lan (SBA)

Si SBA te apwouve fon pou prè yo, y ap konsidere asistans lan kòm yon DOB, epi yo dwe retire kantite prè a nan prim asistans apre katastwòf la. Menm si aplikan an te refize pran prè SBA te ofri yo, yo dwe retire kantite prè a nan prim aplikan an ap resevwa. Yo fè sa a paske yo te detèmine ke asistans SBA a disponib pou aplikan an pou objektif reyabilitasyon dapre lalwa federal. Nan kèk sikonstans, refi prè SBA a ka akòz yon difikilte. HRRP pral konsidere refri prè SBA a sou baz difikilte selon chak ka patikilye. Si HRRP detèmine ke yon prè t ap kreye yon difikilte, yo p ap konte montan prè SBA a nan kalkil Avantaj Doub la epi sa a p ap lakoz yo redui prim lan.

HRRP pral verifye montan prè SBA a yo nan baz done SBA a. Si HRRP pa kapab verifye montan prè SBA admisib la nan baz done SBA a, HRRP pral itilize montan prè admisib aplikan an te bay nan moman aplikasyon an. Si yon aplikan ka bay dokiman ki montre ke montan prè SBA yo jwenn nan baz done SBA a gen ladan montan lajan pou yon objektif ki pa reparasyon kay la, HRRP pral itilize dokiman mèst pwopriyete a bay yo pou ajiste montan prè SBA a nan kalkil DOB a. Dokiman mèst pwopriyete a bay yo dwe soti nan men SBA epi y ap mete l nan dosye mèst pwopriyete a.

Nan dat 29 jen 2019, HUD te pibliye nouvo gid pou DOB yo ki ka afekte fason ak kilè yo trete prè SBA yo kòm DOB nan kad pwojè reparasyon ak raplansman lojman ki lye ak Irma yo. DEO pral mete seksyon sa a ajou nan direktiv yo apre dènye detèminasyon politik la. Politik sa a ka retwoaktif. Nan ka kote politik la t ap afekte aplikan yo te deja trete dosye prim yo nan moman yo mete politik la ajou a, DEO ka rekalkile prim yo te bay avan yo epi mete nouvo montan yo ajou annakò ak nouvo politik la.



## 4.7 Depans Admisib pou Reparasyon yo

Pou mèt pwopriyete alwe ki te itilize avantaj yo te resevwa nan men asirans, SBA, ak FEMA oswa lòt sous pou fè reparasyon nan pwopriyete ki sibi domaj akòz Ouragan Irma epi ki ka dokimante depans sa yo, y ap ka retire montan verifyab nan depans sa yo nan evalyasyon DOB yo. Sa vle di, yo ka retire kantite lajan mèt pwopriyete a te depanse nan reparasyon elijib verifyab yo nan premye montan DOB HRRP te evalye a.

Mèt pwopriyete a pral bezwen dokimante reparasyon ki fèt nan kay la avèk resi yo ak foto yo. Yo dwe bay pwogram lan kopi tout resi ki ka sèvi kòm prèv reparasyon ki te fèt nan kay la pou dokimante depans ki elijib yo. HRRP ap aksepte otosètifikasyon lè y ap kalkile kantite lajan reparasyon yo te koute si mèt pwopriyete a pa gen tout resi yo ak tout prèv peman yo pou dokimante pri total reparasyon yo te koute. Nan ka kote resi pou reparasyon ki fèt nan kay la yo pa konte tout reparasyon yo te fè yo, HRRP pral evalye reparasyon yo dokimante nan Otosètifikasyon Reparasyon yo epi detèmine valè reparasyon dega ki gen rapò ak tanpèt la yo koute pa mwayen yon Estimasyon Depans pou Reparasyon yo Konplete yo (CRE). Pou otosètifikasyon, egzijans ki annapre yo aplike:

1. Mèt pwopriyete a dwe bay yon deklarasyon otosètifye li siyen ki dokimante, an detay, tout depans mendèv ak/oswa reparasyon yo te fè nan pwopriyete ki te sibi domaj la apre pasaj ouragan an.
2. Yon enspektè pwogram lan dwe detèmine, avèk asirans rezonab, ke reparasyon yo te fèt apre dat ouragan te frape a.
3. Dokimantasyon, pa mwayen foto yo, ke yo te fè reparasyon yo.

## 4.8 Fwòd Kontraktyèl

Si yon aplikan an te yon viktim fwòd kontraktyèl, montan yo te peye kontraktè a p ap konte kòm avantaj doub depi aplikan an te pote plent nan yon rapò polis epi yo te fè tout efò posib pou yo rekipere fon yo avan dat aplikasyon an.

## 4.9 Ranbousman Prè Ipotekè Fòse

Si konpayi prè ipotekè yon aplikan an mete yon peman fòse sou lajan asirans lan peye yo, montan asirans lan ka pa konte kòm DOB. Nan ka sa yo, yo ka retire montan lajan HRRP verifye ke yo te itilize pou objektif sa a nan kalkil DOB a si gen dokiman apwopriye ki sipòte retrè a kòm sadwa. Dokiman sa yo dwe nan fòm yon lèt ki gen antèt konpayi prè ipotekè a epi ke yon reprezantan otorize konpayi prè ipotekè a siyen ki deklare que aplikan an te bezwen itilize fon asistans pou rekiperasyon apre katastwòf yo a pou yo ranbouse prè ipotekè yo a. HRRP pral tante verifye enfòmasyon sa a avèk konpayi prè ipotekè anplikan an. HRRP pral detèmine si dokimantasyon yo bay la ase prèv pou yo retire l nan kalkil DOB a. Ranbousman prè ipotekè volontè, lè yo itilize lajan asirans peye yo, se yon DOB ki pral konte nan kalkil prim y ap bay yon anplikan.

## 4.10 Frè Legal yo

Frè legal aplikan an te peye pou l te ka reyisi jwenn lajan asirans lan ap konte kòm kredi epi y ap retire l nan kalkil DOB a. Aplikan yo pral bezwen bay prèv peman ak dokiman yon jijman oswa domaj ak enterè ki demontre ke aplikan te reyisi pwochè legal la. Tout lòt frè legal ke yon aplikan te ka peye avèk nenpòt lajan asistans pou rekiperasyon apre katastwòf yo pral konte nan kalkil DOB yo a.

## 4.11 Deklarasyon Taks yo

Ajisteman fiskal ki fèt nan deklarasyon taks pèsònèl yo ki gen rapò ak pèt ki gen nan kay la p ap afekte atribisyon prim finansman asistans lan epi yo p ap konsidere yo kòm yon DOB. Aplikan yo dwe konsilte konsiltan taks pèsònèl yo pou yo chache gid konsènan nenpòt kesyon ki gen rapò ak taks.

## 4.12 Kalkil Montan Dekalaj DOB a

Y ap kalkile depans total yo dokimante pou reparasyon kay ki elijib an rapò ak Ouragan Irma a yo epi konsidere yo kòm kredi y ap bay aplikan an. Fòm dokimantasyon akseptab yo gen ladan:

1. Kopi tout resi ki ka sèvi kòm prèv reparasyon ki te fèt nan kay la;
2. Deklarasyon Otosètifikasyon ki bay detay sou depans reparasyon ki fèt nan kay la ak mendèv;
3. Rapò lapolis ak tout lòt dokimantasyon ki montre tantativ yo te fè pou rekipere fon yo, ke yo te depoze avan aplikasyon an, ki verifye fwòd kontraktiyèl;
4. Fakti ki konfime frè legal ki asosye ak siksè koleksyon lajan asirans; ak
5. Lèt nan men konpayi prè ipotekè oswa labank aplikan an pou konfime yon ranbousman oswa peman lajan dèt prè ipotekè fòse.

Nan ka kote resi pou reparasyon ki fèt nan kay la yo pa konte tout reparasyon yo te fè yo oswa fon yo te resevwa yo, HRRP pral evalye reparasyon yo dokimante nan Otosètifikasyon Reparasyon yo epi detèmine valè reparasyon dega ki gen rapò ak tanpèt la yo koute pa mwayen yon Estimasyon Depans pou Reparasyon yo Konplete yo (CRE). HRRP dwe revize deklarasyon otosètifikasyon aplikan yo an tout detay pou yo detèmine:

1. Si yo ka detèmine nan fason rezonab ke reparasyon ki te fèt yo te rive apre ouragan te frape; ak
2. Yon valè rezonab depans reparasyon ki te fèt nan kay la koute (ki gen ladan mendèv posib).

Yo pral konpare valè reparasyon elijib yo ap koute, jan HRRP detèmine, ak montan total DOB a. Si montan DOB a plis pase montan depans reparasyon yo dokimante yo, kidonk y ap retire diferans ant de montan sa yo nan prim mèt pwopriyete a ap resevwa. Yo rele sa a yon diferans DOB.

Aplikan ki gen diferans DOB yo dwe finanse diferans lan pou yo ka fin fè konstriksyon an. Si yon aplikan chwazi finanse yon diferans, aplikan dwe garanti finansman an avan lè pou yo siyen Akò Sibvansyon an. Pwogram lan p ap ranbouse depans reparasyon yo te fè anplis ki te depase avantaj yo te resevwa avan yo.

## 4.13 Sibstitisyon

Sibstitisyon se yon doktrin legal ki pèmèt yon moun asime dwa yon lòt moun. Nan kontèks sibvansyon pou rekiperasyon aprè katastwòf yo, yon mèt pwopriyete dwe konkli yon akò sibstitisyon legal kote ajans k ap bay finansman an (DEO) pral vin gen dwa pou yo kolekte nenpòt peman pou rekiperasyon aprè katastwòf oswa peman asirans ke mèt pwopriyete a resevwa pou dega Ouragan Irma te lakoz yo apre mèt pwopriyete a te konkli yon akò sibvansyon pou yo resevwa avantaj HRRP yo.

Aplikan an dwe remèt oswa jistifye tout finansman doub yo resevwa, kèlkeswa lè antite a te resevwa l la. Si aplikan yo resevwa finansman adisyonèl pou menm objektif ak prim HRRP a (reparasyon pèmanan nan kay ki te sibi dega tanpèt la), menm si se ta apre yo te egzekite prim HRRP a oswa yo te fin fè konstriksyon an, li obligatwa pou aplikan an rapòte finansman adisyonèl sa a bay pwogram lan.

Lè yo akspete prim lan, aplikan yo dakò pou yo rapòte nenpòt fon doub yo resevwa bay pwogram lan kèlkeswa lè yo te resevwa l la. Apre yo resevwa yon rapò ke yo te resevwa avantaj adisyonèl, pwogram lan pral rekalkile prim aplikan an epi y ap ba aplikan yo enstriksyon pou fè yo konnen si y ap retire kantite sa a nan prim lan, oswa si aplikan an dwe remèt pwogram lan kantite sa a kòm ranbousman (lè yo resevwa asistans adisyonèl la apre pwogram lan te deja vèse fon yo). Chak aplikan an pral konkli epi lye legalman pa mwayen yon akò sibstitisyon.

## 5.0 Enspeksyon ak Revizyon Anviwònmantal

### 5.1 Apès

Tout règleman federal yo konsènan acha, mendèv, estanda, ak revizyon anviwònmantal yo, ki gen ladan egzijans sou penti a baz plon yo, aplike pou pwogram sa a. Aplikasyon an ka mande pou yo fè revizyon anplis a mezi y ap rezoud pwoblèm yo, sa ki ka pwolonje delè pwosesis revizyon an.

Pwogram lan fè yon enspeksyon dega yo sou plas apre finisman tout verifikasyon tyès pati HRRP egzije yo, ansanm ak yon revizyon anviwònmantal. Li obligatwa pou yo fè revizyon anviwònmantal yo pou chak pwopriyete ke mèt pwopriyete a genyen ki elijib pou pwogram lan. Y ap avize mèt pwopriyete yo alekri nan etap soumisyon aplikasyon an pou yo sispann tout travay yo genyen ankou nan yon rezidans ki te sibi domaj jiskaske yo fin fè revizyon anviwònmantal la. Yo bay avi sa a nan seksyon akseptasyon an nan aplikasyon elektwonik lan. Mèt pwopriyete ki pa sispann tout travay yo ka pa elijib pou pwogram lan. Enspektè pwogram lan dwe gen aksè konplè nan pwopriyete a pou l ka note nenpòt travay ki te kòmanse ak/oswa ki te fini.

### 5.2 Enspeksyon Inisyal ak Verifikasyon Dega

Tout amelyorasyon y ap fè dwe pou bezwen lojman ki pa satisfè Ouragan Irma te lakoz. Yo ka sèlman repare dega ki pa gen rapò ak ouragan yo nan estrikti ki gen dega ki gen rapò ak ouragan an tou. Yo dwe enspekte estrikti yo te konstwi avan 1978 yo pou danje penti abaz plon yo. Kote yo detekte danje sa yo, y ap avize aplikan (yo) epi y ap pran mezi kòm sadwa pou redui danje ki nan penti ki a baz plon yo.

Anplwaye pwogram lan pral vizite sit yo an pèsòn pou yo obsève ak anrejistre prezans dega tanpèt ki pa repare Ouragan Irma te lakoz yo, pou yo detèmine kantite dega ki genyen ak pou yo detèmine pri yo estime reyabilitasyon an ap koute. Aplikan an dwe la lè vizit sa yo ap fèt. Li obligatwa pou enspektè a enspekte anndan kay la pou l obsève ak anrejistre dega yo. Enspektè a pral note nenpòt enkyetid anviwònmantal ki gen sou sit la oswa ozanviwon l ki ka afekte evalyasyon an.

Estimasyon Pòte Travay la (SWE) ofri yon estimasyon dokimante atik pa atik pou dega yo obsève pandan yon vizit an pèsòn nan yon pwopriyete mèt pwopriyete a ki fè konnen kantite materyo ak mendèv ki nesèsè pou repare dega yo obsève yo. Yo kalkile SWE a lè yo itilize kategorizasyon ki defini nan Liv Pri Rekonstriksyon Nasyonal 2018 la epi yo enkòpore depans ki nesèsè pou asire ke pwopriyete a satisfè Kòd Konstriksyon an – Kòd Entènasyonal pou Bilding Rezidansyèl la (IRC) ansanm ak satisfè HQS HUD preskri yo. SWE pa bay yon evalyasyon ki pran ankout yon ranplasman egzat pwopriyete orijinal aplikan an. Kontrèman ak estimasyon asirans yo ki ka baze sou pri ranplasman an, evalyasyon SWE a baze sou nòm pou abitabilite debaz yo elabore pou pwogram lan ak sou pri endistri konstriksyon an elabore pou atik sa yo. Metodoloji yo itilize pou prepare SWE a se pou konte atik ki nan pòte sa yo ke yo ka konte, mezire oswa obsève. Yo p ap itilize okenn tès destriktiv pou kreye estimasyon sa yo.

### 5.3 Atik Elijib ak Atik ki Pa Elijib yo

Atik Ouragan Irma andomaje yo, ki gen ladan men pa sèlman, klimatizè, sistèm chofaj ak chofaj dlo yo elijib pou yo ranplase yo nan kad pwogram HRRP a. Aparèy elektwonenaje yo ak konpozan lojman ki pa entegral nan estrikti kay la epi ki pa esansyèl pou sante ak sekirite debaz, tankou machin a lave, sèch-lenj, ak pakin detache akabri machin yo pa elijib pou yo ranplase yo nan kad pwogram HRRP a. Atik deliks yo ak atik ki gen yon kategori kalite ki pi wo pase estanda debaz yo pa elijib pou yo ranplase yo nan yon fason kote atik la menm jan ak sa ki te la avan.

## 5.4 Revizyon Anviwòmantal

Pwogram lan pral fè yon Revizyon Anviwòmantal Global onivo pwogramatik Nivo I. Sa a pral gen ladan kowòdinasyon ak ajans federal, eta ak lokal yo kote sa aplikab. Anplis de sa, tout aplikasyon yo dwe pase yon revizyon anviwòmantal Nivo II ki espesifik a sit la ke gouvènman federal la egzije, ki gen ladan yon lis verifikasyon lalwa preskri ki gen 15 atik revizyon obligatwa yo; yo ka jije li nesesè pou yo kategorikman retire kèk nan atik sa yo paske yo pa aplikab pou pwojè a, tankou Akwifè ki gen Sous Inik. Kategori yo abòde nan Nivo I/Nivo II a gen ladan:

1. Prezèvasyon istorik, ki gen ladan Biwo Prezèvasyon Istorik Eta a ak Revizyon Tribi ak Moniman Istorik Nasyonal;
2. Jesyon Plèn Inondab ak Asirans Inondasyon;
3. Tè marekaj yo;
4. Lwa sou Jesyon Zòn Kotyè a;
5. Akwifè ki gen Sous Inik yo;
6. Lwa sou Espès Menase yo;
7. Lwa sou Rivyè Panoramik ak Sovaj la;
8. Kalite Lè;
9. Lwa sou Politik pou Pwoteksyon Tèren Agrikòl la;
10. Jistis Anviwòmantal;
11. Rediksyon ak Kontwòl Bri;
12. Lokalite Pwojè HUD Finanse ki Toupre Operasyon Danjre;
13. Gaz ak Pwodu Chimik Toksik, Matyè Danjre, Kontaminasyon, ak Sibstans Radyoaktiv yo;
14. Zòn Lib Anndan Pis Aterisaj Ayewopò ak Zòn Ki Gen Potansyèl Aksidan; ak
15. Lwa sou Resous Baraj Kotyè yo/Lwa sou Amelyorasyon Baraj Kotyè a. Pwogram lan pral peye pou fè revizyon anviwòmantal sa a. Revizyon ki espesifik pou yon sit gen ladan yon revizyon sijè HUD defini kòm sijè revizyon anviwòmantal yo.

Y ap rezoud pwoblèm yo idantifye pa mwayen pwosesis revizyon anviwòmantal la yo epi, nan kèk ka, y ap reyalize mezi rediksyon dega yo swa avan oswa pandan pwosesis konstriksyon an. Pwogram lan ka peye pou pwoblèm rediksyon dega yo te idantifye pandan revizyon anviwòmantal la, tankou idantifikasyon amyant ak penti a baz plon, si yo jije yo se yon aktivite elijib. Mèt pwopriyete yo pral resevwa tout avi gouvènman federal la egzije yo.

Revizyon anviwòmantal a se yon revizyon apa ki diferan de tout lòt revizyon. Lòt revizyon anviwòmantal yo te fè (oswa mèt pwopriyete a te bay fè) avan yo p ap satisfè egzijans pwogram lan yo, men yo ka pran yo an konsiderasyon nan pwosesis revizyon an. Si yo pa ka netwaye yon kondisyon anviwòmantal yo idantifye nan yon pwopriyete mèt pwopriyete a, pwopriyete ka pa elijib pou asistans.

## 6.0 Detèminasyon Prim lan

Prim sibvansyon yo ka gen ladan depans pou pri siplemantè asosye yo tankou egzijans konstriksyon ak rediksyon dega ekolojik yo, elvasyon, asirans, chanjman ADA yo, reparasyon oswa ranplasman sistèm dlo, egou ak bezwen koneksyon sèvis piblik yo. Mezi ak amelyorasyon pou rann enèji vin nan pri abòdab k ap satisfè zonaj ak kòd lokal la, Nòm Kalite Lojman (HQS) obligatwa yo, espesyalman amelyorasyon ki ajoute rezistans amelyore tankou elvasyon konpozan elektrik prensipal yo, ansèklaj twati ak lòt atik yo elijib tou. Revizyon anviwòmantal ak mezi korektiv obligatwa yo detèmine pou atik yo tankou rediksyon penti a baz plon, rediksyon amyant oswa lòt eleman nan kad mezi korektiv yo pral elijib.

Y ap mete elvasyon yo ladan pou pwopriete aplikan ki satisfè egzijans pwogram lan detèmine yo, ki gen ladan pwopriete ki te sibi domaj sibstansyèl yo dapre egzijans plèn inondab yo apwouve onivo lokal yo. Y ap evalue elvasyon yo selon chak ka patikilye. Yo p ap fè elvasyon yo sou pwopriete ki sitiye andeyò plèn inondab la, kote y ap ka fè eksepsyon pou kote òdonans lokal la egzije fè elvasyon. Pwogram lan pral swiv gid HUD pou asire ke yo pral fè elvasyon nan tout estrikti, nan fason kote etaj ki pi ba, omwen de (2) pye pi wo pase 1% elvasyon plèn inondab anyèl la pou tout estrikti, yo defini nan 44 CFR 59.1, ke yo konsevwa prezizeman pou itilizasyon rezidansyèl epi ki sitiye nan plèn inondab ki gen 1% chans inondasyon anyèl (santenal oswa 100 tan) ki resevwa asistans pou nouvo konstriksyon, fè reparasyon gwo dega oswa fè gwo amelyorasyon yo, jan yo defini nan 24 CFR 55.2(b) (10) a.

Fòmil ki annapre a montre kòman pwogram lan pral kalkile prim yon aplikan:

1. Idantifye Depans Reparasyon Elijib yo,
2. Idantifye tout Asistans Doub Potansyèl yo (DOB),
3. Retire Asistans yo Detèmine ki Asistans Doub yo (DOB),
4. Aplike pou Limit Prim lan ki se \$150 000 epi apresya
5. Konpare Kantite Prim yo Detèmine a ak Pri Rekonstriksyon ak Ranplasman Lojman Konparab pou detèmine si avantaj la pral yon rekonstriksyon, ranplasman oswa reyabilitasyon.

**Bezwen/Depans pou Reparasyon ki Elijib yo:** Pwogram lan pral detèmine yon estimasyon depans pou reparasyon elijib apati enfòmasyon yo jwenn nan enspeksyon an. Yo pral estime pri reparasyon an baze sou materyèl kategori estanda/ekonomi ak pri mendèv nòm endistri a yo.

**Kalkil Avantaj Doub Potansyèl yo (DOB):** Y ap kontabilize tout DOB a nèt nan moman y ap fè kalkil prim pou reparasyon an. Kontwòl DOB a pral fèt pandan revizyon dosye elijiblite yon aplikan an, avan egzekisyon Akò Sibvansyon an, epi ankò avan tretman dènye retrè fon yo.

Yo dwe kontabilize tout finansman DOB avan aplikan an resevwa yon prim. Aplikan an ki gen yon avantaj doub dwe mete tout finansman DOB a nan kont Finansman Diferans DOB pwogram lan. Pwogram lan ap bay plis direktiv sou kont Finansman Diferans DOB yo.

## 7.0 Avan Konstrikasyon

---

### 7.1 Finansman Diferans DOB

Aplikan yo dwe bay rès finansman nesèsè pou kouvri diferans nan depans pou konstrikasyon yo si gen yon diferans nan finansman akòz yon Avantaj Doub. Y ap depoze fon aplikan bay anplis yo nan yon Kont Finansman Diferans DOB pou yo itilize pandan konstrikasyon kay la. Aplikan yo pa ka itilize Finansman Diferans DOB a pou finanse aktivite konstrikasyon tankou modènizasyon, espas y ap ajoute oswa lòt aktivite ki pa nesèsè yo. Fon aplikan an bay ke yo mete nan Kont Finansman Diferans DOB a pou DOB a pral konte nan limit plafon CDBG-DR yo. Y ap fè retrè tout fon ki soti nan Finansman Diferans DOB yo an premye, avan yo itilize fon pwogram lan yo.

Pral gen twa pwen kontwòl pou DOB ki pral fèt pandan dire pwosesis la: (1) pandan revizyon dosye elijiblite yon mèt pwopriete, (2) avan egzekisyon Akò Sibvansyon an, epi (3) ankò avan tretman dènye retrè fon yo.

## 7.2 Idantifikasyon Danje Penti a Baz Plon yo ak Amyant

Enspeksyon penti a baz plon an gen de avantaj: (1) depans pou mezi rediksyon yo konsiderab epi yo dwe konte yo nan estimasyon pri reparasyon an ap koute ak (2) danje pou sante rezidan yo, sitou timoun yo ak granmoun aje yo, ka grav. Si inite yo pral ede a te konstwi avan 1978, epi yo pral reyabilite l, y ap teste pou prezans danje pousyè plon nan inite y ap ede a. Si genyen, y ap konte depans estabilizasyon, enkapsilasyon ak eliminasyon penti a baz plon an nan pri reyabolitasyon an. Pwojè ki se rekonstriksyon yo pral lakoz demolisyon ak anlèvman estrikti a, epi nan konswa y ap retire nenpòt danje plon potansyèl ki asosye ak estrikti a tou. Kidonk, yo p ap fè okenn tès pou penti a baz plon nan pwojè rekonstriksyon yo.

Règleman federal yo ki preskri pou amyant konsènan tès ak idantifikasyon amyant yo aplike pou "etablisman yo" jan yo defini nan règleman sa yo. Lojman pa nan kad definisyon sa a epi kidonk kay yo gen ezansyon egzijans tès ak idantifikasyon yo. Anplis de sa a, Eta Florid pa gen okenn egzijans pou nivo eta preskri pou tès amyant nan pwojè lojman yo. Toutfwa, estanda federal pou sante ak sekirite yo ak egzijans pou jesyon ak eliminasyon materyèl pou materyèl ki gen amyant yo ap toujou aplike nan faz konstriksyon an.

Pandan pwosesis revizyon anviwònmantral la, DEO te kreye yon kondisyon espesyal pou nenpòt kay ke yo te konstwi avan 1989 ki endike ke yo ka bezwen fè tès. Piske se yon pwosesis ki chè anpil pou yo antreprann li kòm yon kondisyon jeneral pou reyabilite lojman, pwogram lan te detèmine ke y ap antreprann aktivite tès pou amyant, rediksyon dega ak siveyans lè a sèlman lè aktivite reyabilite ak rekonstriksyon yo pral afekte materyèl yo sispèk ki gen abestos yo (ACM).

Pou pwojè reyabilite yo, kontraktè yo pral idantifye nenpòt ACM yo sispèk pandan konstriksyon an. Si yo idantifye ACM yo sispèk, kontraktè a pral bezwen sispann travay epi mande yon òdonans chanjman pou fè tès pou amyant. Si rezilta tès pou amyant yo konfime prezans ACM ke pwosesis reyabilite an pral afekte, kontraktè a pral bay yon plan konfinman oswa rediksyon dega pou ankapsile oswa retire ACM lan annakò ak estanda sante ak sekirite apwopriye yo kòm sadwa. DEO pral apwouve yon òdonans chanjman pou ogmantasyon nan pòte pwojè a pou kouvri travay konfinman oswa rediksyon dega a, ansanm ak depans pou kontwòl/netwayaj lè a.

Pou pwojè rekonstriksyon yo kote kay yo pral rekonstwi a te premye konstwi avan 1989, demolisyon kay la ak anlèvman debri bilding lan yo pral lakoz yo retire nenpòt ACM ki ta ka genyen. Kontraktè yo dwe swiv egzijans federal ki preskri pou sekirite travayè ak moun k ap viv nan kay la yo, ansanm ak jesyon ak eliminasyon materyèl yo.

## 7.3 Elaborasyon Pri pou Pwojè Reparasyon yo

Pou pwojè ki kalifye pou reyabilite yo, HRRP pral elabore yon seri plan ki espesifik pou sit yo ak karakteristik presi yo pral itilize pou dekri pòte travay reparasyon an epi tabli kantite ak kalite materyèl yo pral itilize yo. Yo pral bay chema plan nivo ak plan twati kay ki la deja a sou dimansyon pou chak pwojè. Yo pral bay yon kont randi pòte a ki gen tout detay yo tou.

## 7.4 Ranplasman Inite Lojman Mobil/Fabrike yo (MHU)

Yo pral ranplase Inite Lojman Mobil/Fabrike (MHU) ki gen plis pase 5 an ak/oswa ki gen kantite reparasyon akòz dega Ouragan Irma te lakoz ki vo plis pase \$15 000 (ki gen ladan depans konstriksyon dirèk ak endirèk yo). Plan nivo estanda yo ki satisfè estanda pwogram lan yo pral disponib. Yo pral detèmine gwosè ak konfigirasyon chanm yo baze sou gwosè estrikti ki te sibi domaj la te ye.

## 7.5 Detèminasyon Rekonstriksyon yo ak Chwa Plan an

Yo baze estimasyon rekonstriksyon yo sou sipèfisi total chanm elijib ki gen nan kay la yo. Yo jwenn valè sipèfisi total la ap koute apati yo estimasyon reparasyon an. Yo kreye lè yo trase chema chanm estrikti a yo ki elijib pou fè reparasyon ladan yo. Pwosesis estimasyon reparasyon an pa fè chema pou tèras ki kouvri yo. Kidonk, y ap otomatikman retire yo ladan. Pwosesis estimasyon reparasyon an ap retire tou abri machin yo, estrikti detache yo oswa estrikti ki kole ak kay la pa mwayen yon pasrèl. Pwosesis la pral lakoz yo kalkile sipèfisi an pye kare ki elijib pou rekonstriksyon.

Pwogram lan pral itilize lojisyèl estimasyon ak dimansyon chanm ki elijib yo, sa pral depann de kalite chanm lan, pou yo elabore estimasyon pou yon ranplasman konparab. Estimasyon an pral gen ladan materyèl kategori estanda oswa materyèl fèb kalite yo epi y ap konte pou ranplasman ki menm jan ak sa ki te la avan an.

Estimasyon rekonstriksyon yo fèt pou tout kay yo epi se sèlman kalite estimasyon sa a yo fè lè yon kay pa an sekirite pou moun antre anndan l oswa yo te demoli l konplètman oswa yo demoli l pasyèlman. Y ap ajoute yon pri elvasyon separe, lè sa aplikab.

**Kondisyon ki Prezante Danje yo:** kondisyon ki prezante danje yo gen ladan men pa sèlman: estrikti ki gen mi sipò yo, poto yo, ak lòt eleman sipò ki te sibi domaj yo; estrikti ki gen odè endistriyèl oswa odè chimik ki santi fò yo oswa ki gen vapè k ap soti nan kay la; oswa estrikti otorite lokal la te make ki pa an sekirite pou moun antre anndan l. Si gen nenpòt nan kondisyon sa yo oswa kondisyon parèy yo, Evalyatè a kapab, apre l konsilte yon sipèvizè ak dokimante yo nan foto epi ekri yon deskripsyon, limite Evalyasyon an a yon estimasyon pou rekonstriksyon.

**Estrikti yo Demoli:** Si yo te demoli yon estrikti konplètman oswa yo demoli l pasyèlman, Evalyatè a ka fè yon estimasyon pou rekonstriksyon sèlman. Evalyatè a ap fè foto pou l dokimante kondisyon an epi mezire anprent lan ak sipèfisi ki elijib pou rekonstriksyon an. Si Evalyatè Dega a pa ka tabli sipèfisi ki elijib pou rekonstriksyon an (pa egzanp yon kay ki te detwi a 100% kote yo debarase fondasyon an), HRRP pral travay ak aplikan an pou yo jwenn enfòmasyon ki manke yo nan:

1. Dokiman estimasyon pri oswa dokiman lavant imobilye avan inondasyon an;
2. Enfòmasyon Evalyatè Pwopriyete Konte a;
3. Estimasyon asirans yo;
4. Foto yo; ak/oswa
5. Foto ayeryen yo.

Pwogram lan ka itilize lòt metòd yo apwouve pou tabli sipèfisi rekonstriksyon elijib la ak estimasyon rekonstriksyon an lè dokiman enspeksyon yo te fè an pèsòn nan sit la pa disponib. Yo dwe bay pwogram lan enfòmasyon yo te kolekte pou verifye sipèfisi an pye kare kay yo mezire apati lòt sous ki pa estimasyon yo te fè nan kay la. Koleksyon dokiman yo se prensipalman responsablite aplikan an yo ye.

Pwogram lan ap pran desizyon final sou elijiblite aplikan an, epi, si l elijib, kalite estrikti ak sipèfisi an pye kare yo itilize pou kalkile sibvansyon an. Y ap baze sou fòmil ki annapre a pou detèmine si prim lan ap pou rekonstriksyon, ranplasman oswa reparasyon:

**(Estimasyon Reparasyon/Estimasyon Rekonstriksyon) x 100 = pousantaj relatif pri reparasyon an konparezon ak pri rekonstriksyon**

Valè Estimasyon Reparasyon ke yo itilize nan fòmil lan koresponn sèlman ak reparasyon debaz yo, pa gen okenn mezi rediksyon dega oswa rezistans. Si pousantaj relatif la egal oswa plis pase 75% estimasyon debaz rekonstriksyon an, avantaj pwogram lan ap bay la ap pou rekonstriksyon oswa ranplasman.

Gen eksepsyon okazyonèl ki ka transfòme yon pwojè reparasyon vin tounen yon pwojè rekonstriksyon. Pa egzanp, nenpòt kondisyon konstriksyon enprevi yo idantifye apre egzekisyon akò sibvansyon an ka lakoz pri yon pwojè ogmante nan nivo oswa plis pase limit 75% an. Si konstriksyon an te deja kòmanse, yo p ap rekalkile limit lan epi pwojè a ka kontinye kòm yon pwojè reparasyon. Toutfwa, si konstriksyon an potko kòmanse, yo ka reyegzamine limit lan epi yo ka transfòme pwojè a vin tounen yon pwojè rekonstriksyon. Anplis de sa, yo ka transfòme estrikti ke yo te detèmine ki te sibi dega sibstansyèl yo oswa ke yon minisipalite gouvènman te kondane yo, oswa estrikti ke yo detèmine ki pa an sekirite pou anplwaye pwogram lan antre anndan l, vin tounen yon pwojè rekonstriksyon. Yo pral revize dosye ki satisfè nenpòt nan kritè ki ekri anwo a yo selon chak ka patikilye.

Pwogram lan pral ofri konsepsyon nouvo kay inifòmize pou pwojè rekonstriksyon yo. HRRP p ap bay konsepsyon kay pèsonalize. Pwogram lan pral detèmine ki gwosè plan nivo chak aplikasyon ki mande pou fè rekonstriksyon ki elijib lè yo evalue sipèfisi an pye kare ki elijib pou estrikti orijinal ki te sibi domaj la. Pwogram lan pral konstwi kay la dapre nòm Kay ki Sètifye Energy Star ki aplikab pou Florid la. Enfòmasyon sou nòm sa yo disponib nan: [https://www.energystar.gov/newhomes/homes\\_prog\\_reqs/florida](https://www.energystar.gov/newhomes/homes_prog_reqs/florida) pou konstriksyon nouvo kay yo.

## 7.6 Verifikasyon Travay yo bay kontraktè a ak Akò Konstriksyon an

Y ap asiye Travay pou yo bay Kontraktè a bay yon kontraktè konstriksyon ki nan gwoup Kontraktè DEO konn itilize yo ke yo te angaje pou sipòte efò konstriksyon ki gen rapò ak pwogram CDBG-DR yo. HRRP pral asiye travay yo bay kontraktè yo baze sou metodoloji angajman oswa of la. Chak pwojè reparasyon, rekonstriksyon oswa ranplasman inite lojman mobil/fabrike (MHU) pral bezwen konkli yon kontra oswa akò konstriksyon. Akò sa a pral tabli mezi pèfòmans yo pou asire konstriksyon yo fèt atan.

## 7.7 Dokiman yo pou Egzekisyon Kontra a

Aplikasyon an pral siye dokiman ki annapre yo nan moman egzekisyon kontra a. Piske dokimantasyon obligatwa yo ka chanje, y ap mete lis sa a ajou detanzantan:

1. Akò Sibvansyon Mèt Pwopriyete a,
2. Akò pou mentni asirans inondasyon epi avize nouvo pwopriyete yo (si l nan yon plèn inondab 100 tan),
3. Lèt Akseptasyon Prim lan,
4. Akò Sibstitisyon, ak
5. Nenpòt lòt dokiman HRRP egzije.

## 7.8 Avi pou Pouswiv

Y ap bay Avi pou Pouswiv la apre HRRP fin apwouve kontra a epi yo fin fè tout pwosedi afektasyon administrativ yo. Sa a se moman kote yo voye avi bay lokatè a pou l kite kay la epi retire zafè l yo nan kay la (si sa nesèsè), kontraktè a jwenn pèmi nesèsè yo, epi yo fèmen sèvis piblik yo (si sa aplikab).

Y ap remèt kontraktè a avi pou kòmanse konstriksyon an apre yo jwenn prèv yo te bay obligasyon yo, yo te jwenn pèmi yo epi yo te satisfè tout lòt kondisyon preparasyon sit la yo. Sa a pral konte kòm kòmansman peryòd pèfòmans kontraktiyèl la pou konstriksyon an.



## 7.9 Egzijans yo pou Kontraktè a

1. Tout kontraktè yo pral genyen ak bay prèy yon politik responsablite jeneral ki anvigè ki egal a omwen montan tout kontra pwogram sa a akòde yo lè yo ajoute yo ansanm nan yon delè 10 jou ouvrab apati dat yo akòde yo kontra a. Si w pa fè sa yo ka mete fen nan kontra yo akòde w la.
2. Tout kontraktè yo dwe sekirize epi bay prèy pèfòmans ak peman obligasyon yo nan yon delè 10 jou ouvrab apati dat yo akòde yo kontra a. Si w pa fè sa yo ka mete fen nan kontra yo akòde w la.
3. Kontraktè yo pral responsab pou yo dokimante (alèd foto ak rapò ekri) nenpòt dega pwopriyete te sibi avan epi ki te la avan tanpèt la ke yo pa te mete nan pòte travay la.
4. Kontraktè yo ap responsab pou yo respekte [Règ sou Plon nan Lojman Sekirite HUD la](#); [Règ pou Renovasyon, Reparasyon ak Penti EPA a](#); ak tout lòt règ ak règleman aplikab yo. Li obligatwa pou sit pwojè yo konplètman konfòm ak tout règ yo toutan.
5. Tout konpayi k ap fè, ofri oswa reklame pou fè renovasyon yo pou dedomajman nan lojman sible yo dwe respekte Règ RRP EPA a ak Règ sou Edikasyon sou Plon Avan Renovasyon EPA a (Lead-Pre). W ap jwenn egzijans reglemantè sa yo nan [40 CFR Part 745 Subpart E – Residential Property Renovation](#). Sa vle di, EPA dwe sètifye tout kontraktè jeneral yo k ap patisipe nan pwogram rekipasyon aprè katastwòf sa a. Anplis de sa, tout moun k ap fè travay renovasyon nan non konpayi a dwe se renovatè sètifye.
6. Kontraktè a pral responsab pou l detèmine bezwen sèvis piblik yo, bay enstalasyon sanitè ak ekipman k ap fonksyone an tout sekirite sou sit la epi jwenn tout pèmi obligatwa yo.
7. Kontraktè yo pa dwe deranje sit la avan yo resevwa avi pou kòmanse konstriksyon an.
8. Apre yo fin fè travay la, pwopriyete a dwe satisfè estanda konstriksyon aplikab pwogram lan yo.
9. Tout travay kontraktè a fè pral garanti pou peryòd ki annapre la yo:
  - 1 an – garanti jeneral pou reparasyon ki fèt nan kay la;
  - 2 zan – garanti pou aparèy elektrik, plonbri ak mekanik (si yo te fè travay sa a); epi
  - 10 zan – garanti estriktirèl (si yo te fè travay estriktirèl).

Pandan peryòd yo presize nan garanti a, soti nan moman dènye enspeksyon an, aplikan yo ede a ka bezwen mande kontraktè a korije erè oswa pwoblèm ki rive apati travay yo te fè nan kad kontra sa a. Si kontraktè a pa reyisi fè sa a, aplikan yo ede a ka pran nenpòt rekou ki nesèsè lè yo kontakte HRRP. Y ap bay yon kantite tan rezonab pou yo vin korije pwoblèm lan; toutfwa, yo pa dwe pran plis pase de semèn pou yo reponn nan okenn ka.

## 8.0 Konstrikasyon

### 8.1 Apèsi

Yo defini **Reparasyon** kòm reparasyon oswa renovasyon ki pa ijan k ap fèt nan yon sipèfisi oswa pòsyon presi limite nan yon estrikti lojman. Yo pral defini reparasyon tou kòm lè yo rann pòsyon pwopriyete a yo reyabilite a konfòm ak kòd konstriksyon lokal yo, ak lè tout estrikti a vin konfòm ak Estanda Minimòm pou Pwopriyete HUD yo (MPS) (oswa Kòd Konstrikasyon ki aplikab y ap fè respekte a) ak Estanda Kalite Lojman yo (HQS) ki gen ladan konfòmite ak Seksyon 31 Lwa Federal sou Kontwòl ak Prevansyon Dife 1974 la ak kòd ak nòm konstriksyon lokal yo.

Tout estrikti a dwe konfòm tou ak estanda minimòm pou pwopriyete (MPS) pwogram lan te tabli yo ki baze sou Estanda Lojman Kalite HUD yo, Kòd Bilding Ekolojik Florid la (kote sa aplikab), Lis Verifikasyon Renovasyon Bilding Ekolojik HUD la (kote sa aplikab) ak tout egzijans kòd eta ak lokal yo.

Reparasyon an pral sèlman pou estrikti konvansyonèl ak estrikti modilè ke yo te jije reparasyon yo ap feزاب oswa Inite Lojman Mobil/Fabrike (MHU) yo ki gen mwenske 5 an epi ki gen pòte travay k ap koute mwenske \$15 000 (lè yo melanje depans dirèk ak endirèk yo) ki nesèsè pou mete pwopriyete a nan nivo estanda konstriksyon pwogram lan.

Yo pral defini **Rekonstriksyon** kòm demolisyon, anlèvman ak eliminasyon yon inite lojman ki la deja ak ranplasman inite sa a sou menm anplasman an, epi nan menm anprent lan, avèk yon nouvo inite ki konfòm ak Kòd Rezidansyèl Entènasyonal yo (IRC), jan Kòd Florid la egzije a. Kantite inite ki sou anplasman an gendwa pa ogmante epi sipèfisi an pye kare total orijinal la, estrikti rezidans prensipal yo pral rekonstwi a gendwa pa twò depase, tout fwa a, kantite chanm ki gen nan inite a ka ogmante oswa redui.

**Ranplasman** se demolisyon ak anlèvman yon inite lojman modilè oswa lojman fabrike apres a mete ranplasman inite sa a sou menm anplasman an, epi nan menm anprent kote premye inite a te ye avan.

Y ap fè **Elvasyon** yo pa mwayen konstriksyon pilye ak pote. Li p ap elijib pou ranpli (ak debri/materyo) pou ka atenn wotè elvasyon apwopriye a.

## 8.2 Nòm Konstriksyon Kay Rezistan yo

Jan yo tabli nan Seksyon 1.16 la, DEO te adopte mezi rezistans ak rediksyon dega sou fòm Nòm Konstriksyon Kay Rezistan yo pou plis vanse alafwa objektif HUD ak Florid genyen pou ogmante rezistans kont katastwòf alavni. Finansman CDBG-DR la otorize kalite aktivite sa a dekonsè ak reparasyon rès dega tanpèt la te lakoz yo.

Premye opsyon an se yon sistèm twati. Si twati ki la deja te andomaje akòz Ouragan Irma epi dega depase 20% reparasyon maksimòm lan, kidonk Pwogram lan pral bay finansman pou yo retire ak ranplase tout twati a, papye fet, ak platelaj twati. Yo pral chwazi nouvo materyèl bado ak papye fet yo annakò ak kòd konstriksyon ki anvigè nan Florid la, epi yo pral ranplase platelaj twati a avèk yon revètman baryè reyonan, jan yo preskri nan Lis Verifikasyon Renovasyon Bilding Ekolojik CPD HUD la, epi y ap enstale l annakò ak kòd konstriksyon ki anvigè nan Florid la. Anplis, y ap enstale sang anti-ouragan yo annakò ak kòd konstriksyon ki anvigè nan Florid la.

Dezyèm opsyon an se yon sistèm fenèt ak pòt eksteryè rezistan. Li obligatwa pou estrikti ki la deja gen dega yo konfime se Ouragan Irma ki te lakoz yo, epi si li te konstwi avan 2003 lè yo te adopte itilizasyon jeneralize pwodui koup-van toupato nan eta Florid la, kay la ka elijib pou sistèm fenèt ak pòt eksteryè rezistan. Materyo fenèt eksteryè yo pral sètifye ENERGY STAR®, annakò ak Lis Verifikasyon Renovasyon Bilding Ekolojik CPD HUD la, epi l ap gen ladan vitraj feyte ki rezistan a chòk, tout dwe annakò ak kòd konstriksyon ki anvigè nan Florid la. Yo pral enstale tout nouvo fenèt an vinil yo anndan kad fenèt ki la deja pou elimine destriksiyon ki fèt nan finisyon ki anndan ak deyò yo. Materyo pòt eksteryè yo dwe an tip pano ki gen izolasyon metal, annakò ak kòd konstriksyon ki anvigè nan Florid la, ki gen ladan nouvo seri deyò yo. Yo pral ranplase tout pòt eksteryè koulisant an vit yo ak pòt koulisant vinil ki gen Low-E (degajman fèb) ak vitraj feyte ki rezistan a chòk. Si sa aplikab, yon pòt pakin ap elijib pou yo ranplase l avèk yon nou pòt ki rezistan a chòk, ki gen ladan pòt baskilant lan, ray pòt, materyèl, ak bite kont move tan ki akote ak anlè. Dispozitif otomatik pou ouvri pòt pakin lan pa elijib nan kad Pwogram lan.

## 8.3 Deranjman Penti ki a Baz Plon ak Rediksyon Dega

Kontraktè yo dwe asire egzijans minimòm ki annapre yo satisfè toutan:

1. Tout sit yo pwòp epi yo mete kouvèti pwotektè kote règleman aplikab yo egzije yo pandan renovasyon an, espesyalman kote aktivite deranjan penti yo ap fèt.

2. Tout travayè ki sou sit la yo dwe gen sètifikasyon apwopriye sou yo lè yo sou sit la.
3. Li obligatwa pou sètifika renovatè prensipal la sou sit la toutan depi nan kòmansman renovasyon an jiskaske yo fin retire tout plon an nèt.
4. Asire yo itilize teknik apwopriye lè y ap fè travay deranjman penti yo kòm sadwa.
5. Ominimòm, li obligatwa pou yo poste de atik ki annapre yo toutan kote nenpòt moun k ap apwoche nan sit la ak tout travayè yo ka wè yo byen klè jiskaske yo fin retire tout plon an nèt:
  - Pano afich avètisman RRP Ajans pou Pwoteksyon Anviwònmanal la (EPA) egzije yo an Anglè ak an Panyòl:



Egzanp Afich yo

- Pano afich avètisman sou plon Administrasyon Sekirite ak Sante nan Travay la (OSHA) egzije an Anglè ak an Panyòl:



Egzanp Afich yo

Si kondisyon sit la pa konfòm, y ap bay yon òdonans pou sispann travay yo jiskaske yo rezoud tout pwoblèm yo epi anplwaye pwogram lan verifye yo te rezoud yo. Dire tan pwojè a fè annatant lan pral konte lè y ap kalkile dire konstriksyon an epi y ap konsidere l kòm fòt kontraktè a. Y ap pran òdonans pou sispann tout travay la an konsiderasyon tou lè y ap detèmine afektasyon travay yo alavni ak patisipasyon yo nan pwojè alavni.

## 8.4 Enspeksyon Pwogrè Reparasyon ak Rekonstriksyon yo

Aprè yo fin fè 50% Bilan Travay la, kontraktè a pral avize HRRP epi l ap mande pou fè enspeksyon 50% aktivite konstriksyon yo fin fè yo. Manadjè Pwojè Pwogram lan pral fè enspeksyon 50% travay ki fèt la pou evalye pwogrè kontraktè a, konfime ke kòd oswa nòm konstriksyon lokal yo satisfè, epi verifiye ke aktivite konstriksyon yo te fèt annakò ak Bilan Travay la. Si yo pa reyisi enspeksyon an, Kontraktè a dwe korije nenpòt erè epi mande pou yo refè enspeksyon an. Pou kontraktè a ka mande pou yo fè enspeksyon 50% travay ki fini an, yo dwe satisfè kondisyon ki annapre la yo:

- Bilding lan dwe nan yon eta "sèche", sa vle di fenèt yo, pòt yo, twati a ak revètman yo dwe deja an plas, kidonk y ap ka anpeche dlo antre anndan kay la.
- Yo dwe deja fè enstalasyon plonbri brit yo.
- Yo dwe deja fè enstalasyon koneksyon elektrik brit yo, ki gen ladan men pa sèlman, enstalasyon bwatye priz yo, bwatye entèripte yo ak enstalasyon bwatye kou-sikwi a.
- Yo pral fè enspeksyon 50% travay la dapre Estimasyon Pòte Travay (SWE) DEO te bay la.

Lè yo fin pase enspeksyon an, ki gen ladan nenpòt otorizasyon anplis ki nesèsè, kontraktè a ka soumèt yon pakè fakti pou 50% travay la pou atik yo fin fè yo ak tout dokiman ki nesèsè yo. Lè yo fin fè revizyon pakè fakti pou 50% travay la epi li reyisi, yo pral bay kontraktè a peman mwens yon retni garanti k ap 10%. HRRP ak kontraktè a ka egzonere enspeksyon ak peman pou 50% travay la, alekri, selon chak ka patikilye. Egzanp kote yo ka egzonere enspeksyon ak peman pou 50% travay la, gen ladan, men pa sèlman:

- Rediksyon risk ki ka menase nòm enspeksyon yo pou bay yon anviwònman desan, sanite ak san danje.
- Pòte travay limite ki gen ladan prensipalman dega nan twati ak ti reparasyon piti yo.
- Efò pou akselere finisman pwojè a pou anpeche gen plis dega nan kay mèt pwopriyete a.

## 8.5 Enfòmasyon sou Enspeksyon ak Garanti pou Finisman Sibstansyèl

Yon fwa kontraktè a te fin fè tout aktivite konstriksyon ki dekri nan Bilan Travay la, kontraktè a pral mande yon Enspeksyon pou Finisman Sibstansyèl pou garanti yo tout travay yo te:

- Fin fèt nan fason satisfèzan annakò ak kòd ak nòm eta ak lokal apwopriye yo kòm sadwa,
- Tout fòs aplikasyon kòd konstriksyon ak enspektè tyès pati yo te aksepte travay la, epi
- Kay la satisfè tout Estanda Kalite Lojman HUD (HQS) yo jan yo preskri nan seksyon definisyon yo nan dokiman sa a.

Mèt pwopriyete a gen dwa pou l siyen Enspeksyon pou Finisman Sibstansyèl la; toutfwa, HRRP rezève dwa pou l egzonere siyati aplikan an si HRRP jije tout reparasyon yo te fin fèt epi aplikan an pran tan pou l siyen.

Pandan Enspeksyon pou Finisman Sibstansyèl la, Manadjè Pwojè DEO a ak kontraktè a pral elabore yon lis verifikasyon travay la ki gen ladan yon lis atik ak enstriksyon ekri, k ap konte rès travay nesèsè ki rete pou fini pwojè a. Lis verifikasyon travay la pral reprezante travay yo pa te fè nan fason satisfèzan yo ak/oswa travay ki rete pou fèt yo. Lè yo fin prepare lis verifikasyon travay la, yo p ap atann kontraktè a fè okenn lòt travay apa ankò. Si lis verifikasyon travay la gen plis pase dis atik, kontraktè a dwe jije li poko prè pou enspeksyon epi y ap bezwen refè enspeksyon an, kote yo pral prepare yon nouvo lis verifikasyon travay. Pou chak enspeksyon yo bezwen refè, y ap fè peye yon frè ki pa dwe plis pase \$225.

Kontraktè a dwe bay tout garanti yo avan enspektè a apwouve Enspeksyon pou Finisman Sibstansyèl la. Y ap fè foto pou yo ka dokimante travay la. Lè sa a, yo pral bay aplikan an manyèl enstriksyon yo ak enfòmasyon sou garanti yo. Dènye vizit sou sit la yo konfime ke yo fin fè tout travay yo nèt epi enspektè yo ak/oswa tyès pati ki fè respekte kòd bilding yo aksepte travay la, ki gen ladan tout atik ki nan lis verifikasyon travay la.

## 8.6 Enspeksyon yo Refè yo

Si HRRP remake gen okenn erè (yo) pandan enspeksyon yo, y ap fè kontraktè konstriksyon an konnen erè a (yo) epi y ap bay yon rapò ekri sou sa yo jwenn yo. Lè kontraktè konstriksyon an fin korije erè a (yo), kontraktè konstriksyon an ka mande pou yo refè enspeksyon an nan yon delè ki pa pita pase 48 èdtan apre demann lan. Y ap fè peye yon frè enspeksyon yo refè, nan yon montan ki pa plis pase \$225 pou chak enspeksyon yo refè, epi se kontraktè konstriksyon an k ap responsab pou peye frè sa a.

## 8.7 Òdonans Chanjman yo

Nan ka kote li nesèsè pou yo fè plis travay pou fè reparasyon yo oswa pou korije kondisyon enprevi oswa danjre yo, kontraktè a pral soumèt bay HRRP, yon Òdonans Chanjman k ap gen ladan deskripsyon tout detay travay ki bezwen fèt la, ki gen ladan kantite yo ak lokalite kote yo ye, pri travay sa a ap koute, ak kantite tan y ap bezwen pou fin fè travay sa a. Amwenske yo detèmine gen yon danje pou sante ak sekirite imedya ki egziste, yo pa dwe otorize fè okenn travay jiskaske HRRP bay akò yo alekri pou travay yo fèt. Y ap revize tout Òdonans Chanjman yo pou elijiblite ak pou si pri a rezonab jan yo preskri nan [2 CFR 200 Soupati E](#).

## 8.8 Metòd Peman/Fakti

Lè yo fin pase enspeksyon 50% an ak Enspeksyon pou Finisman Sibstansyèl la, ki gen ladan nenpòt otorizasyon anplis ki nesèsè, kontraktè a pral soumèt fakti apwopriye ak tout dokiman nesèsè yo bay HRRP kòm sadwa. Si kontraktè a gen kesyon oswa enkyetid konsènan fakti a, kontraktè a ka kontakte Manadjè Pwojè/Kontraktè Konstriksyon prensipal la pou kesyon yo.

Fakti yo dwe gen ladan nimewo kontra a, nimewo bon kòmand lan, ak Nimewo Idantifikasyon Federal apwopriye a (FEID). HRRP ka egzije kontraktè a pou l bay nenpòt lòt enfòmasyon ke eta a jije ki nesèsè pou verifike ke yo te achte pwodui ak rann sèvis yo nan kad kontra a.

Kontraktè a dwe ranpli enfòmasyon pou pri tout atik yo. Yo dwe soumèt tout demann peman pou sèvis yo oswa depans yo avèk ase detay ladan yo pou yon avan verifikasyon ak apre verifikasyon annakò ak sou-seksyon [287.058\(1\)\(a\)](#), [Lwa Florid yo](#).

## 8.9 Responsablite Aplikan an Pandan Konstriksyon an

HRRP p ap responsab pou byen aplikan an oswa lokatè a ka genyen ki pèdi oswa andomaje pandan konstriksyon an. Aplikan an dwe sekirize oswa demenaje tout byen pèsònèl li menm oswa lokatè li a genyen.

1. Lè yo fin siyen kontra a, aplikan an pral gen yon delè 30 jou kalandè pou yo fè lokatè yo kite pwopriyete a epi mete nenpòt byen pèsònèl presye yo genyen ki ka andomaje pandan konstriksyon an nan depo.
2. Aplikan an dwe fè aranjman pou kontraktè konstriksyon yo k ap bay sèvis konstriksyon yo jwenn aksè a pwopriyete a. Si yo pa bay yon kontraktè konstriksyon k ap tante fè efò bòn fwa pou l fè reparasyon nesèsè yo aksè rezonab epi atan, y ap retire aplikan an nan pwogram lan.

3. Aplikan an responsab pou sekirize tout byen ak zefè pèsonèl yo genyen yo. Se responsablite aplikan an pou l deplase, mete nan depo epi sekirize tout byen pèsonèl yo genyen yo.
4. Pandan konstriksyon an, aplikan an pa dwe entèfere nan zòn reparasyon yo epi yo dwe fè efò rezonab pou yo pa vini nan zòn konstriksyon an.
5. Yo dwe retire tout debri, veyikil yo, ak bilding abandone ki poze danje pou sekirite ak/oswa pwoteksyon jan jiridiksyon lokal la oswa moun ki kalifye pou fè detèminasyon sa a detèmine avan konstriksyon an kòmanse. Aplikan dwe retire byen pèsonèl degrade yo genyen yo.
6. Aplikan an dwe bay aksè a tout sèvis piblik yo genyen yo jan sa nesèsè pou kontraktè konstriksyon an itilize pandan konstriksyon an.

## 9.0 Apre Konstriksyon

---

### 9.1 Konfòmite pou Abòdabilite

Egzijans sa yo gen ladan:

1. Kenbe pwopriyete a kòm yon pwopriyete alwe alontèm, pa yon pwopriyete sezonye, oswa vakans.
  - Yo dwe kenbe ant youn ak kat pwopriyete alwe piti yo kòm inite abòdab alwe pou yon peryòd ennan ominimòm.
  - Pwopriyete miltifamilyal yo ki genyen senk inite oswa plis yo, dwe rete kòm inite abòdab alwe pou yon peryòd 15 zan ominimòm.
2. Lwe tout inite yo bay lokatè ki gen revni fwaye elijib yo (80% AMI an oswa mwens).
3. Fè peye lwaye nan nivo oswa mwens pase lwa lwaye HOME Chè yo preskri a, ominimòm.
4. Swiv pwosedi sètifikasyon revni ak pwosedi verifikasyon yo epi kenbe dosye sou revni tout lokatè yo.
5. Kenbe lis lwaye konplè ak presi.
6. Bay DEO yon rapò sou konfòmite anyèl pou demontre konfòmite ak akò sibvansyon an ak itilizasyon restriksyon ki gen sou pwopriyete a.
7. Lwe inite yo annakò ak Nòm Lojman Ekitab HUD yo.

### 9.2 Revizyon pou Fèmti

Lè yon fin peye kontraktè konstriksyon an tout peman yo, y ap vanse dosye a nan etap revizyon pou fèmti a. Revizyon pou Fèmti a se yon revizyon a plizyè volè ki lakoz yo fè yon verifikasyon dosye a okonplè, soti nan kòmansman rive nan fen an. Pwosesis verifikasyon an kòmanse onivo manadjè ka a, kote yo revize egzijans debaz konsènan dokimantasyon dosye a pou pwogram lan epi yo rasanble nenpòt lòt dokiman adisyonèl yo ka bezwen. Nan etap sa a, yo ap reverifye enfòmasyon sou Avantaj Doub aplikan an konparezon ak sous done federal yo pou detèmine si te gen nenpòt vèsman avantaj anplis ant pwen aplikan an te siyen akò prim lan ak lè konstriksyon an te fini an. Y ap dokimante si te gen yon chanjman ak montan nenpòt chanjman nan etap sa a.

Lè manadjè ka a fin fè premye revizyon soti nan kòmansman rive nan fen an, l ap voye dosye a bay ekip elijiblite ak DOB/VOB QA/QC a. Ekip Asirans/Kontwòl Kalite a (QA/QC) ka korije nenpòt pwoblèm ki gen nan dosye a, yo ka voye dosye a tounen bay jesyon ka pou yo travay sou li plis, oswa yo ka apwouve dosye a pou voye l bay DEO pou yo fè dènye revizyon ak apwobasyon.

Ekip revizyon elijiblite DEO a pral dènye pwen kontwòl nan wout pou fèmen dosye endividyèl yon aplikan. Ekip revizyon elijiblite DEO a pral revize konklizyon manadjè ka ak ekip Asirans/Kontwòl Kalite (QA/QC) nan nivo ki pi ba yo. DEO ka voye dosye a tounen pou yo travay sou li plis, yo ka voye dosye a pou sibstitisyon/rekipasyon, oswa yo aksepte dosye a pou fèmti.

Atik y ap revize pou fèmti onivo jesyon ka ak premye nivo Asirans/Kontwòl Kalite (QA/QC) yo gen ladan dokiman pou pwouve ke dosye aplikan an konplè, tankou:

1. Elijiblite aplikan an (revni, tit pwopriyete, moun k ap viv nan kay la, sitwayènte, elatriye.)
2. Elijiblite Pwopriyete a (lokalite, tip estrikti a, lyen dega ak ouragan, rès bezwen ki pa satisfè)
3. Sètifikasyon Aplikan a yo (sispann travay, depliyen sou plon, asirans inondasyon, sibstitisyon, fwòd, elatriye)
4. Revizyon Anviwònmanal Ajan Sètifikasyon an siyen
5. Egzijans anviwònmanal ki gen rapò ak konstriksyon yo (evalyasyon pou risk plon, netwayaj, elvasyon, istorik, elatriye)
6. Si gen lokatè, dokimantasyon lokatè a ak URA ki genyen an
7. Dokimantasyon Avantaj Doub yo
  - a. Reyevalyasyon DOB a si gen nouvo avantaj, make pou sibstitisyon
8. Mesaj yo voye bay aplikan an
9. Dokimantasyon aplikan an (dokiman ranfò, akò sibvansyon, elatriye)
10. Dokimantasyon konstriksyon (rapò enspeksyon, òdonans chanjman, si pri a rezonab, elatriye)

Atik y ap revize pou fèmti onivo DEO yo gen ladan dokiman pou pwouve, ominimòm:

1. Objektif Nasyonal
2. Aktivite Elijib
3. Verifikasyon konklizyon jesyon ka pou atik ki ekri anwo a yo
4. Verifikasyon ke yo te preleve peman diferans DOB yo avan finansman pwogram lan
5. Verifikasyon rekòmandasyon pou sibstitisyon yo
6. Kopi Dokiman Ôf yo
7. Kopi Kontra Konstriksyon an
8. Kopi Òdonans Chanjman yo
9. Prèv Dènye Peman pou Konstriksyon an
10. Pwosesis apèl rekou yo te swiv, si sa aplikab
11. Kopi nenpòt plent yo te resevwa ak rezilta

## 9.3 Sibstitisyon

Lè yon aplikan resevwa avantaj nan men sous asistans federal pou rekipasyon aprè katastwòf, òganizasyon san bi likratif yo oswa asirans yo apre yo te fin fè detèminasyon prim lan epi avan yo fèmen dosye reyevalyasyon DOB a, aplikan an ka dwe remèt pwogram lan fon sa yo. Y ap fè aplikan yo konnen sa a nan etap aplikasyon an, pa mwayen rapèl pwogram lan yo epi lè y ap aksepte prim lan kote yo egzekite akò sibvansyon an. Nan kad pwosesis akò sibvansyon an, aplikan yo ap siyen yon akò sibstitisyon tou.

Si pandan pwosesis revizyon pou fèmte a, reevalyasyon DOB a te jwenn ke yo te bay yon aplikan fon doub anplis, DEO pral fè aplikan an konnen kantite finansman doub la ye. Lèt sa a pral gen ladan demann pou peman fon yo ke yo dwe sibstitiye bay pwogram lan. Aplikan an dwe soumèt fon sa yo bay DEO pa mwayen chèk sètifye.

## 9.4 Rekiperasyon

DEO ka depanse fon yo nan pwojè aplikan an yo kote aplikan an pa te reyisi mentni konfòmite a politik ak pwosedi pwogram lan yo. Nan kèk ka, DEO ka an mezi pou l travay ak aplikan an pou yo fè aplikan retounen konfòm, men nan lòt ka, vyolasyon an pral lakoz diskalifikasyon. Si DEO ta depanse fon yo nan pwojè aplikan an ki vin pa konfòm lan, epi yo pa ka pran mezi korektiv, aplikan an ka bezwen ranbouse DEO finansman yo te depanse nan pwojè yo a. Yo rele sa a rekiperasyon finansman.

Yo pral jwenn pi gwo risk pou rekiperasyon nan pwojè reparasyon ak rekonstriksyon lojman alwe yo. Pwojè sa yo pral gen yon peryòd kontwòl pandan ennan apre konstriksyon an (1-4 inite yo) oswa yon peryòd konfòmite 15 zan (+ pase 5 inite yo). Yo dwe rezève pwopriyete a pou lokatè LMI yo epi yo dwe mete restriksyon sou lwaye yo selon to lwaye ki apwouve k ap prezève opsyon lojman nan pri abòdab yo. DEO pral kontwòle konfòmite pa mwayen lis lwaye yo, revizyon akò lwaye, ak lòt dokiman sipò ankò chak ane. Aplikan k ap lwe yo ap kontinye gen yon obligasyon pou yo respekte egzijans kontwòl yo epi satisfè egzijans konfòmite yo pandan peryòd sa a. Si yo pa reyisi lwe pwopriyete yo te ede a bay moun LMI yo nan to ki gen restriksyon an, sa pral lakoz yo rekipere montan total finansman DEO te bay pou konstriksyon pwojè a.



## **Appendix A: Plan Piblisite Favorab**

---

Pwogram lan pran angajman pou l fè vanse lojman ekitab nan fason favorab pa mwayen politik piblisite favorab y ap tabli yo. Efò piblisite favorab pou finansman pou rekiperasyon aprè katastwòf yo pral gen ladan efò ki annapre yo:

- A. Plan Piblisite Favorab sa a, ki baze sou règleman Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini an (HUD), dekri politik ak pwosedi pou aktivite lojman yo. Yo tabli pwosedi yo pou fè piblisite nan fason favorab pou inite y ap finanse pa mwayen pwogram lan. Pwosedi yo kouvri difizyon enfòmasyon, asistans teknik yo bay aplikan yo, jesyon pwojè a, egzijans rapò yo ak revizyon pwojè a.
- B. Objektif la se pou asire ke moun ki elijib yo ki soti nan tout gwoup ak popilasyon ke ras, etnisite, peyi orijin, relijyon, eta sivil, ankikape, "bezwen espesyal", sèks ki gen mwens chans aplike pou asistans yo gen opòtinite pou yo reyabilite pwopriyete alwe yo a, ki te sibi domaj akòz Ouragan Irma ak/oswa efè li kite dèyè yo.
- C. Annakò ak politik ak pwosedi piblisite favorab yo, y ap fè patisipan pwogram lan yo konnen opòtinite ki gen disponib yo ak egzijans sipò nesèsè yo pa mwayen konseye yo, materyèl enprime ak materyèl elektwonik, piblikasyon, kontak dirèk, atelye/seminè, ak pa mwayen depliyon/poste yo poste nan etablisman piblik yo.
- D. HRRP pral fè piblisite pa mwayen ògàn laprès ki disponib toupatou, yo pral pran mezi pou yo fè piblisite nan fason favorab pou pwogram CDBG-DR Rekonstwi Florid la nan fason ki annapre a:
  - Fè piblisite nan ògàn laprès yo k ap bay aksè inik a moun ke yo konsidere kòm manm yon klas pwoteje dapre Lwa sou Lojman Ekitab la.
  - Rive atenn òganizasyon piblik oswa òganizasyon san bi likratif yo epi òganize/patisipe nan rankont yo.
  - Lòt fòm sansibilizasyon adapte yo pou atenn popilasyon elijib la, ki gen ladan sansibilizasyon pòt an pòt, si sa nesèsè.
- E. Y ap ofri aplikasyon ak fòmilè yo an Anglè ak nan lòt lang anpil moun pale nan rejyon an. Anplis, yo pral fè tout efò pou ede aplikan ki pa Pale Anglè Byen yo pandan pwosesis aplikasyon an.
- F. Anplis de sa, y ap pran mezi pou rann pwogram lan aksesib pou moun ke yo konsidere kòm manm nan yon klas pwoteje dapre Lwa sou Lojman Ekitab la lè yo òganize rankont enfòmasyonèl yo nan bilding ki konfòm ak Lwa Anfavè Ameriken ki Gen Andikap yo (ADA), bay asistans langaj siy lè yo mande (avèk avi 3 jou davans), epi bay asistans espesyal pou moun ki pa wè byen yo lè yo mande (avèk avi 3 jou davans).
- G. Y ap kenbe dokimantasyon pou tout mezi piblisite yo te itilize yo, ki gen ladan kopi tout piblisite ak anons yo, epi mete yo disponib pou piblik lè yo mande.
- H. HRRP pral itilize anblèm Lojman Ekitab la nan materyèl piblisite pwogram lan yo, poste postè ak enfòmasyon ki gen rapò ak Lojman Ekitab, epi an jeneral, fè popilasyon an konnen dwa yo dapre règleman sou Lojman Ekitab yo.

## Appendix B: Pwosesis Apèl Rekou/Plent

Konfòmeman ak Plan Patipasyon Sitwayen 24 CFR 91 lan ak 24 CFR 570.486(a) (7) la, Pwogram Reparasyon ak Ranplasman Lojman an (HRRP) te devlope pwosesis pou fè apèl rekou enfòmèl ak pote plent nan DEO a. Atravè pwosesis apèl rekou enfòmèl la, aplikan yo gen yon mekanis pou yo mande pou yo fè yon revizyon ki pi apwofondi sou yon desizyon yo te pran sou dosye yo a. Yo pa ka fè apèl rekou pou konteste politik pwogram lan yo. Anplis de sa a, sitwayen yo gendwa depoze yon plent- swa fòmèl oswa enfòmèl- epi yo pral reponn yo nan yon delè 15 jou ouvrab.

Y ap enprime enfòmasyon konsènan dwa ak fason pou w ranpli yon demann rekonsiderasyon, yon apèl enfòmèl ak plent nan ajans lan nan tout direktiv ki sou sitwèb Rekonstwi Florid la, [www.rebuildflorida.gov](http://www.rebuildflorida.gov), nan tout lang lokal yo, jan sa apwopriye ak rezonab.

### **Apèl Rekou yo**

**Apèl Rekou Enfòmèl DEO yo:** Yo ka kontinye fè yon revizyon ki pi apwofondi sou desizyon HRRP a atravè pwosesis apèl rekou enfòmèl ajans lan. Yon pati konsène k ap mande pou DEO fè yon apèl rekou enfòmèl dwe depoze yon demann alekri pou apèl enfòmèl la nan yon delè 30 jou apati dat yo te pran desizyon rekonsiderasyon an oswa avi pou fè apèl rekou a. Nan yon apèl rekou enfòmèl, DEO pral mennen ankèt yo, jan sa nesèsè. Anplis, y ap fè yon odyans apèl rekou enfòmèl, jan sa nesèsè. Y ap fè odyans apèl rekou enfòmèl la nan telefòn ak tout pati konsènè yo pa mwayen yon konferans telefonik. Apre yo depoze demann pou yon apèl rekou enfòmèl nan DEO, evènman ki annapre la yo pral rive:

1. Y ap voye yon Avi pou Odyans pa lapòs k ap gen dat, lè ak enfòmasyon kontak pou odyans yo pwograme a.
2. Yon fwa yo fin fè odyans apèl la, y ap distribye desizyon yo pran sou rezilta a.

Sitwayen yo ka depoze yon apèl rekou enfòmèl atravè imèl Rekiperasyon Aprè Katastwòf la nan [CDBG-DRAppeals@deo.myflorida.com](mailto:CDBG-DRAppeals@deo.myflorida.com) oswa soumèt li pa lapòs nan adrès ki annapre a:

Attention: Office of Disaster Recovery, Special Deputy Myakka Slate  
Florida Department of Economic Opportunity  
Division of Community Development  
107 East Madison Street  
Tallahassee, FL 32399

**Apèl Fòmèl/Avi pou Dwa Dapèl Rekou Administratif yo:** Nenpòt moun ki gen enterè konsiderab ke detèminasyon DEO a te afekte gen opòtinite pou yo mande yon odyans administrativ nan Divizyon Odyans Administratif la konfòmeman ak seksyon 120.569 Lwa Florid la yo. Pou w konnen kontni obligatwa ki dwe nan yon rekèt pou w konteste aksyon ajans lan, refere a règ ki nan 28-106.104(2), 28-106.20(2), ak 28-106.301, Kòd Administratif Florid la.

Yo dwe depoze tout rekèt yo bay Anplwaye Administratif Ajans lan nan yon delè 30 jou kalandè apre yo resevwa detèminasyon sa a. Yo konsidere yon rekèt kòm depoze lè Anplwaye Administratif Ajans lan resevwa l nan adrès ki annapre a:

Agency Clerk, Department of Economic Opportunity  
Office of the General Counsel  
107 East Madison Street, MSC 110  
Tallahassee, Florida 32399-4128  
Faks: (850) 921-3230  
Imèl: [Agency.Clerk@deo.myflorida.com](mailto:Agency.Clerk@deo.myflorida.com)

Si yon aplikan depoze yon demann pou yon apèl enfòmèl nan DEO, y ap mete poz nan egzijans pou yo depoze yon rekèt nan yon delè apwopriye pou konteste mezi ajans lan pran jiskaske Depatman pran yon desizyon. Nan moman sa a, pral gen yon nouvo delè k ap kòmanse pou apèl rekou a. Okenn aplikan p ap pèdi dwa yo genyen dapre Chapit 120, Lwa Florid la yo, lè yo depoze yon demann pou yon apèl rekou enfòmèl.

### **Apèl Rekou yo nan kad Lwa sou Demenajman Inifòm lan (URA)**

Lokatè yo ka fè apèl rekou pou konteste nenpòt ka yo kwè ke HRRP pa te reyisi konsidere aplikasyon yo te depoze pou asistans lan kòm sadwa. Sa gen ladan, men pa sèlman, elijiblite lokatè a pou, oswa montan, yon peman obligatwa pou asistans demenajman. Lokatè a dwe fè apèl rekou pou konteste desizyon HRRP pran konsènan asistans demenajman yo a nan yon delè 30 jou apre yo resevwa yon detèminasyon alekri nan men HRRP ki dekri desizyon pwogram lan pa rapò ak elijiblite l pou avantaj oswa montan avantaj yo.

### **Plent yo**

Objektif Pwogram Reparasyon ak Ranplasman Lojman an (HRRP) se pou yo rezoud plent ak demann sitwayen yo nan yon fason ki alafwa sansib a preyokipasyon moun k ap pote plent yo epi pou yo atenn yon rezilta ki ekitab. HRRP pral trete tout plent sitwayen yo ak respè epi y ap reponn a plent ak demann yo nan yon delè 15 jou travay, kote sa pratik.

Enfòmasyon sou fason pou w depoze yon plent pral disponib sou sitwèb la, nan biwo pwogram lan yo, epi y ap gen ladan materyèl enprime yo.

### **Plent Sitwayen yo Pote**

Y ap rezoud tout plent yo ak tout demann yo avanse yo atravè anplwaye Sèvis Jesyon Elektè nan Biwo pou Rekipasyon Aprè Katastwòf la. Plent yo se nenpòt deklarasyon vèbal oswa ekri pou yon doleyans – ki gen ladan apèl nan telefòn yo, imèl, faks, oswa lèt ke eta, kontraktè li, ak/oswa lòt sous pwogram lan yo. Demann yo se demann pou enfòmasyon oswa asistans. Anplwaye Sèvis Jesyon Elektè a yo ap revize tout plent ak tout demann yo resevwa yo pou:

1. Ankèt, jan sa nesesè;
2. Rezolisyon; oswa
3. Mezi swivi yo.

Y ap mete chak plent ak demann nan sistèm kontwòl la. Anplwaye Sèvis Jesyon Elektè yo pral mentni dosye elektwonik yo ki gen ladan:

- Non moun ki pote plent lan ak yon enfòmasyon kontak.
- Dat yo te resevwa plent lan,
- Deskripsyon plent lan,
- Non chak moun yo te kontakte an relasyon ak plent lan,
- Yon rezime rezilta ak dat repons yo te bay pou plent lan,
- Eksplikasyon rezolisyon dosye a.

Anplwaye Sèvis Jesyon Elektè yo pral revize plent ak demann sa yo omwen chak mwa pou detèmine si gen yon tandans k ap devlope, si wi, detèmine si pwoblèm lan mande pou yo chanje politik oswa ofri plis fòmasyon.

Yo ka soumèt plent yo ak demann yo nan nenpòt nan fason ki annapre yo:

1. Dirèkteman bay DEO:
    - a. Sou entènèt lè yo vizite sitwèb Pwogram lan pou yo ranpli yon fòmilè elektwonik pou pote plent nan: [METE URL REKONSTWI FLORID LA LÈ DEO METE L DISPONIB]
    - b. Pa lapòs Etazini bay:
- Attention: Rebuild Florida Constituent Services  
Florida Department of Economic Opportunity  
107 East Madison Street, MSC 160  
Tallahassee, Florida 32399
- c. Pa imèl bay: [cdbg-dr@deo.myflorida.com](mailto:cdbg-dr@deo.myflorida.com)
2. Dirèkteman bay yon reprezantan onivo pwogram lan:
    - a. Lè w rele liy asistans Pwogram Rekonstwi Florid la nan 844-833-1010 pou resevwa asistans nan men yon Ajan Sant Dapèl la.
    - b. An pèsòn nan yon Sant Admisyon pou yo resevwa asistans nan men yon Espesyalis Admisyon

### **Plent sou Lojman Ekitab yo**

Y ap refere moun ki akize ke gen yon vyolasyon lwa sou lojman ekitab yo bay kontak lokal ak pwosesis DEO a pou yo depoze yon plent. DEO pral kenbe yon lis ak dosye ki gen tout demann, akizasyon, plent ak referans ki gen rapò ak lojman ekitab yo. Anplis de sa, DEO pral rapòte non-konfòmite yo sispèk yo bay HUD. Kontak pou Plent sou Lojman Ekitab yo se:

[FairHousing@deo.myflorida.com](mailto:FairHousing@deo.myflorida.com)

Telefòn: 850-717-8426

### **Fwòd Kontraktyèl**

Si nenpòt kontraktè konstriksyon oswa nenpòt lòt moun kontakte yon aplikan dirèkteman avèk yon reklamasyon fwodilez kote l pretann li asosye ak pwogram Rekonstwi Florid la, aplikan an pa dwe bay okenn enfòmasyon ki ka idantifye l. Reprezantan Rekonstwi Florid la yo pral gen badj ofisyèl yo k ap gen foto yo ak non yo, epi aplikan yo pral resevwa kominikasyon ofisyèl Rekonstwi Florid ap voye ba yo avan nenpòt moun vini lakay yo. Si yon enspektè oswa yon kontraktè rive nan adrès aplikan an sanzatann, aplikan an dwe kontakte Pwogram lan imedyatman lè l rele nan 844-833-1010.

Anplis de kontakte pwogram Rekonstwi Florid la, y ap ankouraje aplikan an pou yo kontakte Biwo Pwokirè Jeneral la dirèkteman konsènan fwòd kontraktè a nan youn nan opsyon ki annapre yo:

1. Rele 1 (866) 9NO-SCAM (866-966-7226) oswa;
2. Soumèt yon plent fwòd kontraktèl pa mwayen elektwonik sou MyFloridaLegal.com, lè yo klike sou "General Complaints" (Plent Jeneral yo) sou paj dakèy la epi swiv enstriksyon yo.

## Appendix C: Lis Verifikasyon Evalyasyon Dega

Applicant ID:		Company: // Assessor Name:		QC Reviewer:	
DEO Reviewer:				PASS / KICK BACK	
				PASS	
Structure Type	SINGLE				
CRE AMOUNT \$	0.00			SWE AMOUNT \$	0.00
<b>INSURED INFO/PARAMETERS</b>		<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	Comment	
Correct Name		<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>		
Correct Address		<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>		
Applicant ID		<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>		
Correct Pricelist		<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>		
Correct Tax Rate		<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>		
Date of Loss		<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>		
Date Inspected		<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>		
Inspector Name		<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>		
Correct Type of Loss		<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>		
<b>Documents</b>		<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	Comment	
Correct naming conventions used?		<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
SWE File Present?		<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
Value of SWE displayed matches SWE PDF?		<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
CRE File Present?		<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
Value of CRE displayed matches CRE PDF?		<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
RSWE File Present?		<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
Value displayed matches RSWE File Present?		<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
Mobile Home File Present?		<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
Value of MH file displayed matches MH PDF?		<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
RVR File Present?		<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
Value of RVR displayed matches RVR PDF?		<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
<b>Line Items</b>		<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	Comment	
SWE eligible line items present?		<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
Correct quantities for scope of work?		<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
Damage Narrative Present?		<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
<b>XACTIMATE SKETCH</b>		<input checked="" type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	Comment	
Is Sketch Present?		<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
Living Square Footage displayed in system?		<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
Correct Sketch for structure type (ex: MH, UTE)?		<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
Sketch matches home?		<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
<b>Additional Possible Scope</b>		<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	Comment	
Applicable Environmental Scope Present?		<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
Applicable Lead Mitigation Scope Present?		<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
Applicable Elevation Scope Present?		<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
Applicable Structural Scope Present?		<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
<b>HEADER INFO</b>		<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	Comment	
Correct Coverages (CRE & SWE)?		<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
<b>Scope item concerns / ROOMS</b>		<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>

## Appendix D: Metodoloji Aplikasyon Pilòt la

### **Objektif**

Aplikasyon Pilòt la se yon modèl pou idantifye yon kòwòt aplikan nan chak zòn ki te afekte ke yo ka obsève delibereman pa mwayen pwosesis konplè HRRP a pou yo idantifye ak rezoud pwoblèm yo avan pifò aplikan yo antre nan pwosesis konplè a. Obsèvan etwat kòwòt pilòt la vize teste premye konsepsyon pwosesis la epi pwodui desizyon enfòmè pou amelyore efikasite pandan rès popilasyon aplikan an antre nan dewoulman travay la.

Aplikasyon Pilòt la vize teste tou yon lòt metodoloji travay an menm tan ke yo konnen ki ka akselere tretman aplikan an, men ki ka gen depans adisyonèl. Y ap trete kòwòt pilòt la an menm tan pou aplikasyon, elijiblite, evalyasyon dega ak revizyon anviwòmantal la avan etap fezabilite, avantaj doub ak atribisyon sibvansyon yo. Y ap otorize pwosesis tretman anmenmtan pou travay sa yo kòm pri reyalyasyon aktivite pou gwoup pilòt la.

Pwosesis siveyans doub sa a k ap lakoz yo idantifye aplikasyon yo swa kòm eleman Aplikasyon Pilòt oswa aplikasyon ki pa pilòt pral kontribiye nan kapasite DEO pou l teste pwogram lan nan tan reyèl. Kòwòt pilòt yo idantifye a p ap gen okenn efè sou pwogrè lòt aplikan yo pandan pwosesis la. Y ap ka abòde ak rezoud nenpòt pwoblèm ke DEO jwenn pou yo asire tretman pifò aplikasyon yo, aplikasyon ki gen difikilte mwayèn ak sila ki pi konplike yo byen fèt.

Y ap trete aplikan ki pa nan gwoup pilòt la yo pandan dosye Aplikasyon Pilòt yo ap avanse nan sistèm lan anmenmtan tou. Toutfwa, aplikan ki pa nan gwoup pilòt la yo pral swiv pakou pwosesis lineyè a ki mande pou yo fin ranpli aplikasyon an avan premye revizyon elijiblite a, otorizasyon revizyon elijiblite a avan evalyasyon dega yo, otorizasyon evalyasyon dega yo avan revizyon anviwòmantal la, otorizasyon revizyon anviwòmantal la avan fezabilite, avantaj doub ak atribisyon sibvansyon an.

Pwogram pilòt la vize kalibre avantaj yo epi risk ki asosye ak yon lòt metòd tretman an menm tan. Li pral sipòte yon analiz sou si se modèl lineyè a ki pi konsèvatè a, lòt modèl y ap eseye an menm tan, oswa yon melanj ant de pwosesis yo ki pral ofri pi bon rezilta pou Depatman Opòtinite Ekonomik lan (DEO) ak sitwayen nou yo Irma te afekte yo.

### **Chwa Aplikasyon Pilòt la**

Soti 4 janvyè rive 11 janvyè 2019, anplwaye pwogram HRRP yo te analize enfòmasyon moun ki enskri yo ak aplikan yo pou idantifye yon premye gwoup aplikan pou kòwòt pilòt la. Te gen 5 888 moun ki te enskri pou lye Faz la, yo te kòmanse 1 745 aplikasyon epi yo te fin ranpli 599 aplikasyon ki disponib pou yo chwazi yo nan kòwòt pilòt la. Objektif inisyal la te pou idantifye 10-20 aplikan nan chak kominote MID orijinal HUD deziyen epi ofinal yo te chwazi 415 aplikan.

Kondisyon ak sipozisyon tabli yo ki fondamantal pou tès premye kòwòt la:

- 1) Yo envite sèlman moun ki te enskri nan lye Faz la pou yo aplike.
- 2) Moun ki enskri ki motive yo pral ranpli aplikasyon yo bonè
- 3) VOAD yo idantifye onivo lokal yo pral ede aplikan yo akselere finisman yo
- 4) Aplikasyon yo dwe konplè nan egzijans aplikan yo

Kritè pou depistaj kòwòt la nan aplikasyon ki ranpli yo:

- 1) Yo dwe soti nan 10 konte oswa 4 Kòd Postal orijinal yo (Monroe, Miami-Dade, Duval, Lee, Polk, Collier, Brevard Broward, Orange ak Volusia counties; kòd postal 32068, 34266, 32136, ak 32091 (Tier 1 ERR konplè)
- 2) Avantaj asirans \$0, FEMA \$1-15000, SBA \$0, NFIP \$0
- 3) Yo pa dwe sitiye nan plèn inondab
- 4) Kay yo te konstwi apre 1978
- 5) Pa gen Lèt Dega Sibstansyèl/Pa gen lèt kondanasyon (ajoute nan seksyon dega aplikasyon an)
- 6) Pwogram reparasyon an

Nan dat 11 janvyè 2019, DEO te agrandi kritè kòwòt pilòt la yo pou teste kapasite pou motive aplikan yo ki te kòmanse, men ki poko fin ranpli aplikasyon yo epi ki gen ladan aplikan yo ki nan Konte Monroe, ki se yon plèn inondab yo deziyen. Nan moman sa a te gen 5 989 enskripsyon 1ye Faz, yo te kòmanse 1904 aplikasyon epi yo te fin ranpli 770 aplikasyon. Yo te ajoute 200 aplikan anplis ki te satisfè kritè sa a nan kòwòt la pou teste si pwosesis aplikasyon, elijiblite, evalyasyon dega ak revizyon anviwònmanal la fèt an menm tan.

Sèl kritè depistaj y ap itilize pou kòwòt pilòt la se sila yo ki nan lis anwo a. Yo pa te itilize okenn lòt karakteristik pwopriyete a oswa aplikan an pou depistaj nan kad seleksyon pilòt la. Yo te chwazi ID moun ki enskri/aplikan yo owaza depi yo te satisfè kritè yo dekri anwo yo.

### **Kalandriye Aplikasyon Pilòt la**

Finisman sibstansyèl revizyon anviwònmanal aplikasyon gwoup pilòt la ak soumisyon dokiman revizyon an bay Depatman Opòtinite Ekonomik lan ap defini delè pwojè Aplikasyon Pilòt la. Li te kòmanse 14 janvyè 2019 epi li te fini 5 avril 2019.

### **Rezilta Aplikasyon Pilòt la**

Tablo ki annapre yo montre popilasyon pilòt la ak popilasyon ki pa pilòt la apati dat 5 avril. Yon konparezon ant toude tablo yo demontre byen klè ke lè yo kontinye trete aplikasyon ki pa pilòt yo pou revizyon elijiblite inisyèl an menm tan ak aplikasyon pilòt yo gen rezilta 99,3% aplikasyon ki pa pilòt ki konplete ke yo te trete atravè etap sa a an menm tan ke 100% aplikasyon pilòt yo te atenn estati sa a.

**Tablo 1:** Eitati Aplikan Pilòt apati dat 5 avril 2019.

Travay	Fini
1ye Faz Enskripsyon yo (Nan Pilòt)	415
Aplikasyon yo Kòmanse	369
Aplikasyon yo Fin Ranpli	327
Retire	38
Aplikasyon yo Pa Fin Ranpli	50
Revizyon Elijiblite Inisyal Konplete	354
Inelijib	4
Dokiman Annatant	257
Yo Verifye ki Konplè	93
Retire	0
Evalyasyon Dega yo Òdone	415
Evalyasyon Dega Konplete	369
Revizyon Anviwònmantal yo Òdone	415
Revizyon Anviwònmantal yo Soumèt bay DEO	339
DOB Konplè	154
Eitati Tretman Prim lan	10
Avi Detèminasyon Avantaj la	3
Kontra yo Angaje	0
Kalkil ak Avi Prim lan	0
NTP Konstriksyon yo Bay	0
Konstriksyon ki Fini	0
Fèmti	0

**Tablo 2:** Eitati Popilasyon Konplè apati dat 5 avril 2019.

Travay	Fini
1ye Faz Enskripsyon yo	8 656
Aplikasyon yo Kòmanse	3 097
Aplikasyon yo Fin Ranpli	2 267
Retire	38
Revizyon Elijiblite Inisyal Konplete	2 251
Inelijib	41
Dokiman Annatant	1628
Yo Verifye ki Konplè	581
Retire	1
Evalyasyon Dega yo Òdone	563
Evalyasyon Dega Konplete	490
Revizyon Anviwònmantal yo Òdone	415
Revizyon Anviwònmantal yo Soumèt bay DEO	339
DOB Konplè	154
Eitati Tretman Prim lan	10
Avi Detèminasyon Avantaj la	3
Kontra yo Angaje	0
Kalkil ak Avi Prim lan	0
NTP Konstriksyon yo Bay	0
Konstriksyon ki Fini	0
Fèmti	0



Dènye kantite aplikan ki rete nan pwogram pilòt la apati dat 5 avril la te 369. Tout 369 aplikan sa yo k ap patisipe a te gen evalyasyon dega ak revizyon anviwònmantal fèt pou yo soumèt bay DEO. Pami 369 aplikan sa yo, 45 toujou bezwen ranpli aplikasyon an epi 257 bezwen dokiman anplis.

Finisman an mwayèn pou evalyasyon dega ansanm ak revizyon anviwònmantal la te 15 jou ak 45 jou respektivman. Sa a reprezante kalkil bri ki gen ladan reta pwogramasyon ak aplikan yo. Lè yo retire reta pwogramasyon yo (tan ki nesèsè pou kontakte aplikan an, tan aplikan an te bezwen avan randevou a) epi yo evalye tan nè pou chak travay, evalyasyon dega yo te fèt nan lespas sèt jou epi revizyon anviwònmantal yo te fèt nan lespas 25 jou<sup>1</sup> apati dat revizyon aplikan an.

Pwosesis pilòt la te montre ke aplikan ki pa te ranpli aplikasyon yo te gen tandans ranpli aplikasyon yo lè yo te pwograme enspeksyon evalyasyon dega ak revizyon anviwònmantal yo, sa ki te mentni angajman aplikan yo. Lè yo fè pwosesis sa yo an menm tan an, tan tretman total pou rive nan revizyon anviwònmantal la gen yon mwayèn brit 45 jou pou ale nan pwochen etap DOB ak fezabilite a. Toutfwa, finisman aplikasyon an te kontrarye akoz bezwen pou dokiman adisyonèl.

Pwosesis elijiblite, detèminasyon avantaj, kalkil prim, ak pwosesis avi yo te demontre ke yo se pwosesis ki relativman rapid, kote chak pran anviwon yon jou pou yo fè yo. Menm jan tou, pwosesis angajman te pwouve efikas avèk delè repons angajman yon kontraktè ki te jis 10 jou.

Aplikan yo k ap vanse atravè pwosesis lineyè a yo te gen yon to finisman ki prèske menm pou evalyasyon dega avèk yon mwayèn nè sèt jou soti nan enspeksyon rive nan finisman travay sa a, men kowòdinasyon pwogramasyon pou etap sa a rete koyeran ak aplikasyon pilòt yo, sa ki lakoz yon delè bri ki 15 jou. Verifikasyon ki nesèsè nan pwosesis lineyè a, avan òdonans yon revizyon anviwònmantal an mwayèn pran 10 jou. Baze sou enfòmasyon sa a, ki toujou limite nan moman an, pwosesis lineyè ap pran 75 jou an mwayèn soti nan ranpli aplikasyon rive nan soumèt revizyon anviwònmantal la, yon ogmantasyon 30 jou anplis pase gwoup pilòt la. Rès pwosesis la egzakteman menm jan pou gwoup ki pa nan pilòt la ak gwoup pilòt la epi kidonk yo prevwa y ap bay prèske menm rezilta ak aplikasyon pilòt yo te vanse atravè pwosesis sa yo.

---

<sup>1</sup> Kenz jou se tan nè an mwayèn yo atenn pou aplikan ki pa te bezwen kowòdinasyon avèk Biwo pou Prezèvasyon Istorik Eta a (SHPO). Mwayè pou sila ki mande pou gen kowòdinasyon ak SHPO yo te 45 jou, ki te gen ladan preparasyon dosye a pou kowòdinasyon ak delè repons 30 SHPO a.